

# MANGSA PENTAKOSTA DADOS JURU WARTANING KATRESNANIPUN ALLAH



**LEMBAGA PEMBINAAN DAN PENGADERAN**

SINODE GEREJA-GEREJA KRISTEN JAWA DAN GEREJA KRISTEN INDONESIA SINODE WILAYAH JAWA TENGAH

Samironobaru 77 kompleks LPPS  
Yogyakarta 55281

**2018**

Mangsa Péntakosta 2018

Téma:

**(DADOS JURU WARTANING KATRESTANIPUN  
ALLAH)**

Kaimpun déning:

Lembaga Pembinaan dan Pengaderan  
Sinode Gereja Kristen Jawa dan Gereja Kristen Indonesia  
Jawa Tengah

Telepon: 0274 514721

Fax: 0274 543001

Kanggé nggantos cap-capan (dèrèng kalebet ongkos ngintun)  
saben buku Rp. .....



---

## ATUR SAPALA

---

Pakaryanipun Roh Suci nuwuhaken wontenipun gréja. Punika ingkang dipun sekseaken Kitab Suci lumantar cariyos Pentékosta. Pakaryanipun Roh Suci ugi nuntun gréja saha umatipun dados Juru Wartaning Katresnanipun Allah ing mangsa samangké.

Bab timbalan martosaken kasebat dados sangsaya wigatos awit jagad saya dangu saya kécalan katresnan. Ananging éman déné gréja asring malah dèrèng saged dados juru warta kasebat. Suwalikipun gréja malah asring nampi sacara wantah punapa ingkang dipun wartosaken jagad. Punika ingkang ndadosaken gréja kécalan kasagedan dados juru warta ing mangsa samangké. Gréja dados namung répot ngurusi dhirinipun piyambak. Malah ugi wonten gréja ingkang sami regejegan piyambak. Punika saèstu dados pawartos ingkang awon tumraping jagad. „Greja dados mboten nggadhahi teges saha pigunanipun“, mekaten Pdt. Eka Darmaputra naté ngandika.

Ing mangsa Pentékosta samangké, LPP Sinode ngajak dhateng gréja-gréja supados ngèngeti malih dhateng hakékat wontenipun gréja ing satengah-tengahing jagad. Hakékat kasebat kapratélaaken lumantar jejer mangsa raya Pentékosta 2018: “Dados Juru Wartaning Katresnanipun Allah“. Jejer kasebat temtu ngèngetaken kita dhateng pangandikanipun Gusti Yésus, „Nanging kowé bakal padha tampa kasektèn, samangsa Sang Roh Suci wus nedhaki marang kowé kabèh

sarta kowé kabèh bakal padha dadi seksiKu ana ing Yérusalem lan ing satanah Yudéa kabèh sarta ing tanah Samaria tuwin tumeka ing pungkasaning bumi.“ (Lelakoné Para Rasul 1:8). Kasekten dados juru warta sampun kaparingaken Gusti dhateng kita gréja kagunganipun. Pitakènanipun: „Punapa kita setya tuhu nindaaken tugas timbalan kasebat?“

Bahan-bahan ing buku punika kadamel kanthi ancas mbiyantu gréja supados sami saged ngraos-raosaken malih hakékatipun minangka juru warta katresnanipun Allah. LPP Sinode saèstu ngaturaken agenging panuwun dhumateng para kanca tunggil paladosan ingkang sampun sesarengan ngrembag jejer kasebat saha ndamel sapérangan bahan. Sadaya punika saèstu ndadosaken gesangipun gréja sangsaya grengseng. Atur panuwun kula aturaken dhumateng:

1. Pdt. Elia Dwi Prasetya (Bidang PWG Bapelsin XXVII GKJ)
2. Vic. Risang Anggoro Elliarso (GKJ Condongcatur)
3. Pdt. Elizabeth Emilia Putri (GKJ Rewulu)
4. Pdt. Hesty Murwasari (GKJ Rewulu)
5. Pdt. Hendrikus A. Raharjo (DPG GKI SW Jateng)
6. Pdt. Em. Darsono Eko Nogeroho

Kados ingkang sampun kabiwara, Bp. Pdt. Em. Darsono Eko Noegroho kasebat kanca tunggil paladosan saha méntor kawula ing LPP Sinode, ingkang samangké sampun èmèritus lan lenggah ing griya èmèritisipun. Ananging kasedyanipun tansah njangkepi umat lumantar bahan ingkang dipun serat saha pambiyantunipun mertal sawetawis bahan saèstu dados daya ingkang mirungga kanggé mujudaken pakaryan adi wonten ing LPP Sinode. Atur panuwun ugi kawula aturaken dhumateng Ibu. Pdt. Em. Widdwissioelli (LPP Sinode) saha Pdt. Tanto Kristiyono (GKJ Margoyudan) ingkang ugi sampun mbiyantu mertal sapéranganing bahan ing buku punika.

Kados buku-buku sadèrèngipun, kawula ugi mrayogèaken supados sintena kémawon ingkang migunaaken buku punika kaaturan maos “Bahan Dhasar” (ingkang wonten ing buku Basa Indonésia) langkung rumiyin supados saged nggadhahi cakrawala ingkang wetah bab isining buku punika, satemah

saged langkung gampil anggènipun ngginaaken bahan-bahan ing salebetipun.

Ing buku punika kawula ugi nyawisaken bahan Pakempalan Pandonga 10 cacahipun, ingkang prayogi dipun ginaaken 10 dinten sadèrèngipun dinten Pentékosta, kados tradisi gréja ingkang kita warisi saking pasamuwan wiwitan. Mugi-mugi bahan kasebat saged dipun pigunaaken kanthi prayogi.

Kawula ugi nggadhahi pangajab supados bahan-bahan ing buku punika saèstu saged mbiyantu gréja anggènipun nyamektaaken riyaya Pentékosta kanthi langkung prayogi. Temtu kémawon bahan-bahan punika prelu dipun olah malih miturut ing kawontenaning pasamuwan piyambak-piyambak. Matur nuwun.

Wilujeng dados Juru Wartaning Katresnanipun Allah!

Pungkasaning Maret 2018

Salam saha pandonga kawula,

PPP LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng,

- Pdt. Wisnu Saptro Nugroho
- Pdt. Addi Soselia Patriabara
- Pdt. Murtini Hehanussa



## DHAPTOR ISI

- i Atur Sapala
- v Dhaptar Isi

### Bahan Khotbah

- 1. Minggu Paska VI,
- 7. Mékradipun Gusti Yésus,
- 15. Minggu Paska VII,
- 21. Riyaya Péntakosta,
- 27. Minggu Trinitas,

### Bahan Tata Pangabekti

- 33. Minggu Paska VI,
- 43. Mékradipun Gusti Yésus,
- 51. Minggu Paska VII,
- 59. Riyaya Péntakosta,
- 69. Minggu Trinitas,

### Bahan Panyuraos Kitab Suci

- 79. Adiyuswa – Mékradipun Gusti Yésus
- 85. Adiyuswa – Péntakosta

### Bahan Pakempalan Pandonga

- 91. Pakempalan Pandonga 1
- 95. Pakempalan Pandonga 2
- 99. Pakempalan Pandonga 3
- 103. Pakempalan Pandonga 4
- 109. Pakempalan Pandonga 5
- 115. Pakempalan Pandonga 6
- 121. Pakempalan Pandonga 7
- 127. Pakempalan Pandonga 8
- 131. Pakempalan Pandonga 9
- 137. Pakempalan Pandonga 10



---

## **BAHAN KHOTBAH**

---



---

**Bahan ingkang sampun  
kacawisaken punika  
saged dipun olah  
jumbuh kaliyan  
kawontenan piyambak-  
piyambak**

---



# PASKA VI



## Bahan Khotbah Paska VI

### **GUSTI ALLAH MBOTEN NATÉ SALAH PILIH**

Minggu, 6 Mei 2018

#### **DHAPTOR WAOSAN**

- |              |   |                     |
|--------------|---|---------------------|
| Waosan 1     | : | Para Rasul 10:44-48 |
| Tanggapan    | : | Mazmur 98           |
| Waosan 2     | : | 1 Yohanes 5:1-6     |
| Waosan Injil | : | Yohanes 15:9-17     |

#### **KHOTBAH JANGKEP**

#### **Gusti Allah mBoten Naté Salah Pilih**

Tumrap prastawa-prastawa ingkang dumados ing kiwa tengen kita, kadhangkala tuwuhan pitakènan, “Apa ora klèru kuwi, kog Gusti Allah miji wong iku dadi Kristen kamangka wongé kasar lan kodo kaya ngono... Waah ... sajané aku luwih nresnani kekasihku sing mbiyen ... E... kog ya ujug-ujug malah ningkah karo bojoku sing saiki... Kenaapa Gusti Allah kog miji kanggo aku bojo sing kaya ngéné...?”

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, Gesang punika satunggaling wewadi! Kalebet ugi ing babagan pepilihaning Allah wonten ing gesang kita. Wewadining pepilihan kasebat kadhangkala nuwuhaken pitakènan ing manah kita amargi wontenipun bab-bab ingkang miturut kita

mboten kados limrahipun, mboten pinanggih ing nalar. Kita malah kadhangkala ugi lajeng nglepataken Gusti. Kadhangkala ugi tuwuhan panggugat wonten ing manah kita awit panganggep kita bilih Gusti Allah sampaun klèntu miji. Pitakènanipun, punapa panganggep kita kasebat leres? Punapa Gusti Allah saèstu klèntu miji? Utawi punapa sejatosipun kita ingkang klèntu pamanggih amargi kita dèrèng saged nyelami punapa ingkang dipun galih déning Gusti Allah?

Samangké lumantar waosan-waosan Kitab Suci ing Minggu Paska kaping 6, kita kaatag supados migatosaken waosan kasebat ingkang saged mbiyantu kita mangertosi bilih Allah mboten naté klèntu anggènipun miji samukawis. Allah pirsa èstu kénging punapa Panjenenganipun miji satunggalings tiyang, punapa ancas tujuanipun, lan sapatunggilanipun. Sadaya ingkang dipun piji saha dipun tindakaken namung tumuju kanggé kasaénanipun sadaya titah. Panjenenganipun ngersaaken supados sadaya manungsa (saking bangsa pundia kémawon) saged wangslu malih dhateng gambar dhiri wiwitan. Inggih punika gambar dhiri ingkang kaparingaken nalikaning Allah nitahaken manungsa sarta jagad saisinipun.

Para Sadhèrèk ingkang kinasih,

Bab karsanipun Allah ingkang mardika “miji” punapa kémawon saged kita pangihaken wonten ing cariyos baptisanipun Kornèlius saha brayatipun. Lelakoné Para Rasul 10 nyariyosaken kados pundi Kornèlius saha brayatipun dipun piji Gusti dados pandhèrèkipun. Tiyang-tiyang punika dipun baptis déning Rasul Pétrus ingkang sadèrèngipun dipunparangi wahyu déning Gusti supados mboten najis nganggep tiyang-tiyang kasebat. Tiyang-tiyang kasebat sanadyan sanès saking umat Israèl (umat pepilihanipun Allah), ananging tiyang-tiyang kasebat ugi dipun piji déning Allah dados umat-Ipun, dipun kasih saha dipun wilujengaken. Pepilihanipun Allah kasebat èstu mboten naté dipun kinten déning tiyang-tiyang Yahudi Kristen nalika semanten ingkang rumaos bilih namung piyambakipun ingkang dados umat pepilihanipun Allah.

Bukti bilih Kornèlius saha brayatipun èstu-èstu dipun piji Allah saged kita panggihaken wonten ing Lelakoné Para Rasul 10:44-45: "... kabèh wong kang ngrungokaké pangandika padha katedhakan ing Roh Suci. Kabèh wong pracaya saka golongan tetakan kang ndhèrèkaké Rasul Pétrus, padha kaéraman, jalaran padha sumurup, yèn peparing Roh Suci iku uga kaganjaraké marang bangsa-bangsa liya". Pramila punika Rasul Pétrus lajeng ngandika, "Apa ana wong kang bisa ngalang-alangi wong-wong iki padha dibaptisi nganggo banyu, wong wis padha tampa Roh Suci kayadéné kita?" (ayat 37). Salajengipun Rasul Pétrus mbaptisi tiyang-tiyang kasebat.

Saking cariyo punika kita kaatag supados mbikak pangertosan kita bilih Gusti Allah mboten naté nutup korining katresnanipun dhumateng sintena kémawon. Sadaya punika kalampaha awit Gusti Allah piyambak ingkang nitahaken sadaya manungsa. Panjenengangipun mboten badhé klèntu miji bab kasebat! Punapa ingkang dipun tindakaken Gusti Allah punika mugi mbereg kita ugi supados tansah purun mbikak korining katresnan kita dhumateng sintena kémawon, saha supados kita mboten rumaos paling suci lan paling leres awit dados umatipun Allah.

Malah kanthi sesebatan "umat pilihanipun Allah" kasebat, kita sadaya (punapa kémawon kawontenan, kalenggahan saha status kita) kaatag ngraos-raosaken bilih kita punika miyos saking Gusti Allah (1 Yohanes 5:1-4). Kita dipun piji déning Allah! (Yohanes 15:16a). Kasagedan kita nélakaken pangaken pitados kita bilih Gusti Yésus punika Sang Kristus ugi awit kita miyos saking Allah. Kayakinan iman kados mekaten punika ingkang nyagedaken kita ngawonaken "jagad", inggih punika sadaya tumindak awon saha godhanipun. Kayakinan iman ingkang kados mekaten ugi ingkang nyagedaken kita nindakaken sadaya pepakènipun Allah, kalebet ing bab katresnan ing gesang padintenan. Sumangga kanthi katresnan kita ngawonaken jagad ingkang kebak ing tumindak awon, ing raos nyenyengit, ing kadursilan saha ingkang namung mentingaken dhiri piyambak.

Injil Yohanes 15:16b-17 nélakaken, “Sarta Aku wus netepaké, supaya kowé padha lunga lan metokaké woh lan wohmu iku lestaria... Salajengipun dipun téjakken, “... dimèn kowé padha kajurungana apa kang koksuwun marang Sang Rama atas jeneng-Ku. Iki pepakon-Ku marang kowé: Padha tresna-tinresnanana.”

Kanthy ayat kasebat kita sangsaya dipun santosakaken bilih sejatosipun pepakèn-pepakènipun Gusti punika mboten awrat tumraping kita (1 Yoh. 5:3b). Mboten awrat awit tansah wonten panguwaosipun Gusti Allah ingkang sumadiya mitulungi kita nalikanipun kita kepéngin nindakaken dhawuh-Ipun. Gusti badhé maringaken punapa kémawon ingkang kita suwun uger punapa ingkang kita suwun punika wonten sesambetanipun kaliyan anggèn kita ngamalaken katresnan ingkang tansah kita upadi ing gesang padintenan.

Saklajengipun ingkang prelu tansah kita raos-raosaken secara pribadi inggih punika “Gusti kagungan ancas tujuwan punapa kog miji kita wonten ing satengahing brayat kita, pasamuwan saha masyarakat bangsa kita ingkang sami nggadhahi pepinginan, pangajeng-ajeng malah wonten ingkang béda kayakinan kaliyan kita?”

Injil Yohanes 15:9-17 ngèngetaken kita bilih kita sampun dipun piiji Gusti supados kita (1) dados tiyang-tiyang ingkang dipun kasihi déning Gusti; (2) dados tiyang-tiyang ingkang dipun éwahi statusipun saking abdi dados mitranipun Gusti; (3) supados kita tetep dumunung wonten ing katresnanipun Gusti; (4) supados kita sami medal saha metokaken woh ingkang ajeg. Menawi Gusti miji kita kados mekaten, pitakènanipun, punapa ingkang badhé kita tindakaken? Punapa kita purun ndadosaken tiyang-tiyang ing kiwa tengen kita (semah, laré, tiyangsepuh, tanggi tepalih, kanca sakpadamelan, kanca tunggil paladosan ing gréja) minangka tiyang-tiynag ingkang kedah kita tresnani kanthy katresnanipun Gusti? Minangka mitra-mitra ingkang patut kita gatosaken saha kita tulungi menawi mbetahaken pitulungan kita?

Gusti Yésus paring piwucal dhateng kita bab katresnan ingkang sejati, ingkang kedah kita conto. Inggih punika katresnan ingkang nganggеп tiyang sanès minangka mitra, minangka tiyang-tiyang ingkang kedah dipun tresnani. Katresnan ingkang rila ngorbanaken nyawa. Sepisan malih, bab ingkangmekaten mboten badhé awrat katindakaken menawi kita saèstu pitados dhumateng Gusti Yésus Kristus! Iman kapitadosan ingkangmekaten punika ingkang badhé saged ngawonaken jagad ingkang kebak ing tumindak awon, raos nyenyengit saha mentingaken dhiri pribadi.

Injil Yohanes ngèngetaken kita bilih Gusti Allah sampun miji kita mboten supados kita dados tiyang ingkang aleman, ingkang dipunsayang-sayang, ananging supados kita nindakaken punapa ingkang dados hakékat dhiri kita minangka manungsa. Inggih punika sregep makarya kanggé ngedalaken woh-wohing gesang ingkang mujudaken katresnan. Inggih punika pakaryan ingkang mesti dpun tindakaken kanthi ajeg, mboten sakpikajeng kita piyambak utawi miturut enering manah kita piyambak.

Pakaryan ingkang ajeg kasebat ugi mesthi dipuntularaken dhateng asanès supados asanès ugi saged nampi, ngraosaken lajeng nindakaken katresnan kasebat. Gusti Yésus sampun paring conto bab punika. Injil Yohanes 15:9,12 nélakaken, “Kaya Sang Rama wus ngasihi Aku, mangkono uga Aku iya wus ngasihi kowé; ... supaya kowé padha tresna-tinresnanana, dikaya anggon-Ku wus nresnani kowé.” Amin.

[mh]



**MÉKRAD****Khotbah Jangkep Mékrad**


---

**MÉKRADIPUN  
GUSTI YÉSUS:  
TETINGALAN SARTA  
PATRAPIPUN NGUTUS**

---

Kemis, 10 Mei 2018

**WAOSAN**

- |                  |                              |
|------------------|------------------------------|
| Waosan 1         | : Lelakoné Para Rasul 1:1-11 |
| Waosan Tanggapan | : Jabur Mazmur 47            |
| Waosan 2         | : Éfesus 1:15-23             |
| Waosan Injil     | : Lukas 24:44-53             |

**KHOTBAH JANGKEP**

**Mékradipun Gusti Yésus:  
Tetingalan sarta Patrapipun Ngutus**

Satunggaling dinten kula ningali *sirkus*, tetingalan panglipur ingkang mamèraken kesagedanipun kéwan lan kaprigelanipun tiyang numpak pit rodha satunggal. Kula gumun ningali sima (macan) ingkang saged nglumpati bunderan lalu lan munyuk ingkang saged nguwot kawat ingkang dipun penthang saking papan satunggal dhateng papan sanèsipun. Tetingalan punika dipun pungkasi kanthi pamèr kaprigelanipun badhud, ingkang numpak pit rodha satunggal sinambi nguncalaken bal alit cacah sekawan kanthi mubeng. mBoten kèndel dumugi semanten, badhud wau lajeng nguwot ing satunggaling blabag ingkang wiyaripun watawis 50 cm lan dawanipun watawis 10 mèter ing sangginggiling siti. Kula sadaya ingkang sami mirsani tetingalan punika kadamel gumun déning kaprigelanipun badhud. Tetingalan katutup kanthi atur salam pepisahan saking pun badhud sarta sedaya tiyang punapadéné kéwan

ingkang tumut nyengkuyung lampahing tetingalan wau. Kula mlampah ngener dhateng kori medal lan rumaos marem dhateng tetingalan *sirkus* punika.

Raos gumun ingkang makaten punika ingkang mbokbilih ugi dipun alami déning para murid nalika nyipati gurunipun mékrad atawi sumengka ing langit. Lelampahan mékrad punika mujudaken panyaruwé ingkang sereng sanget kanggé para murid ingkang asring kirang pitados dhateng pangandikanipun Gusti Yésus ingkang sampun dipun lairaken sadèrèngipun. Kita nyeksèni déné para murid punika tiyang-tiyang ingkang bebasanipun gesang “tunggil-griya” kaliyan Gusti Yésus. Para murid punika ndhérèk tindakipun Gusti Yésus dhateng pundi kémawon, punapa kémawon wekdalipun, saha ing kawontenan punapa kémawon. Para murid mirengaken lan mirsani saben pangandika tuwin tandang-damel ingkang katindakaken Gusti Yésus. Para murid ugi asring dipunsaruwé sarta dipunpituturi nalika klèntu tampi utawi kirang mangertos dhateng punapa ingkang dipunngendikakaken Gusti Yésus. Para murid ugi mirengaken piwulangipun Gusti Yésus langkung kathah tinimbang kaliyan tiyang kathah ingkang mboten tunggil griya kaliyan Gusti Yésus.

Nanging nalika kelampahan Gusti Yésus kacepeng, para murid punika malah mlajeng pados wilujengipun piyambak. Pangangen-angen tumrap kadigdayanipun Gusti Yésus sanalika sirna nalika Gusti Yésus dipun dhawahi pidana pati. Sédanipun Sang Guru ndadosaken para murid mangu-mangu, punapa margi ingkang dipunambah punika margi ingkang leres lan prayogi? Wonten pawartos bab wungunipun Gusti Yésus saking séda. Wonten pangajeng-ajeng ingkang dipun gigah malih. Nanging mboten wonten buktinipun. Aturipun tiyang èstri tiga ingkang nyekar dhateng pasaréyanipun Gusti Yésus saged ugi dados *hoax* (kabar palsu) amargi Pétrus mboten mirsani piyambak punapa Gusti Yésus èstu-èstu wungu saking séda. Pangajeng-ajeng tuwuh malih nalika Kléopas dalah kancanipun ngaken menawi pinanggih kaliyan Gusti Yésus ing margi dhateng dhusun Émaus. Para murid

ingkang naté ngajeng-ajeng, ugi taksih saged mangu-mangu amargi sepisan malih, dèrèng wonten buktinipun.

Ing salebetipun kawontenan ingkang kados makaten, dumadakan Gusti Yésus ngetingal jumeneng ing tengah-tengahipun para murid. Panjenenganipun ngetingal kanthi ngasta salam ingkang mirunggan inggih punika “Tentrem-rahayu anaa ing kowé kabèh”. Prakwis punika mujudaken panyaruwé ingkang sereng kanggéipun para murid. Sapunika para murid ngalami:

### **1. Pepanggihan**

Pepanggihan aben-ajeng kaliyan Gusti Yésus dados bukti kiyat gegayutan kaliyan kaleresaning pangandikanipun Gusti Yésus sadèrèngipun Gusti dipunpasrahaken sarta nemahi kasalib. Pepanggihan punika dados wekdal ingkang prayogi kanggé ngiyataken para murid bilih sinten ingkang sapriki dipunsuwitani punika pancèn Priyantun ingkang proyogi dipun suwitani.

### **2. Panggulawenthah**

mBoten namung pepanggihan. Gusti Yésus ingkang dipun panggihi ugi kagungan piwulang ingkang sami. Para murid kabikak pikiranipun (ayat 45). Para murid kadamel saya mangertos pawartos kawilujengan ingkang dipun wulangaken déning Gusti Yésus. Prakwis punika ugi ngiyataken malih gesangipun para murid kanggé mangertosi sinten sejatosipun Gusti Yésus wonten ing gesangipun, sarta pitados malih sawetahipun dhateng Sang Guru.

### **3. Pangutusan**

Sasampunipun ngalami pepanggihan sarta panggulawenthah, para murid ugi kaémutaken dhateng adegitipun, kanggé punapa para murid punika gesang ing alam ndonya. Pangutusan punika awujud kaparingan dhawuh dados seksi. Pitakènipun, seksi tumrap punapa? Wangsulanipun pinanggih ing ayat 46 lan 47 ingkang makaten suraosipun:

“Pangandikané, "Ana tulisan mangkéné: Mésias pinasthi nandhang sangsara lan ing telung dinané wungu saka ing antarané wong mati. Karodéné manèh: pawarta bab

pamratobat lan apuraning dosa kudu kaundhangaké marang sakèhing bangsa atas asmané, wiwit saka ing Yérusalém.” (Lukas 24:46-47)

Ingkang dipun kersakaken neksèni sanès namung nggadhahi pangertosan bab sinten Mésias punika. Neksèni punika nglajengaken pawartos punapa ingkang dipunasta déning Mésias ingkang kedah katindakaken déning para murid. Dipunutus dados tiyang ingkang martosaken katresnanipun Allah ateges ndhatengaken Kratoning Allah (*the kingship of God*). Punika kawontenan nalika Allah rawuh sarta mengku panguwaos minangka raja. Kawontenan ingkang dipunwengku déning pamratobat tuwin pangapuntening dosa. Dhemen ngrumaosi kalepatanipun sarta purun nampèni tiyang ingkang damel kalepatan.

Salajengipun para murid dumugi ing tetingalan utami. Para murid nyipati urut-urutaning lampah sumengkanipun Gusti Yésus dhateng swarga. Lelampahan punika mujudaken lelampahan ingkang ngédab-édabi. Amargi mboten wonten tiyang sanès ingkang sumengka kajawi namung Gusti Yésus. Lelampahan sumengkanipun Gusti Yésus punika dados tnndha yekti kiyat bilih pepanggihan, panggulawenthah, sarta pangutusan ingkang saweg kémawon katampi para murid punika èstu-èstu pinangkanipun saking Sang Mésias.

Anggènipun para murid nanggapi manut paseksinipun Lukas bédha kaliyan atur tanggapan ingkang dipun tedahaken déning paseksinipun Lelakoné Para Rasul. Manut paseksinipun Lukas, para murid lajeng wangslu kanthi bingah sanget sarta sami tansah wonten ing Padaleman Suci sarta ngluhuraken Allah (Lukas 24:52-53). Menawi kita jingglengi, punapa ingkang dipuntindakaken déning para murid wau ngewrat satunggaling risiko utawi pituna ageng ing gesangipun. Tiyang-tiyang punika muridipun Gusti Yésus, muridipun tiyang ingkang ngina agami Yahudi. Menawi para murid sliweran ing papan ngedhèngan, mila saged kémawon tiyang-tiyang Yahudi kereng ingkang sengit dhateng tandangipun Yésus, tumut nggigat para murid supados kaukum karana nindakaken kadurakan. Ananging ingkang kelampahan, para

murid malah ngetingal ing ngedhèngan mlampah nuju dhateng Padaleman Suci. Para murid ingkang sekawit ajrih menawi pinanggih tiyang kathah, samangké dados kendel, wantun nglairaken dhiri.

Kados ingkang sampun dipun ngendikakaken, wonten ing Lelakoné Para Rasul 1:1-11, atur tanggapan ingkang dipun tindakaken para murid radi bènten. Sasampunipun tetingalan paripurna, para murid kamitenggengan dhateng tetingalan wau. Para murid sajakipun ngajeng-ajeng wonten lelampahan sanèsipun malih ingkang langkung ngedab-edabi. Nanging prakawis punika mboten kelampahan. Panyaruwénipun tiyang ingkang ngagem ageman pethak nélakaken wontenipun panyaruwé supados wangsl (ayat 11). Lelampahan punika njangkepi tetingalan Sumengkanipun Gusti Yésus wau mboten namung kèndel dados tetingalan ingkang dipun ladosaken. Kadosdéné paseksinipun Lukas, wonten pangutusan minangka kalajenganing tetingalan ingkang kelampahan, inggih punika dados seksinipun Sang Mésias.

Ing ngriki kita dipun émutaken supados mboten kamitenggengan dhateng lelampahan Sumengkanipun Gusti Yésus. Lelampahan Sumengkanipun Gusti Yésus pancèn wigatos sarta ngédab-édabi. Sami kadosdéné tetingalan panglipur badhud ingkang nguwot ing satunggaling blabag ciyut kanthi numpak pit rodha satunggal sinambi dolanan bal. Para pamirsa kadamel gumun déning tetingalan kasebat. Awit saking gumunipun, ngantos kesupèn dhateng pangutusan ingkang saweg kémawon dipun dhawuhaken Gusti Yésus sadèrèngipun sumengka. Kautus kanggé dados tiyang ingkang martosaken katresnanipun Gusti Allah wonten ing gesang punika.

Asring ing salebeting gesang punika kita gumun dhateng khotbah-khotbah ingkang nyénggol raos, nengsemaken, utawi lucu. Utawi ibadah ingkang nengsemaken manah. Musigipun ngédab-édabi. Para paladosing pangibadah ngremenaken. Gedhong gréja ingkang sarwo élok dipun saranani kanthi praboting ngélmu tèknik ingkang mboten sabaénipun. mBoten klèntu éram utawi gumun dhateng satunggaling ibadah saha gedhong gréja. Ananging lumantar paseksining

Sumengkanipun Gusti Yésus punika, kita kasuwun mboten namung nggumuni ibadah saha gedhong géja ingkang kita sipati. Ibadah mboten këndel wonten ing ibadah ing gedhong gréja. Ibadah ugi kedah mawujud ing gesang padintenan. Sumengkanipun Gusti Yésus punika tetingalan lan pangutusan.

Awit saking punika, ing salebeting pakulinanipun pasamuwan, Kitab Suci dados lambang wigatos ing pangibadah. Kitab Suci dipun arak lumebet dhateng dalem pamujan utawi gedhong gréja sarta dipun pasrahaken dhateng palados Sabda, dados lambang umat pinanggih kaliyan Sang Sabda. Salajengipun liturgi lumampah ngantos dumugi khotbah utawi paladosan Sabda. Ing ngriki Sang Sabda nggulawenthah umat. Ing pungkasaning pangibadah, Sang Sabda dipun arak medal saking dalem pamujan, minangka lambang umat kautus sasampunipun dipunsembadani déning Sang Sabda.

Kanthy makaten sarana ingkang kanggé mangertosi kasemba-danipun ibadah mboten namung kathah sekedhikipun warga pasamuwan ingkang rawuh ing pangibadah. Ibadah punika kawastanan sembada menawi warganining pasamuwan dados seksinipun Gusti Yésus, sarta paseksinipun para warga punika apesipun ndayani wonten ing wewengkon ingkang langkung ciyut inggih punika wonten ing brayatipun piyambak.

- Punapa ingkang prayogi piyambak ing gesang kita sampun kita aturaken kanggé dados seksi kanthy cara dados tiyang ingkang martosaken katresnanipun Allah ing satengahing brayat?
- Punapa ingkang prayogi piyambak ing gesang kita sampun kita aturaken kanggé dados seksi kanthy cara dados tiyang ingkang martosaken katresnanipun Allah ing sakiwatengeing gesang kita?
- Punapa ingkang prayogi piyambak ing gesang kita sampun kita aturaken kanggé dados seksi kanthy cara dados tiyang ingkang martosaken katresnanipun Allah ing wewengkoning papan panyambutdamel kita?
- Punapa ingkang prayogi piyambak ing gesang kita sampun kita aturaken kanggé dados seksi kanthy cara dados tiyang

ingkang martosaken katresnanipun Allah ing satengahing pasamuwan?

Kanggé ngiyataken kita kautus dados seksi, rasul Paulus nyuwun kalih prakawis dhateng Allah, supados pasamuwan Éfesus saged ngadeg jejeg ing salabeting kapitadosan Kristen. Kalih prakawis kasebat inggih punika:

1. Nyuwun dhateng Rohing kawicaksanan tuwin wahyu supados wanuh Panjenenganipun kanthi leres (Éfesus 1:17) Prakawis punika nélakaken menawi wonten pambudidaya mbangun pasrawungan kaliyan Allah kanthi wongsal-wangsul sarta ajeg. Saya raket pasrawungan kita, kita badhé saya wanuh. Sami kaliyan menawi kita wanuh kaliyan tiyang sanès. Saya asring kita pinanggih, kita saya mangertos punapa ingkang dipun remeni lan punapa ingkang mboten dipun remeni. Awit saking punika, kanggé dados utusan seksinipun Allah kanthi martosaken katresnanipun Allah, sadèrèngipun kedah kagungan pasrawungan ingkang raket kaliyan Allah. Kanthi makaten, mboten wonten pawadan kanggé kesèt utawi ngéndhani gesang masamuwan, kempalan pandonga sarta panyuraos Kitab Suci. Amargi ing ngriku kita dipun timbali supados saya wanuh tuwin nglampahi pepanggihan tuwin panggulawenthahipun Sang Sabda.
2. Supados Panjenenganipun madhangaken mripating manah (Éfesus 1:18) Mripating manah kaginakaken minangka tetalesing tumindakipun manungsa. Menawi manahipun becik, tumindakipun ugi badhé becik. Nanging ugi wonten kosokwangslipun. Wonten tiyang ingkang pandamelipun saé, ananging dipun talesi kanthi manah ingkang mboten saé. Punika ingkang kawastanan munapik. Kasaénan ingkang katalesan déning mripating manah ingkang padhang (saé), bédha kaliyan kasaénan ingkang katalesan déning mripating manah ingkang peteng (mboten saé).

Kanti makaten, kita lelados mboten kanggé pamèr supados dipun pirsani tiyang. Kita ngapunteni kalepatan mboten

amargi dipun peksa. Kita nindakaken kasaénan mboten amargi wonten pituwasipun. Ananging kita nindakaken kasaénan amargi kita punika utusan kanggé neksèni dados tiyang ingkang martosaken katresnanipun Allah, nalika kita taksih gesang. Amin.

[har-den]

# PASKA VII



## Khotbah Jangkep Paska VII

---

### KASUCÈN KANGGÉ NGAYAHİ JEJIBAHAN MINANGKA UTUSAN

---

Minggu, 13 Mei 2018

#### WAOSAN

- |                  |                                      |
|------------------|--------------------------------------|
| Waosan 1         | : Lelakoné Para Rasul 1:15-17, 21-26 |
| Waosan Tanggapan | : Jabur Masmur 1                     |
| Waosan 2         | : 1 Yohanes 5:9-13                   |
| Waosan Injil     | : Yohanes 17:6-19                    |

#### KHOTBAH JANGKEP

#### Kasucèn Kanggé Ngayahi Jejibahan Minangka Utusan

Buku ingkang ngagem irah-irahan *The Man Who Quit Money* anggitanipun Mark Sundeen nyariosaken pengalamanipun Daniel Suelo. Daniel Suelo, priya ingkang asalipun saking Amerika Serikat, rumaos bosen dhateng gesang ingkang sarwa nengenaken bandha donya. Piyambakipun mutusi ing gesangipun kanthi nilarakken sadaya arta sarta milih manggèn ing salebetipun guwa ing taun 2000 kapengker. Priya ingkang yuswanipun 50 taun punika manggihaken satunggaling guwa ing lambunging taman Nasional Arches, sacelakipun lèpèn Colorado, Amerika Serikat. Ing nglebet guwa punika, piyambakipun yasa “griya”. Kanggé nyekapi kabetahanipun, Suelo ngendelaken lèpèn sarta pamedaling jagad.

Punapa ingkang katindakaken déning Daniel Suelo sanès prakawis ingkang énggal. Ing sauruting sejarah, kathah tiyang utawi sawetawis golongan tiyang ingkang “nilar kadonyan” kanthi werni-werni pawadan. Kados ta pandhèrèkipun golongan Gnostik, ingkang sumingkir saking jagad sarta gesang *asketis*, gesang prasaja: cegah dhahar lawan guling, nyirep hawa nepsu, nytingkur kanikmatan, lan tapa brata. Utawi golongan Éseni, ingkang mbangun paguyuban ing sakiwa-tengenipun Seganten Mati. Kabaripun, Gusti Yésus naté tumut ing golongan punika. Samangké, kita saged manggihaken wonten ing paguyuban-paguyuban pertapan.

Anggènipun milih sumingkir saking donya punika kanggé ngénggati gesang kadonyan punika wonten tetalesipun saking ayat Kitab Suci. Upaminipun: “Kowé kabèh aja padha nresnani donya lan samubarang kang ana ing kono. Menawa wong nresnani donya, iku ora kadunungan katresnan marang Sang Rama. Sabab samubarang kang ana ing donya, yaiku pepénginané daging lan pepénginané mripat tuwin angkuhing urip, iku pinangkané ora saka Sang Rama, nanging saka ing donya. Lan donya iki dalah pepénginané lagi sirna, nanging sapa wong kang nglakoni karsané Allah iku tetep urip ing salawas-lawasé.” (1 Yohanes 2:15-17). Punapa kanthi makaten kita pancèn kedah sumingkir saking donya? Sampun temtu mboten makaten. Ingkang prelu dipun énggati punika “nresnani donya” ingkang ateges nengenaken lan ngener dhateng donya. Kita tetep saged makarya wonten ing donya punika, ananging nengenaken lan ngener dhateng jejibahan kita minangka utusan, ingkang dipun pitadosaken dhateng kita déning Gusti Yésus.

Gusti Yésus ngandika: “Awitdéné Allah anggoné ngasihi marang jagat iku nganti masrahaké Kang Putra Ontang-anting, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengané aja nganti nemu karusakan, nanging nduwènana urip langgeng.” (Yohanes 3:16). Kanthi gamblang ayat punika mesthèkaken bilih katresnanipun Gusti Allah ingkang ageng katujokaken dhateng jagat punika, mboten dhateng tiyang Kristen. Tiyang Kristen kepara dipun paringi jejibahan saking Gusti Allah

supados mersudi murih jagat pitados dhateng katresnanipun Allah ing Sang Kristus.

Punapa kanthi makaten punika tiyang pitados gampil kapilut déning daya pangaribawanipun jagat? Rak Jabur Masmur 1 ngémutaken kita bilih srawung kaliyan tiyang duraka njalari kita manggih karisakan kadosdéné mrambut?

Panggegilut punika èstu dipun uningani déning Gusti Yésus. Awit saking punika, Panjenenganipun ndedonga dhateng Sang Rama. Wonten ing pandonga syafaatipun Gusti Yésus ingkang rowa punika, kita saged manggihaken sawetawis bab ingkang baken:

- [1] Gegayutan kaliyan sesambetanipun Sang Rama kaliyan Sang Putra (Yohanes 17:1-5), wonten ing gangsal ayat punika Gusti Yésus ngandikakaken sariranipun piyambak anggènipun sesambetan kaliyan Sang Rama tanpa lantaran;
- [2] Gegayutan kaliyan sesambetanipun Gusti Yésus kaliyan para murid (Yohanes 17:6-19), pokoking pandonga mingsed magepokan kaliyan Gusti Yésus kaliyan para murid. Kanthi mirunggan Gusti Yésus nyuwun supados:
  - [a] Sang Rama ngreksa gesangipun para murid (ayat 11)
  - [b] para murid manunggil dados satunggal kadosdéné Sang Rama kaliyan Sang Putra (ayat 11)
  - [c] para murid supados kapenuhan ing kabingahan sampurna (ayat 13)
  - [d] Sang Rama ngreksa para murid saking piawon (ayat 15)
  - [e] Sang Rama nucèkaken para murid ing kayektosan (ayat 17).
- [3] Gegayutan kaliyan gesangipun para murid mangajeng (Yohanes 17:20-26), pangajeng-ajenging gesangipun para murid ingkang badhé dhateng punika sageta mujudaken patunggilan ingkang kaiket sarta kasawaban déning katresnan.

Waosan Injil dinten punika nyakup pérangan ingkang kaping kalih, gegayutan kaliyan sesambetanipun Gusti Yésus kaliyan para murid. Bab ingkang baken ingkang badhé dipun

tandhesaken wonten ing pérrangan punika manunggilipun para murid kaliyan Gusti Yésus. Patunggilan punika pancinger ener dhateng manunggilipun Gusti Yésus kaliyan Sang Rama. Ing salebeting patunggilan punika katingal iba wigatosipun kasetyan. Prakawis punika wigatos awit gegayutan kaliyan jejibahanipun para murid minangka tiyang-tiyang ingkang kautus.

Wonten ing pandonga punika malah Gusti Yésus nyuwun supados para murid mboten dipun pondhut saking donya. Para murid malah kedah tansah wonten ing donya ananging dipun reksa saking piawon sarta dipun sucèkaken ing kayektosan déning Sang Rama (Yohanes 17:15, 17). Punika ancasing adegipun para murid ing donya punika: kautus dhateng donya kadosdéné Gusti Yésus kautus dhateng donya (Yohanes 17:18). Gusti Yésus kautus amargi Sang Rama nresnani sarta badhé milujengaken jagat punika (Yohanes 3:16). Wonten ing jejibahan minangka utusan punika, para murid kaparingan dhawuh ingkang sami.

Wonten ing salebeting pakaryanipun ing jagat punika tiyang Kristen dipunsaranani, dipunsucèkaken, dipunkiyataken déning Roh Suci. Pambudidaya punika katindakaken lumantar patunggilan, kados ta Pasamuwanipun Gusti Yésus. Tiyang Kristen mboten saged gesang piyambakan. Tiyang Kristen gesang sesarengan kaliyan sesamining pitados ing Pasamuwanipun Gusti Yésus. Wonten ing patunggilaning pasamuwan/gréja punika, umat samidéné mbangun sarta kabangun minangka paguyuban ingkang – déning juru Masmur katembungaken – karem marang angger-anggeré Sang Yéhuwah, lan digilut-gilut rina wengi (Masmur 1:2).

Patunggilaning pasamuwan/gréja dados pirantos nyaranani, nucèkaken, sarta ngiyataken supados umat kanggé martosaken katresnanipun Allah ing satengahing jagad. Bebasanipun kadosdéné bingkil pit montor. Bingkil pit montor ginanipun kanggé ndandosi pit montor supados saged mlampah saé ing margi ageng. Patunggilaning pasamuwan/gréja ndandosi umatipun supados saged ngayahi jejibahanipun ing jagad punika. Punika ingkang kawastanan kasucèn kanggé ngayahi

jejibahan minangka utusan. Kasucèn punika kababar mboten amargi kita sumingkar saking jagad, ananging kapara amargi kita nyunaraken adeg kita ing jagad punika. Ing ngriki kita sinau saking Thomas Merton, satunggaling tiyang ingkang nggegulang *spiritual* (kasukman) gagrag anyar, ingkang ngandika, “Kita pinanggih kaliyan Allah wonten ing kasepèn sarta eninging cipta, mboten minangka tiyang ingkang mertapa (utawi tiyang ingkang sumingkir saking donya), ananging minangka tiyang ingkang gesang ing satengahing jagad ingkang ramé.” Gusti Allah nresnani kita. Amin.

[asp-den]



**PÉNTAKOSTA****Bahan khotbah Péntakosta**

**ROH SUCI  
NYAGEDAKEN KITA  
MARTOSAKEN KATRESNAN  
KANGGÉ SESAMI**

---

Minggu, 20 Mei 2018

---

**WAOSAN**

- |                  |                              |
|------------------|------------------------------|
| Waosan 1         | : Lelakané Para Rasul 2:1-21 |
| Waosan Tanggapan | : Jabur Masmur 104:24-34     |
| Waosan 2         | : Roma 8:22-27               |
| Waosan Injil     | : Yohanes 15:26-27, 16:4b-15 |

**KHOTBAH JANGKEP**

**Roh Suci Nyagedaken Kita Martosaken Katresnan  
Kanggé Sesami**

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,  
 Ing Indonesia naté wonten *novel-novel* saé ingkang kaserat  
 déning Asmaraman S. Kho Ping Hoo. Salah setunggalipun  
*novel* utawi dongèng gancaran ingkang cariyosipun sambung-  
 sinambung, ingkang jejeripun Si Pedang Kilat. Ing dongèng  
 punika dipun cariyosaken geguletaning batos satunggaling  
 tiyang ingkang asma Bun Houw. Batosipun mboten jenjem  
 amargi lelampaahan ingkang mboten sekéca ing gesangipun.  
 Bapak sarta ibunipun dipunperjaya tiyang. Bun Houw  
 kepéngin sanget males piawon dhateng tiyang ingkang  
 sampun nindakaken kanisthan wau. Kanepson tuwin raos  
 sengit nggandhuli gesangipun saben dinten. Raos nepsu tuwin

sengit punika nyirnakaken tentrem-rahayu. Derenging raos sengit ngeneraken Bun Houw dhateng tumindak ngumbar kanepson tuwin roda-paripeksa. Puji sokur déné Bun Houw kèmutan dhateng piweling saking bapakipun. Nalika bapakipun taksih sugeng, panjenenganipun maringi piweling dhateng Bun Huow supados mboten dados gedibalipun kanepsoning kadurakan. Ngèndelaken manah dados papan ngumbar gething sengit badhé njalari kadurakan. Menawi raos gething dados dhedhasaring gesang, mila saben tumindak temtu ngener dhateng kadurakan. Gething-sengit mujudaken racun tumrap batos, sarta racun punika gampil kanggé dipunombékaken dhateng tiyang sanès. Sinten ingkang dados kurbanipun? Gesangipun piyambak sarta tiyang sanès. Bun Houw mbundheli prakawis punika bilih raos sengit punika mujudaken kadurakan.

Saking pundi jumedhulipun kadurakaning raos sengit? Samangké kadurakaning raos sengit dipun wastani *hate crime*. Kadurakaning raos sengit punika kadhasaraken wonten ing panginten, mlèncèng, memengsahan, lan raos sengit ing salebetung gesangipun satunggaling tiyang. Ing wekdal sesambetan sarwa gampil samangké punika, kadurakaning raos sengit gampil dipunsebar lumantar *media sosial* utawi lumantar praboting pasrawungan ing masyarakat. Praboting pasrawungan masyarakat mèh kémawon mboten saged dipunkendhalèni dados pirantos kanggé nyebare pitenah, *hoax*, pangojok-ojok, pangandikan-pangandikan ingkang mboten saé ingkang njalari ingkang maos kapilut utawi kepancing nindakaken kadurakan adhedhasar *hoax* ingkang kawaos tuwin dipunpitados. Raos sengit saged dipuntindakaken déning sinten kémawon sarta saged dipunlampahi déning sinten kémawon.

Dhateng para murid-muridIpun, Gusti Yésus ngandika bilih para murid badhé dipunsengiti tuwin dipuntampik déning jagat. Jagat sengit dhateng para murid kadosdéné jagat sengit dhateng Gusti Yésus. Ancasipun Gusti Yésus martosaken panampikipun jagat dhateng para murid supados para murid mboten sami kecuwan dhateng Gusti Yésus sarta ndhèrèk nampik Panjenenganipun. Saged kelampahan para murid

sami kecuwan amargi punapa ingkang dipunpéngini mboten kaleksanan. Para murid ngangen-angen kanthi ndhèrèk Mésias, gesangipun badhé sekéca saha tentrem. Ananging nyatanipun, ingkang dipun adhepi punika pangancam, panampik, tuwin raos sengit saking jagat.

Punapa ingkang kedah dipuntindakaken déning para sekabatipun Gusti Yésus ing salebetipun ngadhepi raos sengit sarta panampik? Aben-ajeng kaliyan raos-sengitipun jagat dhateng para muridIpun, Gusti Yésus maringi pikekah. Gusti Yésus paring prajanji badhé ngrawuhaken Sang Juru Panglipur/Pitulung ingkang badhé dipunutus déning Gusti Yésus saking Sang Rama. Sang Juru Panglipur/Pitulung punika Rohing Kayektèn. Rohing Kayektèn punika rawuh kanggé neksèni kaleresan sarta neksèni pakaryanipun Allah kados ingkang dipun ngendikakaken déning Gusti Yésus. Kanthi rawuhipun Rohing Kayektèn punika para murid mboten kinging këndel. Para murid kasuwun nanggapi kanthi gesang ing salebeting kayektèn.

Pawartos bab raos sengitipun jagat dhateng para murid ndhatengaken kasisahan, langkung-langkung Gusti Yésus badhé nilaraken para murid. Dhateng para murid, Gusti Yésus ngandika bilih Panjenenganipun kedah tindak awit langkung maédahi menawi Panjenenganipun tindak supados Sang Juru Panglipur/Pitulung rawuh. Menawi Gusri Yésus mboten tindak, Sang Juru Panglipur/Pitulung mboten rawuh. Menawi Panjenenganipun tindak, Panjenenganipun badhé ngutus Sang Juru Panglipur/Pitulung. Kénging punapa Sang Juru Panglipur/Pitulung mboten rawuh sesarengan kaliyan Gusti Yésus? Sang Juru Panglipur/Pitulung (Roh Suci) dipunmangertosi minangka wewujudaning karawuhanipun Gusti Yésus rikala Panjenenganipun mboten sesarengan malih kaliyan para murid. Roh Suci rawuh sasampunipun Gusti Yésus kaluhuraken wonten ing wungunipun saking séda (Yohanes 7:39). Wonten ing pakaryanipun, Sang Juru Panglipur/Pitulung makarya ngyakinaken jagat bab dosa, bab kayektèn, lan bab pangadilan (Yohanes 16:8). Sang Juru Panglipur/Pitulung utawi Roh Suci punika ugi nuntun para murid gesang ing kayektèn. Sinaosa raos sengit dipunalami para murid, para murid kedah tansah

gesang leres. Kanthi gesang ing salebeting kayektèn, para murid neksèni Gusti Yésus lumantar gesang padintenan.

Paseksi padintenan kawiwitan saking kesanggemanipun para murid mbangun sesambutan kaliyan sesami. Sesambutan ingkang saé kawiwitan saking telenging manah. Lelampahan Péntakosta punika lelampahan bab patrapipun ngesokaken Roh Suci sarta sesambutan tanpa wates kaliyan sadaya tiyang. Sasampunipun para murid kapenuhan déning Roh, para murid lajeng sami wiwit gineman mawi basa-basa sanès. Para murid kaparingan kasagedan gineman mawi basa basa sanès sarta tiyang-tiyang ing sakiwa-tengenipun para murid kaparingan kasagedan mertal basa sanès wau. Ing ngriki kita nyipati bilih Roh Suci ndadosaken sadaya tiyang ngendikan kanthi saé. Béda-bédanipun bangsa sarta basa dipunsambet déning Roh Suci ngantos tiyang-tiyang punika saged sami ngendikan. Rancagipun sesambutan nélakaken manunggalipun sadaya tiyang. Bab punika ndhatengaken raos éram kanggé gesangipun tiyang kathah. Nanging sadanganipun sapérangan ageng tiyang rumaos éram lan njenger amargi lelampaahan punika, wonten ugi tiyang-tiyang ingkang ngrémèhaken sarta mboten kesengsem dhateng lelampaahan punika. Kanthi ngrémèhaken tiyang-tiyang wau moyoki bilih punapa ingkang kelampaahan punika sanès amargi dayaning Roh, ananging katemahanipun mabuk anggur manis. Patrap ngrémèhaken saged kelampaahan ing pundi kémawon. Raosing batos ngrémèhaken punika raosing batos ngasoraken sesami.

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,  
Ing dinten Péntakosta punika kita dipun émutaken malih dhateng gesang ingkang katuntun déning Roh Suci. Ing satengahipun jagat ingkang kebak pawartos *hoax*, raos sengit, kabar-angin ingkang saged njalari buyar, kita kedah nyingkiri sadaya punika wau. Roh Suci nuntun kita mujudaken gesang tinarbuka dhateng sadaya tiyang sarta ngrangkul sadaya golongan, kalebet tiyang-tiyang ingkang mboten remen dhateng kita. Pancèn prakawis punika mboten gampil. Kita émut bilih gesang ing sangandhaping momotan raos sengit ngrekaos sanget. Ewasemanten kita pitados bilih Allah nunggil gesangipun saben tiyang ingkang purun ngudi gesang ing

salebeting katresnan. Kekiyatanipun Allah punika saged kita gayuh lumantar rumaketing gesang kita kaliyan Allah. Awit saking punika, Roma 8:26 ngandika bilih Roh inggih mbiyantu kita ing salebeting karingkihan kita; nanging Roh piyambak ngaturaken panyuwunan dhateng Allah, kanthi pasambat ingkang mboten kaucapaken. Saking ngriku kita dipun yakinaken bilih Rohipun Allah, Sang Juru Panglipur, Rohing Kayektèn punika tansah ngamping-ampingi saben jangkahipun umat ingkang ngajeng-ajeng gesang ing salebetipun kaadilan, kaleresan, tuwin katresnan.

Kadosdéné para murid nampi kakiyatanipun Allah lumantar Roh Suci, makaten ugi kita sadaya. Ancasing maringi Roh Suci punika supados lumantar gesang saben dinten kita martosaken katresnanipun Allah kanggé sesami. Kula aturi miwiti saking bab-bab ingkang prasaja, kados ta: ngapunteni sesami sarta mboten nyimpen kanepson lan pamales awon. Kula aturi ngénggati damel utawi ngintun pawartos-pawartos ingkang ngewrat raos sengit, *SARA* lan *hoax* lumantar *media sosial* utawi praboting pasrawungan. Menawi pikantuk kintunan gambar, pawartos, pangandikan saking kanca utawi ing salebeting *group edia sosial* ingkang mboten cetha sumberipun sarta ngewrat prakawis kadurakan, kula aturi mbusak sarta kula aturi ngénggati ngintun dhateng tiyang sanès. Wonten ing sesambutan kaliyan sesami, kula aturi ngutamékaken raosing batos grapyak, nyungkiri watak gumedhé, raosing batos ngréméhaken. Kula aturi mbangun sesambutan kanthi greget katresnan.

Lumantar tumindak-tumindak prasaja punika kita sampaun nanggapi pakaryanipun Roh Suci. Punika timbalan dados tiyang ingkang martosaken katresnanipun Allah ing jaman samangké. Awit saking punika, kula aturi nampéni Roh, kula aturi gesang ing salebeting pangrèh-Ipun sarta manut ing margi pitedah-Ipun. Amin.

[wsn-den]



# TRINITAS



## Bahan Khotbah Minggu Trinitas

### **ALLAH TRITUNGGAL INKANG NGLUWARI**

Minggu, 27 Mei 2018

#### **WAOSAN**

- |                  |                   |
|------------------|-------------------|
| Waosan 1         | : Yésaya 6:1-8    |
| Waosan Tanggapan | : Jabur Masmur 29 |
| Waosan 2         | : Roma 8:12-17    |
| Waosan Injil     | : Yohanes 3:1-17  |

#### **KHOTBAH JANGKEP**

#### **Allah Tritunggal Ingkang Ngluwari**

Minggu punika kita mèngeti minggu Trinitas/Tritunggal. Minggu Tritunggal ngajak kita kanggé ngraos-raosaken malih iman kapitadosan kita dhumateng Allah Tritunggal: Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci. Kapitadosan dhumateng Allah Tritunggal pancèn asring damel bingung. Langkung-langkung aben-ajeng kaliyan tiyang-tiyang ingkang ngrungkebi agami sanès. Wonten ing swasana sakiwa-tengen kita ingkang makaten punika, Pdt. Budyanto wonten ing buku *Meniti Kalam* naté mrayogakaken supados mboten ngginakaken tetembungan Trinitas/Tritunggal. Pdt. Budyanto nyerat makaten: “Kanthy makaten, sajatosipun umat Kristen saget ngeculaken tetembungan Tritunggal.”

Pancèn kathah bab ingkang magepokan kaliyan Allah dados wewados tumrap manungsa. Wewados béda kaliyan prakawis ingkang dados rembag. Prakawis ingkang dados rembag kedah

dipun udhari. Déné wewados supados dipun pèngeti utawi dipun riyayakaken. Kénging punapa? Amargi winatesing gesangipun manungsa mboten badhé saged ngudhari wewados punika. Manungsa mboten badhé saged mangertosi sadaya bab, kalebet Allah. Agustinus, salah satunggaling sesepuhipun pasamuwan (*bapa gereja*) ngandika makaten: “*si comprehendis, non est Deus*” ingkang jarwanipun menawi panjenengan mangertos dhateng satunggaling bab, punika temtu sanès Gusti Allah. Laras kaliyan punika, kamus basa Indonesia njarwakaken misteri sebagai “*kenyataan yang begitu luhur sehingga secara mendasar melampaui daya tangkap manusia.*”, wewadi minangka satunggaling kanyatan ingkang mulya sanget ngantos ngungkuli gegayuhanipun manungsa.

Ing satengahing bab ingkang winados punika, Gusti Allah nyawisaken dhiri rawuh mbangun sesambedian kaliyan manungsa. Sesambedian punika ingkang nuwuhaken pitepangan kita ingkang salajengipun nuwuhaken kapitadosan ing gesangipun manungsa. Kados ingkang dipun ngendikakaken ahli ngèlmu agama kristiani Indonesia Nico Syukur Dister, “Kapitadosan mboten saged dipundamel déning manungsa piyambak, ananging tansah tuwuhaning salebetan sesambetan.”

Ing sauruting paseksinipun Kitab Suci, kita manggihaken gegambaranipun Allah ingkang kawiwitán saking sesambetanipun Gusti Allah kaliyan manungsa. Ing sesambetan punika manungsa wanuh Allah Sang Rama, Ingkang nitahaken jagad raya, Ingkang kagungan kakiyatan ingkang ngédab-édabi. Juru Masmur 29 nyariosaken gegambaranipun kakiyataning Allah ingkang ngédab-édabi. Kakiyatanipun Allah ingkang dipunpuji déning para ingkang manggén ing swarga (Masmur 29:1-2). Kakiyatanipun Allah punika katinggal lumantar sawernaning lelampahanipun donya. Kakiyatanipun Allah dipunketingalaken lumantar “swanten-Ipun” Allah. Amargi “swantenipun Allah” punika daya kakiyatan ngédab-édabi ingkang saged nyirnakaken, umat mboten prelu ajrih ngadhepi punapa kémawon amargi Allah badhé maringi kakiyatan dhateng umat (Masmur 29:11). Ngèngeti

kakiyatanipun Allah punika, ingkang prelu dipuntindakaken umat inggih punika ndadosaken Allah minangka Raja (Masmur 29:11).

Pengalamaning sesambutan punika ugi ingkang dados wiwitinaning timbalanipun Yésaya minangka nabinipun Allah. Pengalamanipun Yésaya punika kelampahanipun wonten ing Padaleman Suci (Yésaya 6:1). Wonten ing pengalamanipun Yésaya wonten kalih bab ingkang mboten limrah, amargi piyambakipun “nyumurupi Gusti Allah”. Tiyang Yahudi limrahipun mangertos bilih manungsa mboten badhé saged nyawang Gusti Allah. Nabi Musa dipuntutupi sarta namung saged nyawang pengkeran-Ipun Gusti Allah (Pangentasan 33:20). Sinaosa sampun nyawang Gusti Allah, ananging Yésaya mboten saged nggambarkeren kados punapa Gusti Allah ingkang dipun sawang. Yésaya namung ngandika: “Pangéran lenggah ing dhampar kang dhuwur lan munggul, tuwin poncoting jubahé ngebèki Padaleman Suci.” (Yésaya 6:1). Gusti Allah tetep satunggaling wewados.

Ingkang salajengipun dipungambaraken déning Yésaya kanthi langkung njlimet inggih punika Sérafim. Sérafim punika titah kaswargan, kadosdéné malaékating Allah, ingkang dipungambaraken Yésaya nggadhahi pepethan kadosdéné manungsa aswiwi nenem (Yésaya 6:2). Para Sérafim punika nguwuhuwuh: “Suci, suci, suci Pangéran Yéhuwah Gustining sarwa tumitah, saindenging bumi kebak ing kamulyané. (Yésaya 6:3). Panguwuuh-uwuhipun Sérafim wau nggonjingaken ngantos Yésaya ngrumaosi hakékatipun minangka tiyang dosa (Yésaya 6:5). Kawontenan dosa ingkang karaosaken déning Yésaya punika alambé najis (wonten ing Kitab Suci Basa Jawi Padintenan KS BJP: “Merga reged lambéku”). Kakiyatanipun Allah dipunketingalaken lumantar punapa ingkang katindakaken Sérafim ingkang damel pulihipun Yésaya.

Gambaran tumrap wewadosipun Allah ugi sekedhik kewiyak wonten ing wawan-pangandikanipun Nikodémus kaliyan Gusti Yésus. Kanggé Nikodémus, panguwaosipun Gusti Yésus ingkang dipunketingalaken wonten ing pakaryan-Ipun wau pinangkanipun saking Allah, “..... amargi mboten wonten

tiyang ingkang saged nindakaken pratandha kados ingkang Panjenengan tindakaken punika, manawi Allah mboten nunggil." (Yohanes 3:2). Cetha, Nikodémus mitadosi Gusti Allah.

Ngamini punapa ingkang dipunngandikakaken Nikodémus, Gusti Yésus mesthèkaken prelunipun tiyang kalairaken malih, utawi wonten basa populér lair anyar. Ananging kadospundi sagedipun kelampahan? Makaten pitakénanipun Nikodémus. Gusti Yésus nerangaken pangertosan bab kalih ambalan tumrap anggènipun manungsa katitahaken. Ambalan sepisan manungsa kinarya saking lebuning bumi. Ambalan kaping kalih manungsa dipunsebuli ambekaning urip utawi dipunparangi roh ngantos dados titah ingkang gesang. Pérangan punika saged kawastanan kalairaken saking ngandhap.

Ambalan sepisan, pancèn sampun mboten badhé saged dipun tindakaken malih. Punika ingkang dados pitakénanipun Nikodémus salajengipun, kadospundi sagedipun tiyang ingkang sampun sepuh mlebet malih dhateng guwa-garbaipun biyungipun. Ambalan kaping kalih saged dipun tindakaken. Awit saking punika pakaryanipun Roh Suci. Ambalan punika saged kawastanan kalairaken saking nginggil.

Gesang énggal punika kalairaken malih déning pakaryanipun Roh Suci. Kados nalika manungsa dipunsebuli ambeganing gesang. Kalairaken malih punika dipunwiiti kanthi pakaryanipun Allah ingkang tumedhak dhateng bumi, ingkang dipun parangi sesebatan Putraning Manungsa. Putraning Manungsa ngener dhateng Gusti Yésus. Gusti Yésus kedah kaluhuraken, ingkang ngener dhateng lelampahan salib. Salib punika pakaryaning kawilujenganipun Gusti Allah ingkang katujokaken dhateng jagat punika, "Awitdéné Allah anggoné ngasihi marang jagat iku nganti masrahaké Kang Putra Ontang-ting, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengané aja nganti nemu karusakan, nanging nduwènana urip langgeng." (Yohanes 3:16).

Saking ngriku kita saged manggihaken gagasan *Trinitarian*: Allah Sang Rama nresnani jagat lan rawuh awujud manungsa, Yésus. Lumantar anggènipun Gusti Yésus kasalib, umat manungsa ingkang pitados dipunwilujengaken. Pakaryaning kawilujengan punika ngasilaken manungsa ingkang kalairaken malih déning Roh Suci. Tetéla bilih paseksinipun Injil Yohanes ingkang nglebur Allah (Sang Rama), Sang Putra (Gusti Yésus Kristus), sarta Sang Roh Suci wonten ing satunggal wengkuning andharan nedahaken patunggilan ingkang asipat illahi ingkang mboten kapisahaken. Bab punika njalari kita saged ngandika: Wonten ing dhirinipun Allah Tritunggal kita mirsani manunggilipun sarta pasekuthonipun illahi ingkang sampurna, ing pundi saben pribadi wonten ing pribadi sanèsipun. Punika ingkang kasebat *perichoresis* ing rerangkèning tembung Yunani manut tembung-tembungipun ateges bilih satunggal pribadi ngewrat kalih pribadi sanèsipun, utawi saben pribadi rumesep dhateng pribadi sanèsipun, sarta kanthi makaten wau satunggal kaliyan sanèsipun samidéné rumesep.

Kanthy makaten kita saged ngandika bilih pangluwaran ingkang karaosaken umat saking blengguning dosa punika pakaryanipun Allah Tritunggal. Pangluwaran ingkang katin-dakaken déning Allah Tritunggal ndadosaken kita, wonten ing tembungipun rasul Paulus, putra-putranipun Allah. Sebatan putra-putranipun Allah ndadosaken wontenipun kautaman ingkang gegayutan kaliyan Gusti Allah wonten ing gesang kita. Inggih punika patunggilan ingkang mboten saged kapisahaken, samidéné ngisèni, sarta nyanggi, kadosdéné ingkang katingal lumantar pakaryanipun Gusti Allah Tritunggal. Ing ngriki, pituturipun Leonardo Boff, ahli ngèlmu agami kristiani saking Amerika Latin prayogi dipun gatosaken. Boff ngandika:

“Sadaya prakawis ingkang wonten gegayutanipun kaliyan agami Kristen ingkang keladuk ngebotaken dhateng Sang Rama tanpa patunggilan kaliyan Sang Putra sarta Sang Roh Suci saged ngasilaken gegambaranipun Allah ingkang nindhes. Déné sadaya prakawis ingkang wonten gegayutanipun kaliyan agami Kristen ingkang kraket dhateng Sang Putra tanpa manut dhateng Sang Rama sarta tanpa

manunggil kaliyan Roh Suci saged mbekta kita dhateng rumaos marem sarta raosing batos *otoriter* utawi kumawasa wonten ing dhirinipun para pangarsa lan pamomong. Sadaya prakawis ingkang wonten gegayutanipun kaliyan agami Kristen ingkang keladuk gemblengaken kawigatosanipun dhateng Sang Roh Suci tanpa sesambatan kaliyan Sang Putra dalah Sang Rama, saged njalari tuwuwing wewengan tumrap jumedhulipun *anarkisme* lan icaling paugeran.”

Mugi gréja/pasamuwan mboten namung mitadosi dhateng Allah Tritunggal, ananging nggesangi Allah Tritunggal lumantar patunggilan ingkang ngluwari. Gusti nresnani kita. Amin.

[rae/asp-den]

---

## **BAHAN LITURGI**

---



---

**Bahan ingkang sampun  
kacawisaken punika  
saged dipun olah  
jumbuh kaliyan  
kawontenan piyambak-  
piyambak**

---



# PASKA VI



## Bahan Liturgi Paska VI

### GUSTI ALLAH MBOTEN NATÉ SALAH PILIH

Minggu, 6 Mei 2018

*Katrangan :*

Prdt : Salah satunggaling anggotaning Pradataning Pasamuwan (Pinisepuh utawi dhiaken)  
U: Umat; JK : Juru Khotbah; L: Lèktor

### PACAWISAN

- *Donga pacawisan pangibadah*
- *Lilin pangibadah kasumet*
- *Pamaosing pokok-pokok Pawartosing Pasamuwan*
- *Wekdal ening sawetawis*

### MAKEMPAL

Prdt. : Ing Minggu Paska kaping 6 samangké, sumangga kita ngènget-ènget Panjenenganipun ingkang sampun séda, wungu saha gesang malih!

U. : PINUJIA SANG KRISTUS YÉSUS, GUSTI KITA!  
HALÉLUYA!!!

- *Pasamuwan jumeneng lajeng ngrepèkaken KPK 269:1,2,5*

PAMARTA KULA AGESANG

Pamarta kula agesang tyas kula mila agirang

kang sinalib gesang, dènnya séda krana kula  
wunguné dados panjernya, kula ndhèrèk gesang  
gesang, gesang, Pamarta kula agesang,  
gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

Gesang Gusti kang wus séda  
lebur panguwasaning dosa salir tyang raharja  
gung sihé Gusti mring kula  
mila sinung gesang nyata kula ndhèrèk gesang,  
gesang, gesang, Pamarta kula agesang,  
gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

Gusti Pamarta kang gesang nimbali marek salir tyang,  
kinèn pracayaa. Tan wonten gesang sejati  
namung krana Yésus Gusti, kang agesang mulya,  
gesang, gesang, Pamarta kula agesang,  
gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

## VOTUM

JK. : Pangibadah Minggu Paska kaping 6 samangké  
kelampahan wonten ing asmanipun Allah sang rama,  
sang Putra tuwin Sang roh Suci. Amin  
U : (*aklamasi*) AMIN, AMIN, AMIN.

## SALAM

JK : Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita  
lan saking Gusti Yésus Kristus wonten ing  
panjenengan sadaya.  
U : UGI WONTEN ING PANJENENGAN.

- *Pasamuwan Lenggha*

## ATUR PAMBUKA

Prdt. : Gesang punika kebak wewadi! Kadhangkala ing manah  
kita tuwuhan pitakènan-pitakènan tumrap bab-bab  
ingkang miturut kita mboten pinanggih ing nalar, kita  
malah asring nglepataken Gusti. Kadhangkala kita  
nggadhahi panganggep bilih Gusti sampun klèntu miji  
satunggaling bab ingkang kita prangguli utawi kita

alami! Pitakènanipun, “Punapa ingkang kita tindakaken punika leres? Utawi, punapa sejatosipun kita ingkang saweg ngalami prekawis, inggih punika bilih kita dèrèng saged nyelami punapa ingkang dipun galih déning Gusti?

Para sadhèrèk,

Gusti Allah mboten badhé klèntu miji punapa kémawon! Gusti maha kuwaos! Panjenenganipun maha mirsa! Panjenenganipun saèstu nresnani sadaya titah-Ipun! Pinujia Gusti Ingkang Nitahaken jagad saisinipun!

- *umat ngrepèkaken KPK 16:1,2*

### PUJI MRING ALLAH KANG MAHA WISÉSA

Puji mring Allah Pangéran kang Maha wisésa muji ramya binarung lan sawernining gangsa pangidungnya klayan bingah ing manah nggunggung Gustining pratitah.

Puji mring Allah kang sèstu adil pangrèhira, ngreksa lan ngrimati srana lubèring berkahnya, nging saklangkung gung sihnya mring tyang dosa, tinebus temah waluya.

### PANGAKEN DOSA

Prdt. : Sumangga kita ngakeni dosa kita ing ngarsanipun Gusti kanthi litani sesautan mekaten:

Dhuh Gusti, sanadyan kawula mangertos bilih Paduka nresnani kawula saha sadaya titah Paduka ....

Sanadyan kawula mangertos bilih Paduka mboten naté klèntu miji punapa kémawon ....

Ananging ... kawula blaka ... bilih kawula asring nglepataken Paduka... ugi nglepataken tiyang-tiyang ing kiwa tengen kawula ....

U. : DHUH GUSTI, NYUWUN PANGAPUNTEN

Prdt. : Dhuh Gusti, Paduka kersaa mitulungi kawula, supados kawula saged nresnani Paduka kanthi gumolonging

- manah, nyawa sarta budi kawula.
- U : MUGI PADUKA UGI MITULUNGI KAWULA SAGEDA NRESNANI SESAMI KAWULA KADOSDÉNÉ KAWULA NRESNANI BADAN KAWULA PIYAMBAK.

- *Kalajengaken donga pangakening dosa sacara pribadi – kairangan ungeling musik instrument KPK 53.*
- *Umat ngrepèkaken KPK 53:1-3.*

## ANÈNG NGARSANÉ GUSTI

Anèng ngarsané Gusti binuka isining kalbu,  
sanyata najis uripku anèng ngarsané Gusti.

Anèng ngarsané Gusti, katon cetha kluputanku,  
mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.

Anèng ngarsané Gusti, kasaosken ringkikh semplah,  
reribed Ian nyawa lungkrah, anèng ngarsané Gusti.

- *umat jumeneng*

## PAWARTOS SIH-RAHMAT

JK. : Tumraping saben tiyang ingkang purun ngakeni saha nelanggsani dosa tuwin kalepatanipun kanthi tulusing manah ing ngarsanipun Gusti, Serat Roma 8:33-39 nélakaken:

“Sapa kang bakal nggugat para pepilihané Gusti Allah? Apa Gusti Allah kang mbeneraken wong-wong mau? Sapa kang bakal matrapi paukuman? Apa sang Kristus kang wus séda? Malah luwih saka iku, apa kang wus kawungokaké, kang lenggah ana ing satengené Gusti Allah, kang malah dadi pangemban kita? Sapa kang bakal megataké kita saka ing sihe Sang Kristus? Apa panganiaya, apa rupeking ati, apa panguya-uya, apa kaluwèn, apa kawudan, apa bebaya, apa pedhang? Kaya kang wus katulisan: Margi saking Paduka, kawula sami wonten ing salebeting bebaya pejah sadinten muput, kawula sami kaanggep kados ménda sembelihan. Nanging

mungguhing bab iku mau kabèh, kita padha ngungkuli wong kang padha menang, jalaran saka Panjenengané kang wus ngasihi kita. Sabab aku mesthèkaké, sanadyan pati utawa urip, para malaékat apa para panguwasa, kang saiki ana utawa kang bakal ana, apa para panguwasa kang ana ing ndhuwur utawa ing ngisor, lan sadhèngah titah liyané, ora bakal bisa megataké kita saka ing sihé Gusti Allah, kang ana ing Sang Kristus Yésus, Gusti kita.“

Makaten Pawartos Sih-rahmat saking Gusti.

U : PUJI SOKUR KONJUK GUSTI.

### **SALAM TENTREM RAHAYU**

JK : Wonten ing saha lumantar Sang Kristus, kita sampun karukunaken kaliyan Gusti Allah. Pramila samangké sumangga kita sami sesarengan mujudaken perdhämèn kaliyan sesami kita. Salam tentrem rahayu!

U :

- *umat samijawat asta kakanthènan pangucap: “tentrem rahayu”*
- *umat ngrepèkaken KPK 13:1-3*

### **AKU DUWÉ PAMARTA**

Aku duwé Pamarta Yésus Kristus asmanya  
kang wus ngurbancken sarira ngruwat aku sing dosa,  
Duwèkku duwèkku Gusti Yésus Pamartaku  
dak puji trusing kalbu.

Aku duwé Pamarta satuhu ing kasetyan,  
yèn aku nyangga panandhang pinaringan karosan,  
Duwèkku duwèkku Gusti Yésus Pamartaku  
dak puji trusing kalbu.

Aku duwé Pamarta putrèng Allah pribadya,  
yèn aku karoban susah tinunggil mrih tan lesah,  
Duwèkku duwèkku Gusti Yésus Pamartaku  
dak puji trusing kalbu.

- *umat lenggah*

## PALADOSAN PANGANDIKA

- DONGA NYUWUN PANUNTUNIPUN ROH SUCI (JK)
- PAMAOSING KITAB SUCI

### Waosan I

L. : (maos **Lelakané Para Rasul 10:44-48**)

Makaten Sabdanipun Gusti

U. : PUJI SOKUR KONJUK GUSTI!

### Mazmur Tanggapan

L. : (Maos utawi ngrepèkaken **Mazmur 98** sacara gantosan kaliyan pasamuwan).

### Waosan kaping kalih

L. : (Maos **1 Yohanes 5:1-6**)

Makaten Sabdanipun Gusti!

U. : PUJI SOKUR KONJUK GUSTI!

### Pamaosing Injil

JK. : Pamaosing Injilipun Gusti Yésus Kristus kapethik saking **Yohanes 15:9-17**.

Makaten Injilipun Sang Kristus. Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti saha ngéstokaken. Haléluya!

U. : (*aklamasi*) HALÉLUYA, HALÉLUYA, HALÉLUYA!

- KHOTBAH
- WEKDAL ENING

- *umat jumeneng*

## PANGAKEN PITADOS

Prdt.: Sumangga kita sami ngekahaken kapitadosan kita srana sesarengan ngucapaken Sahadat Kalih Welas ingkang makaten ....

- *umat lenggah*

## DONGA SYAFAAT

(JK ngunjukaken donga syafaat kapungkasan Donga Rama Kawula)

### PISUNGSUNG

Prdt. : Sumangga kita sami nyaosaken pisungsung sokur ingkang kita dhasaraken ing pangandikanipun Gusti:

“Amargi kasugihan saha kamulyan punika pinangkanipun saking Paduka saha Paduka ingkang nguwaosi samukawis; kakiyatan saha kaunggulan punika wonten ing asta Paduka; Paduka ingkang ngasto pangwaos ngagengaken saha nyantosakaken samukawis sadaya. Sapunika, dhuh Allah kawula, kawula sadaya sami ngunjukaken panuwun dhumateng Paduka saha sami ngluhuraken asma Paduka ingkang agung punika. Amargi sinten ta kawula punika saha punapa ta bangsa kawula punika, déné kawula sami saged ngunjukaken pisungsung manasuka kadosdéné sapunika punika? Awit saking Paduka pinangkanipun samukawis sadaya saha inggih saking asta Paduka piyambak pinangkanipun pisungsung ingkang sami kawula unjukaken dhumateng Paduka punika.” (1 Babad 29:12-14).

- umat nglempakaken pisungsung sokur kakanthènan pangrepèking KPJ 157:1-.

### CAOSNA PISUNGSUNGMU

Caosna pisungsungmu anèng pasamuwan  
Klayan lilaning ati, klawan legawa.

Aturna pisungsungmu kanthi sukarena.  
Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah,  
minangka panuwunmu, wit sihing Allah.

Kamirahaning Gusti tanpa tinandhingan  
Sarana samubarang saisining bumi.  
Jer sih-rahmating Gusti tansah binabar.  
Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah,

minangka panuwunmu, wit sihing Allah.

Pisungsung kagem Gusti dadia sarana  
 Amrih kratoning Allah énggal kelampah.  
 Tentrem miwah rahayu, Gusti kang paring.  
 Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah,  
 minangka panuwunmu, wit sihing Allah.

- *umat jumeneng*
- *Prdt ngunjukaken pandonga pisungsung lan pungkasaning pangibadah.*
- *umat ngrepèkaken kidung pangutusan KPK 171:1,2*

### UTUSANING GUSTI

Ing jagad kang peteng krana dosa kathah tyang kang sulayah  
 awrat ing panandhang mila ngresah  
 samya semplah ing manah.

Sumangga Gusti ngagem kawula, mbabar tresna kang sanyata  
 Sumangga Gusti ngutus kula  
 numrahken berkah dhateng tyang kathah.

Angundhangken sih rahmating Gusti lelabet wah leladi,  
 margining tyang luwar sing sangsara temah samya raharja,  
 Sumangga Gusti ngagem kawula, mbabar tresna kang sanyata  
 Sumangga Gusti ngutus kula  
 numrahken berkah dhateng tyang kathah.

### PANGUTUSAN

- JK. : Para sadhèrèk ingkang kinasih, samangké kita badhé  
 sami mengker saking papan pangibadah punika.  
 Pramila mengkera kanthi tentrem rahayu saking Gusti,  
 lan enerha manah panjenengan dhumateng Gusti.
- U. : KAWULA NGENERAKEN MANAH KAWULA  
 DHUMATENG GUSTI
- JK. : Dadosa seksinipun Sang Kristus
- U. : PUJI SOKUR KONJUK ALLAH
- JK. : Pinujia Gusti
- U. : SAMANGKÉ LAN ING SALAMI-LAMINIPUN

**BERKAH**

JK : Sih rahmatipun Gusti Allah saha sihipun Gusti Yésus Kristus tuwin wonten ing patunggilanipun Sang Roh Suci wontena ing para sadhèrèk (kita) sadaya. Amin

U : (*aklamasi Amin*)  
1 . . 7 . | 1 . ||  
A ----- min

[mh]



# MÉKRAD



## Bahan Liturgi Mékrad

### MÉKRADIPUN GUSTI YÉSUS: TETINGALAN SARTA PATRAPIPUN NGUTUS

Kemis, 10 Mei 2018

*Katrangan :*

P/D	: Pinisepuh/Dhiaken
U	: Umat
UW	: Umat Wanita
UP	: Umat Priya
PS	: Pelados Sabda
PL	: Pelados Liturgi
L	: Lèktor

### PACAWISAN

- *Pandonga pacawisan ngibadah*
- *Panyumeting lilin.*
- *Pamaosing pokok-pokok pawartos pasamuwan.*
- *Wekdal ening kagem umat.*

### MAKEMPAL

- PL : Hé para bangsa kabèh, padha keplok-keploka, padha methuka Gusti Allah kalawan surak-surak! Awit Pangéran Yéhuwah Kang Mahaluhur iku nggegirisi, sarta jumeneng Ratu Agung ana ing salumahing bumi.
- UW : Para bangsa padha ditelukaké marang kita, sarta para suku bangsa padha disoraké ana ing tlapakan kita.

Kita padha kapilihaké tanah-pusaka kita, kang digung-gungaké déning Rama Yakub, kekasihé.

- U : Gusti Allah wus sumengka ingiring ing surak ramé,  
iya Sang Yéhuwah iku sumengka kalawan kairing ing  
swaraning kalasangka.  
Gusti Allah padha saosana kekidungan masmur,  
padha saosana kekidungan masmur.  
Padha ngidunga masmur kagem ratu kita, padha  
ngidunga masmur!  
UW : Amarga Gusti Allah iku Ratu ing salumahing bumi,  
padha ngidunga masmur, kidung piwulang!  
Gusti Allah iku ngratoni para bangsa,  
sarta lenggah ing dhamparé kang suci.  
U : Para panggedhéning bangsa-bangsa padha ngumpul,  
kang padha dadi umaté Allahé Rama Abraham. Sabab  
tamèng-tamènging bumi iku kagungané Gusti Allah,  
Panjenengané iku banget anggoné kaluhuraké.

- *Umat jumeneng sarta ngidungaken KPJ 26:1-3 “Pinuji Gusti”*

### PINUJI GUSTI

do = F 3/4

1. Pinuji Gusti kang nitahken jagad,  
siyang ratri tan kendhat ngganjar sih-rahmat.  
Refr.: Halléluya, sagung bekti  
mring Ratu swargi.
2. Pinuji Gusti Sang Jurubasuki,  
kang ngurbanke sarira nebus manungsa  
Refr.:
3. Pinuji Gusti Allah Sang Roh Suci,  
kang nuntun ing kraharjan wah kasampurnan.  
Refr.:

**VOTUM**

PS : Pangibadah mékradipun Gusti Yésus punika katindakaken ing Asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra, tuwin Sang Roh Suci.

U : (*ngidungaken KPJ 464b*) AMIN, AMIN, AMIN.

**SALAM**

PS : Tentrem-rahayunipun Gusti Allah nunggila ing panjenengan!

U : UGI NUNGGILA ING PANJENENGAN!

- *umat lenggah*

**ATUR PAMBUKA**

PL : Mékradipun Gusti Yésus dhateng swarga mboten namung satunggaling lelampahan, ananging wonten makna sanèsipun ingkang tansah dipunpèngeti sarta dipunriyayakaken ngantos sapriki. Wekdal punika kita makempal ing papan punika kanggé ngènget-ènget malih lelampahan ingkang dados tetales tumrap anggèn kita kautus. Kanthi raos sokur, sumangga kita tanggapi jejibahan minangka utusanipun Gusti Yésus kanggé martosaken katresnanipun Allah.

- *umat ngidungaken KPJ 282:1-2 “Swawi Sami Suka-suka”*

**SWAWI SAMI SUKA-SUKA**

do = A birama bebas

1. Swawi sami suka-suka nggèn kula ngènget-ènget. Gusti minggah maring swarga, mén dah kaluhuranipun. Njeng Gusti Juruslamet.
2. Nyata sinungan kamulyan lan sagung pangawasa; wonten ing swarga kalayan ing bumi, nggih jinulukan ngungkuli sagung nama.

**ANDHARANING PANGAKEN DOSA**

PL : Samangké kita dipuncawisi wekdal kanggé ngakeni dosa kita. Sumangga kita kanthi jujur ing ngarsanipun

Gusti Allah, ngakeni sadaya tumindak ingkang sampun kita lampahi. Awit saking punika kula ngaturi wekdal dhateng panjenengan kanggé ndedonga pribadi ngakeni dosa-dosanipun, sarta nyuwun Roh Suci nyagedaken kita saya sumingkir saking dosa kita. Kita ndedonga ..... (*salajengipun PL muntun pandonga pangaken dosa sesarengan*)

- *umat ngidungaken KPJ 49:1-3 “Gusti Kang Mahawilasa”*

### GUSTI KANG MAHAWILASA

do = G 4/4

1. Gusti kang Mahawilasa, mugi paring aksama.  
Kula getun dé klepatan, nglawan dhateng Pangéran;  
nglirwakken dhawuh Paduka, manut hardening driya.  
Temah tan ngraosken tentrem wah malih gesang langgeng.
2. Gusti ingkang Mahatresna, mugi ngruwat kawula;  
temah kula dados suci miyah nunggil lan Gusti.  
Manah kang peteng wit dosa énggal pulih lejara.  
Pangajeng-ajeng binuka, ngener mring Allah Rama.
3. Gusti ingkang Mahakwasa, mugi nuntun kawula;  
ngambah ing margi utami, nurut pangrèh Paduka.  
Awit kwasaning Roh Suci, nytingkur karsèng pribadya,  
nglawan kapèncuting donya, mrih raharja slaminya.

- *umat jumeneng*

### PAWARTOS SIH RAHMAT

PS : Kula aturi mirengaken pawartos sih rahmat ing Kolosé 2:12-13,  
“..... marga ana ing Panjenengané kowé padha ndhèrèk kakubur sarana baptis, lan ana ing Panjenengane ndhèrèk katangèkaké uga lantaran pracayamu marang pakaryané kwasaning Allah, kang wis mungokaké Panjenengané saka antarané wong mati. Mangkono uga kowé, sanadyan ing mauné kowé

padha mati déning panerakmu lan ora tetak sacara lair, wis diuripaké déning Allah bareng karo Panjenengané, yaiku sawisé Panjenengané ngapura sakèhing panerak kita.”.

Makaten pawartos sih rahmat saking Gusti Allah.

U : PUJI SOKUR KONJUK GUSTI ALLAH

PS : Salam tentrem rahayu kanggé kita sadaya .....

- *umat sami jawat asta kanthi ngucapaken “tentrem rahayu”*
- *umat ngidungaken 281:1 - 4 “Nèng Wismané Rama”*

## NÈNG WISMANÉ RAMA

do = G 4/4

Sesarengan

1. Nèng wismané Rama gung panggénannya,  
nèng wismanya Sang Rama.  
Ngriku Gusti nyadhang papan mring kula,  
nèng wismanya Sang Rama.  
Éndah wismanya pramukti, tan kinging winirasa.  
Ngriku para suci girang memuji,  
nèng wismanya Sang Rama.  
Refr.: Wismanya Sang Rama, paleremané pra sukma,  
nagrinya pra muktya, nèng wismanya Sang  
Rama.

Umat Priya

2. Nggriku inggih wonten larénya ugi,  
nèng wismanya Sang Rama.  
Laré ingkang sami lulut mring Gusti,  
nèng wismanya Sang Rama.  
Éndah wismanya pramukti, (salajengipun)

Umat Wanita

3. Ngriku tyang sadaya suci sampurna,  
nèng wismanya Sang Rama.  
Pra kang tinebus sinami Gustinya,  
nèng wismanya Sang Rama.  
Éndah wismanya pramukti, (salajengipun)

Sesarengan

4. Kang tresna mring Gusti ngriku dunungnya,  
nèng wismanya Sang Rama.  
Wah kang ngugemi langgeng gesangira,  
nèng wismanya Sang Rama.  
Endah wismanya pramukti, (salajengipun).

▪ *umat lenggah*

### **PALADOSAN SABDA**

- PANDONGA ÉPIKLÉSE (*dénинг PS*)
- PAMAOSING KITAB SUCI

#### Waosan Kapisan

- L : (*maos Lelakoné Para Rasul 1:1-11*)  
Makaten Sabdanipun Gusti Allah!  
U : PUJI SOKUR KONJUK GUSTI ALLAH!

#### Masmur Tanggapan

- L : (*maos Jabur Masmur 47 kanthi imbal-imbalan kaliyan umat*).

#### Waosan Kaping Kalih

- L : (*maos Éfesus 1:15-23*)  
Makaten Sabdanipun Gusti Allah!  
U : PUJI SOKUR KONJUK GUSTI ALLAH!

#### Waosan Injil

- PS : Pamaosing Injilipun Gusti Yésus Kristus kapendhet saking **Lukas 24:44-53**.  
Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti Allah sarta ingkang nindakaken ing gesang padintenan. Haléuya!  
U : (*ngidungaken*) HALÉUYA, HALÉUYA, HALÉUYA!

- KHOTBAH
- WEKDAL ENING

▪ *umat jumeneng*

## PANGAKENING PITADOS RASULI

P/D : Sesarengan kaliyan umatipun Gusti Allah ing sadhéngah wekdal saha papan, sumangga kita nganyaraken iman kapitadosan kita kanthi ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli sesarengan.

- *umat lenggah*

## PANDONGA SYAFAAT

*Dénings PS, dipunpungkasi kanthi Pandonga Rama Kawula (saged dipun kidungaken manut KPJ 152)*

## PISUNGSUNG

P/D : Sumangga kita bingah-bingah sarta nélakaken sokur kita awit Gusti Allah ngutus kita dados tiyang ingkang martosaken katresnanipun Allah kanthi ngaturaken pisungsung. Pisungsung kita aturaken kanthi ènget dhateng Sabdanipun Gusti:

“Tumrap ing sadhéngah prakara aku wis awèh tuladha marang kowé, yèn wong padha kuwajiban nyambut-gawé mangkono kagawé mbiyantu wong-wong kang sèkèng sarta kudu éling marang pangandikané Gusti Yésus, sabab Panjenengané piyambak wis ngandika: Luwih begja wong wèwèh, katimbang karo nampani.” (Lelakoné Para Rasul 20:35).

- *umat ngaturaken pisungsung sokur kanthi ngidungaken KPJ 160:1-3 “Gusti, Kawula Ngaturken Badan-Nyawa”*

## GUSTI, KAWULA NGATURKEN BADAN-NYAWA

do = D 3/4

1. Gusti, kawula ngaturken badan nyawa kawula,  
sumangga Paduka agem kawula kagunganta.  
Refr.: Bingah sisaha kula marem nunggil Paduka,  
dhuh Gusti purbèng tresna, kula pasrah Paduka.
2. Daten wonten andel-andel, namung Paduka Gusti;  
mila kawula kumenadel pasrah kang trusing ati.  
Refr.:

3. Raja brana, kasugihan, dalasan kasagedan,  
kagema dados lantaran babaring kabingahan.
- Refr.:

- *umat jumeneng*
- *P/D nuntun pandonga pisungsung*
- *umat ngidungaken kidung pangutusan KPJ 445:1 “Mugi Gusti Karsa Angutus”*

### MUGI GUSTI KARSA ANGUTUS

do = A 2/4

1. Mugi Gusti karsa angutus utusan  
kados duk kinanipun,  
ingkang ngemban sabdananing Allah  
lan martosken sih-piwelasipun,  
supados tyang salumahing bumi  
sami nampia Injiling Gusti.

### PANGUTUSAN

- PS : Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah!
- U : KAWULA NGENERAKEN MANAH DHUMATENG  
GUSTI ALLAH!
- PS : Dadosa seksinipun Sang Kristus.
- U : KAWULA SAMEKTA DADOS SEKSINIPUN SANG  
KRISTUS
- PS : Pinujia Gusti Allah kita
- U : SAMANGKÉ DUMUGI ING SALAMI-LAMINIPUN
- PS : Tampènana berkahipun Gusti Allah:  
Mugi panguwaosing mékradipun Gusti Yésus dhateng  
swarga, mboten andamel panjenengan këndel jegreg,  
ananging ningali jagat minangka papan panjenengan  
andum katresnan.
- Mugi panguwaosipun Allah maringi panjenengan  
kekendelan kanggé dados tiyang ingkang martosaken  
katresnanipun Allah.
- Mugi gesang panjenengan kapenuhan ing kabingahan,  
sapunika ngantos salami-laminipun. Amin.
- U : (*ngidungaken KPJ 469*) HALÉLUYA [4x]

[har-den]

# PASKA VII



## Bahan Liturgi Paska VII

### KASUCÈN KANGGÉ NGAYAHİ JEJIBAHAN MINANGKA UTUSAN

Minggu, 13 Mei 2018

*Katrangan :*

P/D : Pinisepuh/Dhiaken  
 U : Umat  
 PS : Pelados Sabda  
 PL : Pelados Liturgi  
 L : Lèktor

#### PACAWISAN

- *Pandonga pacawisan ngibadah*
- *Panyumeting lilin.*
- *Pamaosing pokok-pokok pawartos pasamuwan.*
- *Wekdal ening kagem umat.*

#### MAKEMPAL

- PL : Sumangga kita sujud manembah dhumateng  
 Pangéran Yéhuwah ingkang nitahaken kita.  
 U : AWIT PANJENENGANIPUN GUSTI ALLAH KITA,  
 SARTA KITA PUNIKA UMAT NGÈN-NGÈNANIPUN  
 LAN PEPANTHAN MÉNDA RÈH-RÈHANIPUN.  
 PL : Pangéran Yéhuwah punika ambeganing gesang kita  
 U : PANGUWAOS INGKANG NGÉNGGALAKEN GESANG  
 KITA.

- PL : Pangéran Yéhuwah nimbali, ngiyataken, nuntun,  
sarta ngutus kita.
- U : PINUJIA GUSTI ALLAH KITA
- PL. : Sami ngabektia dhumateng Pangéran Yéhuwah  
kalawan sukarena, sowana ing ngarsan-Ipun kanthi  
surak-surak!
- U. : AMARGI PANGÉRAN YÉHUWAH PUNIKA BECIK,  
SIH-KASETYANIPUN KANGGÉ ING SALAMI-  
LAMINIPUN, SARTA KASETYANIPUN LESTANTUN  
TURUN-TUMURUN.

- *umat jumeneng ngidungaken KPJ 2:1, 3 “Allah Maha Suci”, ing salebetipun umat ngidung, palados pangibadah mlebet ing papan pangibadah.*

### ALLAH MAHA SUCI

do = G 4/4 6/4

4. Allah Mahasuci, kula asung puji  
ing pangibadah puniki.  
Agung kamulyanta, ageng sih Paduka  
kang nitahken jagad raya.  
Pinuji Hyang Widi, kang siyang lan ratri  
ngreksa lan ngrimati.
5. Dhuh Allah Mamirah, sru adrenging manah,  
kula sami nyadhong berkah.  
Nggih sabda kang suci, sabdanipun Gusti  
kang paring gesang sejati.  
Pinuji Roh Suci kang ngénggalken budi,  
nilar gesang lami.

### VOTUM

- PS : Sumangga kita lumebet ing pangibadah punika  
kanthi sesarengan ngakeni:
- PS+U : PITULUNGAN KITA PUNIKA WONTEM ING ASMA-  
NIPUN ALLAH, INGKANG NITAHAKEN LANGIT  
KALIYAN BUMI.
- PS : Pinujia Allah Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh  
Suci.

U : SAMANGKÉ DUMUGI ING SALAMI-LAMINIPUN.  
 PS+U : (*ngidungaken*) AMIN, AMIN, AMIN.

## SALAM

PS : Tentrem rahayu saking Allah kita, wonten ing panjenengan sami!  
 U : WONTEM ING PANJENENGAN UGI!

- *umat lenggah.*

## ATUR PAMBUKA

PL : Lumantar Sang Kristus kita katebus sarta kasucèk-aken, kados suraosing pangandikanipun Gusti punika: “Panjenengané wis ngleresaké, nucèkaké sarta nebus kita,” (1 Korintus 1:30b).

Pakaryanipun Gusti anggènipopnebus tuwin nucèkaken kita punika katindakaken mrih kita sembada ngayahi jejibahan minangka utusan martosaken katresnanipun Allah. Punapa kita sumadhiya kaagem Panjenenganipun ngayahi jejibahan minangka utusan-Ipun Gusti?

- *umat ngidungaken KPJ 450:1,2 “Sumangga Makarya”*

## SUMANGGA MAKARYA

do = Bes 4/4

1. Sumangga makarya, para utusan setya ngundhangken kabar adya, sih-rahmat saking swarga; mrih tyang kang peteng manahnya, dadya padhang lejara.  
 Sumangga samekta, tansah makarya.
2. Sumangga makarya, dipun kepara cukat, mbabarken tresna sanyata; mrih tyang dosa mratobat, panggah ngadhepi bebaya, Gusti ngantri slaminya.  
 Sumangga samekta, tansah makarya.

## PANGAKEN DOSA

*Sawetawis wakilipun umat (makili bapak, ibu, lan anak) ngaturaken pandonga pangaken dosa kanggé anggènipun mboten setya dhateng Gusti Allah. PS mungkasi kanthi pandonga pangaken dosa. Kanggé saben wakil ingkang ndedonga, umat nanggapi kanthi ngidungaken Refrèin KPJ 52.*

### KPJ 52. GUSTI SÈSTU KULA NALANGSA

do = C

Refrèin:

Dhu Gusti, kawula nyuwun apura,  
sinucèkken sing dosa.  
Mugi manah kula kaénggalna,  
mituhu Paduka.

- *umat jumeneng*

## PAWARTOS SIH RAHMAT

PS : Sang Kristus ngapunteni kalepatan panjenengan!  
 U : SANG KRISTUS UGI NGAPUNTE NI KALEPATAN PANJENENGAN!  
 PS : "Panjenengané banjur ngandika marang para sakabat sawelas mau, "Padha lungaa menyang saindenging jagat, padha martakna Injil marang sakèhing tumitah. Sapa kang pracaya lan kabaptis, bakal kaslametaké, balik kang ora pracaya bakal kaukum. Pratandha-pratandha iki bakal mbarengi para wong kang pracaya: Wong-wong pracaya iku bakal padha nundhungi sétan sarana jenengku, bakal padha guneman nganggo basa-basa anyar. Bakal padha nyekel ula, lan sanadyan ngombé racun kang matèni, ora bakal cilaka; bakal padha numpangi tangan marang para kang lara, lan iku bakal padha waras." (Markus 16:15-18)

Makaten pawartos sih rahmat saking Gusti Allah.

U : PUJI SOKUR KONJUK GUSTI ALLAH

PS : Salam tentrem rahayu kanggé kita sadaya .....

- *umat sami jawat asta kanthi ngucapaken “tentrem rahayu”*
- *umat ngidungaken KPJ 452:1, 4 “Tékading Manah Kawula”*

### TÉKADING MANAH KAWULA

do = D 4/4.

1. Tékading manah kawula  
tansah ndhèrèk mring Gusti,  
yéku Panutan sanyata, nggih Panebus sejati.  
Refr.: Margining salib ingambah,  
mbangun turut mring Allah  
Mbabarken tresna sejati,  
mrih jagad tentrem basuki.
4. Sanadyan rumpil marginya,  
nging Gusti tansah nganthing.  
Nadyan ribed lan sangsara, kula tegen nglampahi.  
Refr.:

- *umat lenggah*

### PALADOSAN SABDA

- PANDANGA ÉPIKLÉSE (DÉNING PS)
- PAMOSING KITAB SUCI

#### Waosan Kapisan

- L : (*maos Lelakoné Para Rasul 1:15-17, 21-26*)  
Makaten Sabdanipun Gusti Allah!  
U : PUJI SOKUR KONJUK GUSTI ALLAH!

#### Masmur Tanggapan

- L : (*maos Jabur Masmur 1 kanthi imbal-imbalan kaliyan umat*).

#### Waosan Kaping Kalih

- L : (*maos 1 Yohanes 5:9-13*)  
Makaten Sabdanipun Gusti Allah!  
U : PUJI SOKUR KONJUK GUSTI ALLAH!

### Pamaosing Injil

PS : Pamaosing Injil Yésus Kristus kapendhet saking **Yohanes 17:6-19.**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti Allah sarta ingkang nindakaken ing gesang padintenan. Haléluya!

U : (*menyanyikan*) HALELUYA, HALELUYA, HALELUYA!

- KHOTBAH
- WEKDAL ENING
  
- *umat jumeneng*

### **PANGAKEN PITADOS**

P/D : Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sadhéngah wekdal saha papan, sumangga kita ngénggalaken iman kapitadosan kita kanthi ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli sesarengan .....

- *umat lenggah*

### **PANDONGA SYAFAAT**

*Dénings PS, kapungkasan kanthi ngidungaken utawi ngucapaken Donga Rama Kawula.*

### **PISUNGSUNG**

P/D : Sumangga kita ngaturaken pisungsung kanthi manah sokur karana Gusti Allah sampun nucèkaken sarta ngutus kita supados lelados kagem Panjenenganipun. Pangandikanipun makaten, "Awit saka iku padha nulada marang Allah, dikaya putra-putra kang kinasihan lan padha uripa ing katresnan, kayadéné Kristus Yésus uga wis ngasihi kowé kabèh lan masrahaké sarirané kanggo kita minangka pisungsung lan kurban kang arum kagem Allah." (Éfesus 5:1-2).

- *umat ngempalaken pisungsung sinambi ngidungaken KPJ 170:1-4*

## LUBÈRING BERKAH SING GUSTI

do = A 4/4

1. Lubèring berkah sing Gusti, yéku prajanji suci;  
urip mulya anèng swarga, pinaringken Sang Putra.  
Refr.: Berkahing Gusti, iku dak anti-anti,  
sayoga tansah tinampi klayan tulusing ati.
  
  2. Lubèring berkah sing Gusti, dadya seger uripku;  
saka gunung miwah lembah, lir grojogan keprungu.  
Refr.:
  
  3. Lubèring berkah sing Gusti, iku kang dak sesuwun;  
Aparinga lubèr agung, maring umat sadarum!  
Refr.:
  
  4. Lubèring berkah sing Gusti, iku kang kita anti;  
atiku tansah binuka, diénggal kaparingna!  
Refr.:
- *umat jumeneng*
  - *P/D nuntun pandonga pisungsung.*

## PANGUTUSAN

- PS : Pangibadah kita samangké sampun purna,  
U : PANJENENGANIPUN SAMPUN NUCÈKAKEN KITA.  
PS : Panjenengan pirsani jagat punika, panjenengan  
sawang tegalan ingkang sampun samekta dipun enèni.  
U : KAWULA SAMEKTA DADOS AMONG TANI INGKANG  
BADHÉ NGENÈNI!

- *umat ngidungaken KPJ 207:1-2 “Sanyata Panèné Wus Gumelar”*

## SANYATA PANÈNÉ WUS GUMELAR

do = G 4/4

1. Sanyata panèné wus gumelar,  
mung sethithik kang nderepi.  
O, kanca, mara dèn kanthi binger,

énggal padha rumagang ngenèni.  
 Refr.: Gya tumandanga anderepi,  
 kangèlané dadi kabungahané.  
 Gya rumaganga ngenèni émané  
 sthik kang nindakaké.

2. Dhuh Pangéran kang kagungan panèn,  
 mugi Paduka karsa ndhawuhi.  
 Kathah tiyang kang sami telatèn,  
 trampil, prigel, lan sengkut ngenèni.

- PS. : Mengkera kanthi tentrem rahayu kanggé ngladosi Gusti Allah.
- U : PUJI SOKUR KONJUK GUSTI ALLAH
- PS : Panjenengan caosi dhahar tumrap ingkang sami kerapan, sarta panjenengan caosi ngunjuk tumrap ingkang sami kasatan. Panjenengan tuwèni ingkang sami sakit, kelukaran, sarta kinunjara. Panjenengan biyantu golongan ingkang kasingkiraken sarta tiyang neneka.
- U : KAWULA BADHÉ NINDAKAKEN PALADOSAN KANGGÉ TIYANG-TIYANG INGKANG KAANGGEP NISTHA.
- PS : Panjenengan ulukaken manah panjenengan dhumateng Gusti Allah, sarta tampènana berkahipun Gusti:  
 “Muga Allah kang kagungan tentrem-rahayu iku nucèkaké kowé ing sasampurnané lan muga roh, jiwa lan badanmu kareksa kanthi tanpa cacad nalika rawuhé Yésus Kristus, Gusti kita. Panjenengané kang nimbali kowé iku setya, Panjenengané uga bakal minangkani.” (1 Tésalonika 5:23-24)
- U : (*ngidungaken*) HALÉLUYA [5x] AMIN [3x]

[asp-den]

# PÉNTAKOSTA

## Bahan Liturgi Péntakosta



### ROH SUCI NYAGEDAKEN KITA MARTOSAKEN KATRESNAN KANGGÉ SESAMI

Minggu, 20 Mei 2018

Dipunprayogakaken gedhong gréja dipunrengga kanthi lambang peksi dara utawi ilat-ilatan lalu ingkang murub kanggé ngémutaken umat bilih dinten punika dinten Péntakosta. Salah satunggaling tuladha dhékor utawi rerenggan panggung saged dipun pirsani ing: <http://asiarmi.blogspot.co.id/2016/05/happy-pentecost-to-all.html>

*Katrangan:*

P/D	:	Pinisepuh/Dhiaken
U	:	Umat
PS	:	Palados Sabda
PL	:	Palados Liturgi
L	:	Lèktor

### PACAWISAN

- *Pandonga pacawisan ngibadah*
- *Panyumeting lilin*
- *Pamaosing pokok-pokok pawartos pasamuwan*
- *Wekdal ening kagem umat*
- *Umat jumeneng*

## MAKEMPAL

PL : Ing salebetipun nitahalen langit bumi saisinipun,  
 U : ROHIPUN ALLAH NYIPTA KANTHI DAYA KRÉASI.  
 PL : Ing salebetipun milujengaken,  
 U : ROHIPUN ALLAH MARINGI KAWILUJENGAN  
      WETAH.  
 PL : Ing salebetipun ngrimati gesang,  
 U : ROHIPUN ALLAH NÉLAKAKEN KATRESNAN  
      INGKANG TANPA WATES  
 PL : Ing salebetipun nélakaken pangajeng-ajeng,  
 U : ROHIPUN ALLAH MARINGI PANGAJENG-AJENG  
      INGKANG MATON.  
 PL : Ing salabetipun mujudaken pratandha kratoning  
      Allah,  
 U : ROHIPUN ALLAH NIMBALI KITA MARTOSAKEN  
      KATRESNAN DHATENG SESAMI.  
 PL+U : PANJENENGANIPUN WONTEN ING MANAH  
      KAWULA,  
      WONTEN ING PANGANGEN-ANGEN KITA,  
      ING TANGAN LAN SUKU KITA,  
      ROHIPUN ALLAH LESTANTUN MAKARYA.  
      AWIT SAKING PUNIKA,  
      SUMANGGA KITA NGABEKTI DHUMATENG  
      PANJENENGANIPUN  
      ING SALEBETING ROH LAN KALERESAN.

- *Umat ngidungaken KPJ 287:1-3 “Roh Suci Roh Sejati”, ing salebetipun umat ngidung, palados pangibadah lumebet ing papan pangibadah.*

## ROH SUCI ROH SEJATI

do = G 3/4

3. Roh Suci Roh Sejati, mugi rawuh ing ati.  
 Ngénggalna manah kula, mrih ing lampah prayoga.  
 Setya bekti mring Gusti, wah asih mring sesami.  
 Wit panuntun Paduka, gesang kula sembada.
4. Dhuh Roh Suci, Roh Allah, anyantosakna manah.  
 Lamun karoban sisah, tatag, tanggon, tan semplah.

Manggul salibing Gusti, martosken Injil suci.  
Wit panuntun Paduka, kula gesang sembada.

5. Dhuh Roh Suci, Roh Kristus, nuwuhna manah tulus;  
andum berkah kabegjan, tan mawang mring salir tyang,  
temah tentrem raharja, sumrambah mring sesama.  
Wit panuntun Paduka, kula gesang sembada.

### **VOTUM**

- PS : Ingkang mitulungi kita punika Gusti Allah, ingkang nitahaken langit lan bumi.
- U : INGKANG SIH-KASETYANIPUN LANGGENG ING SALAMI-LAMINIPUN.
- PS : Pinujia Allah Sang Rama, Sang Putra, tuwin Sang Roh Suci.
- U : SAMANGKÉ DUMUGI SALAMI-LAMINIPUN.
- PS+U : (*ngidungaken*) AMIN, AMIN, AMIN.

### **SALAM**

- PS : Tentrem rahayu, Gusti nunggil panjenengan!
- U : NUNGGILA ING PANJENENGAN UGI.

- *umat lenggah.*

### **ATUR PAMBUKA SAHA PANDONGA PANGAKEN DOSA**

- PL : Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, ing Minggu Péntakosta punika kita kaémutaken dhateng pangreksanipun Allah lumantar Roh-Ipun. Panjenenganipun nyembadani saben umatipun Allah kanggé martosaken katresnan tumrap sesami.

Sumangga kita ndedonga.

Allah Rama kawula, wekdal punika kawula makempal kanggé ngriyayakaken katresnan Paduka dhateng jagat lumantar anggèn Paduka ngesoki Roh Suci. Kawula caos sokur karana Roh Paduka ingkang sampun Paduka esokaken, karsa dumunung ing antawis kawula, nuntun lampahing gesang kawula saben dinten. Kawula nyuwun pangapunten menawi manah, pangangen-angen

kawula nampik dhateng pakaryan Paduka. Mugi Roh Suci nyagedaken kawula ngraosaken dayaning katresnan Paduka ingkang sampun kaesokaken kanggé jagat. Ing pangayunanipun Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci kawula ndedonga.

PL+U : Amin.

- *umat ngidungaken KPJ 288:1-3 “Sang Roh Suci Dedalem Ing Ati”*

#### SANG ROH SUCI DEDALEM ING ATI

do = D 4/4.

1. Sang Roh Suci dedalem ing ati,  
amrih tyang gesang énggal sejati,  
tumemen olah katresan, wah karoban kabingahan,  
Sang Roh Suci dedalem ing ati.
2. Sang Roh Suci dedalem ing driya,  
temahan gesang tentrem-raharja,  
sabar, sarèh, paramarta, kautamèn dèntengenna,  
Sang Roh Suci dedalem ing driya.
3. Sang Roh Suci dedalem ing ati,  
damel tyang pitados setya-bekti,  
andhap-asor, alus-budi, saged ngemudhèni dhiri.  
Sang Roh Suci dedalem ing ati.

- *umat jumeneng*

#### PAWARTOS SIH RAHMAT

PS : Katresnanipun Allah ngrengkuh panjenengan ing salebetung pangapunten lan pangajeng-ajeng, kadoseéné ingkang kaserat ing Éfesus 1:13-14:  
 “Ana ing Panjenengané kowé kabèh uga padha kaecap kalawan Roh Suci kang kaprasetyakaké iku, -- awit kowé wis padha ngrungokaké pangandikaning kayektèn, yaiku Injiling karahayonmu, -- sawusé

kowé kabèh padha pracaya. Déné Roh Suci iku kang dadi tanggunganing warisan kita nganti kita padha tampa tebusan kang njalari kita dadi kagungané Allah, supaya memuji kaluhurané.”

Makaten pawartosing sih rahmat saking Gusti Allah.

**U : PUJI SOKUR KONJUK GUSTI ALLAH!**

- *Umat sami jawat asta kanthi ngucapaken “tentrem rahayu”.*
- *Umat tetep jumeneng ngidungaken KPJ 292:1-3 “Sang Roh Suci, Rohing Katresnan”*

### SANG ROH SUCI, ROHING KATRESNAN

do = D 4/4

1. Sang Roh Suci, rohing katresnan,  
nuntuna mring kula slaminya.  
nyingkirna raos pasulayan  
amrih jagad tentrem raharja,  
ngrukunken tyang kang cecongkrahan,  
mbereg nilar tumindak dosa,  
ngiyatken manah ingkang semplah.  
Dhuh Gusti nuntuna mring kula.
2. Dhuh Roh Suci, roh kasunyatan,  
nunggila mring kula slaminya,  
mrih babaring karsaning Allah  
wah tobating tyang ambek siya.  
Labuh labet sepi ing pamrih,  
nglawan panindhes klayan sih;  
tan ajrih pepalang rubéda.  
Dhuh Gusti, nunggila mring kula.
3. Dhuh Roh Suci, roh kaadilan,  
nganthia mring kula slaminya;  
mbabar adiling Allah,  
kraharjan warata sumrambah.  
Ngluwari tyang binandha dosa,  
nguculi jireting duraka,  
Ngayomi tyang ringkih wah papa.

Dhuh Gusti, nunggila mring kula.

- *Umat lenggah*

### **PALADOSAN PANGANDIKA**

- PANDONGA ÉPIKLÉSE (DÉNING PS)
- PAMAOSING KITAB SUCI

#### Waosan Kapisan

L : (*maos Lelakoné Para Rasul 2:1-21*).

Makaten Sabdanipun Gusti Allah!

U : (*ngidungaken KPJ 194:1, 2*)

KPJ 194 KITAB SUCI KANG ADI

do = G 4/4

1. Kitab suci kang adi, sabdèng Gusti sejati  
Éndah saklangkung éndah nugraha saking Allah,  
nugraha saking Allah.
2. Lembar sabda Paduka nuntun gesang kawula  
dadya pedhang menjila tamèng saking bebaya,  
tamèng saking bebaya.

#### Masmur Tanggapan

L : (*maos Jabur Masmur 104:24-34 kanthi imbal-imbalan kaliyan umat*).

#### Waosan Kaping Kalih

L : (*maos Roma 8:22-27*)

Makaten Sabdanipun Gusti Allah!

U : (*ngidungaken KPJ 194:3, 4*)

KPJ 194 KITAB SUCI KANG ADI

do = G 4/4

3. Sabda lan Roh sung nglipur nuwuhken raos sokur.  
Jinugarken kang nglawan dadya pangéwan-éwan,  
dadya pangéwan-éwan.

4. Kitab Suci kanga di, sabdèng Gusti sejati  
ngreksa wiwit cilikku ngedohken siksa pati,  
ngedohken siksa pati.

### Waosan Injil

PS : Pamaosing Injilipun Gusti Yésus Kristus kapendhet saking **Yohanes 15:26-27; 16:4b-15**.

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken tuwin ngèstok-aken pangandikanipun Gusti Allah. Haléluya!

U : (*ngidungaken*) HALÉLUYA, HALÉLUYA, HALÉLUYA!

- KHOTBAH
- WEKDAL ENING
- *Umat jumeneng*

### **PANGAKEN PITADOS**

P/D : Sesarengan kaliyan umatipun Gusti Allah ing sadhéngah wekdal saha papan, sumangga kita ngénggalaken iman kapitadosan kita kanthi ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli sesarengan.

- *Umat lenggah*

### **PANDONGA SYAFAAT**

*Pandonga syafaat prayogi dipun tindakaken déning sawetawis sadhèrèk, dipun pungkasi déning PS.*

### **PISUNGSUNG**

P/D : Sumangga kita ngaturaken pisungsung kanthi manah sokur kanthi ènget dhateng pangandikanipun Gusti,

”Wong iku mau karebèn padha ngaturaké panuwun marang Pangéran Yéhuwah, awit saka sih-kadarmané, lan marga saka kaélokané marang para anaking manungsa, sarta karebèn padha nyaosaké kurban pamuji sokur tuwin nyaritakaké pakaryané Gusti Allah kalawan surak-surak.”  
(Jabur Masmur 107:21-22)

Sadèrèngipun pisungsung kita aturaken dhateng Gusti Allah, sumangga kita ndedonga, ndongakaken pisungsung ingkang kita aturaken punika.(*P/D nuntun pandonga pisungsung*).

(*tumrap pasamuwan ingkang ngawontenaken riyaya undhuh-undhuh, riyaya undhuh-unduh saged katindakaken sabibaripun kanthong pisungsung kaladosaken*).

- *Umat ngaturaken pisungsung kanthi ngidungaken KPJ 173 “Mara Dha Aturna Pisungsungmu”*

#### MARA DHA ATURNA PISUNGSUNGMU

do = F 4/4 PI barang

1. Mara dha aturna pisungsungmu ing papan kang piniji; muga dadi keparengé Gusti; minangka pangabektimu. Mangky singkirna was sumelangmu, ginanti gumbiraning atimu; rinengga niyat kang warni-warni, pindha pusrita mekar nglam-lami.
2. Kalawan ati bungah menuhi, ing papan kang piniji; muga dadi keparengé Gusti, mundhut kembangé atimu. Mangky singkirna was sumelangmu, ginanti gumbiraning atimu; rinengga niyat kang warni-warni, pindha pusrita mekar nglam-lami.
3. Ngeturna klawan éklasing ati, ing papan kang piniji; muga dadi lan renané Gusti; nampèni pangabektimu. Mangky singkirna was sumelangmu, ginanti gumbiraning atimu; rinengga niyat kang warni-warni, pindha pusrita mekar nglam-lami.

- *Sasampunipun palados pisungsung ngasto kanthong pisungsung jumeneng ing ngajeng mimbar, umat jumeneng ngidungaken KPJ 161:1 “Jiwa Raga Kawula”*

## JIWA RAGA KAWULA

do = D 4/4

1. Jiwa raga kawula konjuk mring Sang Pamarta,  
mugi dados lantaran kamulyaning Pangéran,  
kamulyaning Pangéran.

## PANGUTUSAN

- PS : Wangsula dhateng papan dunung panjenengan piyambak-piyambak, sami gesanga kanthi gregeting sih-katresnan,
- U : MUGI KAKIYATANING ROH SUCI NYANTOSAKA-KEN KAWULA,  
SUPADOS GESANG ING SALEBETING KATRESNAN.
- PS : Wartosna katresnanipun Allah kanggé sesami. Panjenengan rengkuh sadaya tiyang, ingkang ketaton panjenengan blebed, ingkang sisah panjenengan lipur, telakna anggèn panjenengan nglabuhi, kaleresanipun Allah panjenengan wujudaken.
- U : KAWULA BADHÉ NIINDAKAKEN KANTHI BINGAH.

- *Umat ngidungaken KPJ 295:1-3 “Wit Sang Roh Suci”*

## WIT SANG ROH SUCI

do = D 6/4

1. Wit Sang Roh Suci, kula kasagedna,  
martosken Injil adi, Kraton Swarga.  
Wit Sang Roh Suci, kula sinung daya,  
neksèni Yésus Gusti, Sang Pamarta.
2. Wit Sang Roh Suci, kula wicaksana,  
wijang nerangken sabda karsèng Allah  
Wit Sang Roh Suci, kawula sembada,  
nglampahi gesang tansah lembah manah.
3. Wit Sang Roh Suci, kula datan semplah;  
nandyan manggih rubéda tansah panggah.  
Wit Sang Roh Suci, kula tan suwala,  
jroning kinaniyaya, tetep setya.

- PS : Mugi panjenengan tansah ngener dhateng Gusti Allah  
U : AWIT SAKING PANUNTUNING ROH SUCI, KAWULA  
NGENER DHATENG GUSTI ALLAH  
PS : Mugi panjenengan dados seksinipun Sang Kristus  
ingkang setya.  
U : KAWULA GADHAH TEKAD KANGGÉ SETYA  
PS : “Aku ndedonga supaya Panjenengané, saka gunging  
kamulyané nyantosakaké kowé srana pangwasa  
lantaran Rohé ing batinmu, temahan marga saka  
pracayamu, Kristus dedalem ana ing atimu sarta kowé  
padha ngoyoda lan tetalesa ing katresnan.” (Efesus  
3:16-17).  
Amin.  
U : (*ngidungaken*) HALÉLUYA [5x] AMIN [3x]

[wsn-den]

# TRINITAS



## Bahan Liturgi Minggu Trinitas

### **ALLAH TRITUNGGAL INKANG NGLUWARI**

Minggu, 27 Mei 2018

*Katrangan:*

P/D	:	Pinisepuh/Dhiaken
U	:	Umat
PS	:	Pelados Sabda
PL	:	Pelados Liturgi
L	:	Lèktor

#### **PACAWISAN**

- *Pandonga pacawisan ngibadah*
- *Panyumeting lilin ibadah*
- *Pamaosing pokok-pokok pawartos pasamuwan*
- *Wekdal ening kagem umat*
- *Umat jumeneng*

#### **MAKEMPAL**

- PL. : Ayo padha surak-surak ana ing ngarsaning Pangéran Yéhuwah,
- U. : SURAK-SURAK KAGEM PARANGING KARAHAYON KITA.
- PL. : Ayo padha methukaké wedanané kalawan kidung pamuji sokur,

- U : SURAK-SURAK KANTHI PANGIDUNG MASMUR  
ANA ING NGARSANÉ.
- PL : Awitdéné Pangéran Yéhuwah iku Allah kang agung,
- U : SARTA RAJA AGUNG KANG NGUNGKULI SAKÉHING ALLAH.
- PL : Telenging bumi ana ing astané,
- U : PUCAKING GUNUNG-GUNUNG IKU UGA KAGU-NGANÉ.
- PL : Segara uga kagungané, Panjenengané kang nitahaké,
- U : SARTA ASTANÉ KANG YASA DHARATAN.
- PL : Lumebuia, payo padha tumungkul sujud,
- U : PADHA JÈNGKÈNG ANA ING NGARSANING PANGÉRAN YÉHUWAH, KANG NITAHAKÉ KITA,
- PL : awit Panjenengané iku Gusti Allah kita, kita iku padha umat ngèn-ngenané,
- U : PAPANTHAN WEDHUS RÈH-RÈHANÉ.

- *Umat ngidungaken KPJ 22:1-3 “Puji Konjuk Allah Rama”, ing salebetipun umat ngidung, para pelados pangibadah lumebet ing papan pangibadah.*

#### PUJI KONJUK ALLAH RAMA

do = A 4/4

1. Puji konjuk Allah Rama, puji konjuk Sang Putra.  
Puji konjuk Sang Roh Suci, tetiganya sawiji.  
Halléluya! Halléluya! Tetiganya sawiji.
2. Pinuji Ratuning Swarga, Gustiné pra manungsa.  
Nggih Ratuning Pasamuwan, Ratu sumbering gesang.  
Halléluya! Halléluya! Ratu sumbering gesang.
3. Pinuji Allah Makwasa, kang nitahken jagad rat  
Wah milujengken manungsa, krana gunging sih-rahmat  
Halléluya! Halléluya! Krana gunging sih-rahmat.

#### VOTUM

- PS : Pangibadah punika kelampahanipun ing Asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra, tuwin Sang Roh Suci.

U : (*ngidungaken*) AMIN, AMIN, AMIN.

## SALAM

PS : Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah ingkang kebak ing panguwaos, nunggila ing panjenengan!

U : NUNGGILA ING PANJENENGAN UGI!

- *Umat lenggah*

## ATUR PAMBUKA

PL : Menawi kita madosi tembung "Trinitas" utawi "Tritunggal" ing salebetting Kitab Suci, temtu mboten badhé kita panggihaken. "Allah Trinitas" punika mujudaken dhoktrin gréja (piwulang ingkang dipun ugemi pasamuwan) ingkang dipun racik ing wekdal sasampunipun Kitab Suci kaserat, sinaosa makaten tipakipun temtu saged kita panggihaken ing Kitab Suci. Dhoktrin mujudaken pambudidaya mranata sarta ngandharaken wewadosing iman. "Allah Trinitas," sesarengan kaliyan "Kaallahanipun Gusti Yésus" mujudaken dhoktrin Kristen ingkang baken piyambak, sarta minangka satunggaling piwulang ingkang dèrèng temtu gampil dipun mangertosi (LPP

Sinode, Komunitas Bina Iman: Trinitas 1)

Ing minggu Tritunggal punika, sumangga kita raos-raosaken malih iman kita dhumateng Allah Tritunggal.

- *Umat ngidungaken KPJ 26:1-3 “”Pinuji Gusti””*

### PINUJI GUSTI

do = F 3/4

1. Pinuji Gusti kang nitahken jagad,  
siyang ratri tan kendhat ngganjar sih rahmat.  
Refr.: Halléluya, sagung puji tansah konjuk Gusti.  
Halléluya sagung bekti mring ratu swargi.
2. Pinuji Gusti Sang Jurubasuki,

kang ngurbankeun sarira nebus manungsa.

Refr.:

3. Pinuji Gusti Allah Sang Roh Suci,  
kang nuntun ing kraharjan wah kasampurnan.

Refr :

## PANGAKEN DOSA

- PL : Dhuh Allah Sang Rama, Sang Putra, tuwin Sang Roh Suci, kawula sowan ngakeni winatesing anggèn kawula mangertosi Paduka,
- U : MALAH KALA-MANGSANIPUN REGEJEGAN NGANGGEP PANGERTOSAN KAWULA INGKANG LERES.
- PL : Kawula Paduka apunteni
- U : TUMRAP UMUKING GESANG
- PL : Kawula Paduka paring kawicaksanan
- U : NGRIYAYAKAKEN WEWADOS ING GESANG KAWULA.
- PL : Kawula ugi ndedonga kanggé punapa ingkang saweg dados kawigatosaning gesang kawula pribadi .....

- *Umat dipun aturi wekdal kanggé ndedonga piyambak-piyambak, PL mungkasi kanthi pandonga.*
- *Umat ngidungaken KPJ 45:1-4*

## ANÈNG NGARSANÉ GUSTI

do = D 4/4

1. Anèng ngarsané Gusti, binuka isining kalbu.  
Sanyata najis uripku, anèng ngarsané Gusti.
2. Anèng ngarsané Gusti, tansah tetéla luputku.  
Mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.
3. Anèng ngarsané Gusti, rumangsa ringkikh lan semplah.  
Reribed lan nyawa lungkrah, anèng ngarsané Gusti.
4. Anèng ngarsané Gusti, rinasakna gunging sih-Nya.  
Wah lubering katresnan-Nya, anèng ngarsané Gusti.

- *Umat jumeneng*

## **PAWARTOS SIH RAHMAT**

PS : Minangka abdinipun Gusti Allah, kula netepaken, bilih peparing sih-rahmat pangapuraring dosa, tumanduk ing ngatasipun para sadhèrèk sadaya, ingkang sami rawuh ing Asmanipun Gusti Allah, sarta ngakeni sadaya dosa-dosanipun, saha aprajanji kaggé mratobat.

U : PINUJIA GUSTI ALLAH KITA!

PS : "Lan sadhéngah apa kang koktindakaké kalawan tembung utawa kalawan panggawé, iku kabèh lakonana ing asmané Yésus, kanthi saos sokur marang Allah, Rama kita lumantar Panjenengané." (Kolosé 3:17).

Makaten Pawartosing Sih Rahmat saking Gusti Allah.

U : PUJI SOKUR KONJUK GUSTI ALLAH!

- *Umat sami jawat asta kanthi ngucapaken "tentrem rahayu".*
- *Umat ngidungaken KPJ 195:2-3 "Kula Datan Badhé Nrimah"*

## **KULA DATAN BADHÉ NRIMAH**

do = C 4/4

2. Sabdèng Allah gung piguna mring sepuh anèma.  
Kang ringkih sinantosakken, leash kiniyatken.  
Myang kang wangkot ing manah, nulya dados lembah.  
Samya dadya sembada wit sabdèng kang Kwasa.
3. Ing manah kula sinerat sabdanipun Gusti,  
mrih kula kanthi urmat setya ing prajanji.  
Sanadyan ardi goyah jagad badhé sirna,  
nging sabdaning Yéhuwah langgeng ing tyas kula.

- *Umat lenggah*

## PALADASAN SABDA

- PANDONGA ÉPIKLÉSE (*dénинг PS*)
- PAMAOSING KITAB SUCI

### Waosan Kapisan

L : (*maos Yésaya 6:1-8*)

Makaten Sabdanipun Gusti Allah!

U : PUJI SOKUR KONJUK GUSTI ALLAH!

### Masmur Tanggapan

L : (*maos Jabur Masmur 29 kanthi imbal-imbalan kaliyan umat*).

### Waosan Kaping Kalih

L : (*maos Roma 8:12-17*)

Makaten Sabdanipun Gusti Allah!

U : PUJI SOKUR KONJUK GUSTI ALLAH!

### Pamaosing Injil

PS. : Pamaosing Injil Yésus Kristus kapendhet saking **Yohanes 3:1-17**.

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggil punika ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti Allah sarta ingkang nindakaken ing gesang padintenan. Haléluya!

U : (*menyanyikan*) HALELUYA, HALELUYA, HALELUYA!

- KHOTBAH
- WEKDAL ENING

### ■ *Umat jumeneng*

## PANGAKEN PITADOS

P/D : Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sadhéngah wekdal saha papan, sumangga kita ngénggalaken iman kapitadosan kita kanthi sesarengan ngidungaken KPJ 122:1-4 “Kula Pitados”:

## KULA PITADOS

do = G 4/4

1. Kula pitados ing Allah Sang Rama Kang Makwasa  
Ingkang nitahaken langit lan bumi saisinya  
Kula pitados ing Gusti Yésus Kristus kang Putra  
ontang-anting lan kekasih, Gusti pamarta kula.
2. Kang sampun kabobotaken ing kwasané Roh Suci;  
miyos saking prawan Maryam nahanaken pisakit  
kala Pontius Pilatus ingkang ngasta bupaty;  
sinalib nglampahi séda, tumedhak mring antaka.
3. Tigang dintenipun wungu sing antaka, dyan minggah  
dhateng swarga, apinarak nèng tengenipun Allah  
Sang Rama kang Mahakwsa, ing ngriku badhé rawuh  
angadili tiyang ingkang gesang lan ingkang pejah.
4. Ngiih pitados ing Roh Suci wah malih wontenipun  
pasam'wan Kristen satunggil kang suci sarta umum.  
Patunggilané pra suci, pangapuntening dosa,  
tanginra para mati, kang sarta gesang baka.

▪ *Umat lenggah*

### **PANDONGA SYAFAAT**

*Dénings PS, dipunpungkasi kanthi Pandonga Rama Kawula.*

### **PISUNGSUNG**

P/D : Sumangga kita télakaken atur panuwun sokur kita awit  
Gusti Allah sumadhiya ngenam sesambetan kaliyan  
kita. Caos sokur punika badhé kita aturaken lumantar  
pisungsung. Pangandikanipun Gusti Allah ingkang  
nalesi pisungsung kita makaten:

"Padha nyaosna kurban kang bener, sarta kuman-  
dela marang Sang Yéhuwah." (Jabur Masmur 4:6)

▪ *Umat ngempalaken pisungsung kanthi ngidungaken KPJ  
160:1-3 "Gusti, Kawula Ngaturken Badan-Nyawa"*

**GUSTI, KAWULA NGATURKEN BADAN-NYAWA**

do = D 3/4

1. Gusti kawula ngaturken badan nyawa kawula,  
sumangga Paduka agem kawula kagunganta.  
Refr.: Bingah sisaha kula marem nunggil Paduka,  
Dhuu Gusti murbèng tresna, kula pasrah Paduka.
  
  2. Datan wonten andel-andel namung Paduka Gusti;  
mila kawula kumandel pasrah kang trusing ati.  
Refr.:
  
  3. Raja brana kasugihan dalasan kasagedan,  
kagema dados lantaran babaring kabingahan.  
Refr.:
- *Umat jumeneng*
  - *P/D nuntun pandonga caos pisungsung.*

### **PANGUTUSAN**

- PS : Wewados mboten wonten rampungipun kawula mangertosi,  
U : ANANGING KAWULA MBOTEN KÈNDEL MBANGUN SESAMBETAN  
PS : Sumangga sami nggekulang sesambetanipun Allah Sang Rama, Sang Putra, tuwin Sang Roh Suci; kul aturi ndandosi sesambetan kaliyan sesami panjenengan.  
U : KAWULA SAMEKTA MBANGUN SESAMBETAN KANTHI GREGETING PATUNGGILAN!  
PS : Ing salebeting nam-namanipun sesambetan punika, sumangga kita mulyakaken Asmanipun Gusti Allah ingkang Mahaluhur, kebak ing panguwaos miwah katresnan.

- *Umat ngidungaken KPJ 438:1-2*

**GUSTI, PADUKA NGIRID LAMPAH KULA**  
do = D 4/4

1. Gusti Paduka ngirid lampah kula  
kula ndhèrèk Paduka salaminya  
kawula datan saged milih margi  
mugi sapuruk kula Gusti nganthi.

2. Paduka dedaleme ing tyas kula  
supados arerema lampah kula  
kula tansah suméndhéning karsanta  
wit Paduka kang nebus gesang kula.

- PS : Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah.  
U : KAWULA NGENERAKEN MANAH KAWULA  
DHUMATENG GUSTI  
PS : Dadosa abdi ingkang martosaken katresnanipun Allah  
Allah  
U : PUJI SOKUR KONJUK GUSTI ALLAH  
PS : Pinujia Allah Sang Rama, Sang Putra, tuwin Sang Roh  
Suci.  
U : SAMANGKÉ DUMUGI ING SALAMI-LAMINIPUN  
PS : Tampènana berkahipun Gusti Allah:  
“Sih-rahmatipun Gusti Yésus Kristus, lan Sihipun  
Gusti Allah Sang Rama, tuwin patunggilanipun Sang  
Roh Suci, tumrah ing para sadhèrèk sadaya samangké  
dumugi ing salami-laminipun. Amin!”  
U : (*ngidungaken*) HALÉLUYA [5x] AMIN [3x]

[rae/asp-den]



---

## **BAHAN KATEGORIAL**

---



---

**Bahan ingkang sampun  
kacawisaken punika  
saged dipun olah  
jumbuh kaliyan  
kawontenan piyambak-  
piyambak**



# MÉKRAD



Bahan Adiyuswa

---

## DADOS TIYANG INGKANG MARTOSAKEN KATRESNANIPUN ALLAH

---

**Waosan Kitab Suci: Lelakoné Para Rasul 1:1-11**

### ANCAS

Ingkang rawuh ing Panyuraos Kitab Suci ngrumaosi tuwin kaberek kanggé nindakaken ayahanipun minangka tiyang ingkang martosaken katresnanipun Allah, nglajengaken ayahan ingkang sadèrèngipun dipun rembat déning Gusti Yésus Kristus.

### TETALESING PAMAWAS

Awit saking karsanipun Sang Kristus, saben tiyang pitados – kalebet para adiyuswa – dipun pitados dados seksinipun Sang Kristus. Sang Kristus rawuh saha makarya ing jagad punika martosaken katresnanipun Allah ingkang mboten ngukum ananging ngapunteni tuwin milujengaken. Dados seksinipun Sang Kristus ateges dados tiyang ingkang martosaken katresnanipun Allah ingkang mboten nglepataken utawi ngukum ananging ngapunteni tuwin milujengaken.

### ANDHARAN LELAKONÉ PARA RASUL 1:1-11

Ing Lelakoné Para Rasul 1:9 dipun ngendikakaken makaten,

“Sawisé ngandika mangkono, Panjenengané nuli sinengkakaké menyang swarga, sineksènan déning para rasul, banjur wus ora katingal, amarga kaaling-alingan méga.”

Sasampunipun Gusti Yésus ngandika dhateng para sakabat-Ipun, tumunten wonten lelampahan mékrad utawi sumengkanipun Gusti Yésus dhateng swarga. Lelampahan sumengkanipun Gusti Yésus punika kelampahan sekawan dasa dinten sasampunipun Gusti Yésus wungu saking séda saha wongsal-wangsul ngatingal dhateng sakabat-sakabat-Ipun (Lelakoné Para Rasul 1:3).

Atur uninga wekdal sekawan dasa dinten anggènipun Gusti Yésus sasampunipun wungu saking séda lajeng wongsal-wangsul ngetingal dhateng para sakabati-Ipun punika, ingkang sapisan mboten kanggé nedahaken danguning wekdal Gusti Yésus ngetingal. Atur uninga bab wekdal punika malah kanggé martosaken wontenipun satunggaling wekdal ngaso sekedhap utawi wekdal këndel sekedhap, saking lelampahan séda saha wungunipun Gusti Yésus kaliyan lelampahan sumengkanipun Gusti Yésus dhateng swarga.

Wonten ing Lelakoné Para Rasul punika lelampahan sumengkanipun Gusti Yésus dipun ngendikakaken kanthi tembung-tebung “Panjenengané nuli sinengkakaké” (ayat 9) “Panjenengané sumengka” (ayat 10) “sinengkakaké menyang swarga, ..... Panjenengané minggah menyang swarga.” (ayat 11). Tembung-tebung “sinengkakaké” tuwin “minggah” punika nerangaken wontenipun satunggaling patrap ingkang dipun tindakaken Gusti Yésus “nilar” para sakabat-Ipun kanggé sawatawis wekdal (ayat 11). Gusti Yésus kanggé sawatawis wekdal kondur dhateng papan lenggahipun Allah. Kados ingkang sampun kacariosaken ing ayat 9, mboten dangu sadèrèngipun Gusti Yésus kondur dhateng papan lenggahipun Allah, Gusti Yésus paring piweling dhateng para sakabat-Ipun makaten:

“Nanging kowé bakal padha tampa pangwasa, samangsa Roh Suci wus nedhaki kowé kabèh, sarta kowé bakal padha dadi seksi-seksiku ana ing Yérusalém lan ing Yudéa sarta Samaria kabèh, tuwin tumeka ing pungkasaning bumi.” (Lelakoné Para Rasul 1:8)

Piwelingipun Gusti Yésus punika nedahaken wontenipun tetepan tumrap para sekabat-Ipun nampi ayahan minangka seksinipun Sang Kristus, tetepaning para sakabat-Ipun minangka tiyang ingkang martosaken katresnanipun Allah.

Sadèrèngipun para sakabat nindakaken ayahan minangka tiyang ingkang martosaken katresnanipun Allah, ayahan punika sampun dipun èstokaken kanthi sampurna déning Gusti Yésus Kristus salebetipun Panjenenganipun makarya ing jagad punika. Dados, ayahanipun para sakabat kanggé martosaken katresnanipun Allah punika mujudaken kelajenganing ayahan ingkang sadèrèngipun sampun dipun rembat déning Gusti Yésus. Ing salebeting wekdal sumené, saking sumengkanipun Gusti Yésus dhateng swarga ngantos dumugi wekdal Gusti Yésus rawuh malih ing pungkasaning jaman, ayahan martosaken katresnanipun Allah punika dados ayahanipun saben tiyang pitados. Putri punapadéné kakung, laré-laré – nèm-nèman – para mudha – diwasa punapadéné adiyuswa, sadaya pinitados déning Gusti Yésus dados tiyang ingkang martosaken katresnanipun Allah.

Ngriyayakaken sumengkanipun Gusti Yésus dhateng swarga mboten namung ngriyayakaken konduripun Gusti Yésus dhateng ngarsanipun Gusti Allah ing swarga, ananging ugi sesareangan ngriyayakaken tanggeljawabipun saben tiyang pitados minangka tiyang ingkang martosaken katresnanipun Allah ingkag milujengaken manungsa. Ngriyayakaken sumengkanipun Gusti Yésus dhateng swarga ugi ngriyayakaken adeg kita tiyang pitados minangka tiyang ingkang martosaken katresnanipun Allah ingkang mboten ngukum, ananging katresnanipun Allah ingkang ngapunteni tuwin milujengaken.

## **LAMPAHIPUN PANYURAOS KITAB SUCI**

### **1. Bebuka**

- a. Ngidungaken Rerepèning Pamuji, upaminipun KPJ 280:1-3.
- b. nDedonga.

## 2. Nyariosaken Pangalaman

- Menawi ingkang rawuh ing panyuraos Kitab Suci langkung saking priyantun 10, ingkang rawuh ing panyuraos Kitab Suci kasuwun yasa kelompok, saben kelompok warganipun priyantun 5 ngantos dumugi 7.
- Ing salebeting kelompokipun piyambak-piyambak, ingkang rawuh ing panyuraos Kitab Suci kasuwun andum pangalamanipun piyambak-piyambak minangka tiyang ingkang martosaken katresnanipun Allah.

## 3. Nggegulang Pangalaman

Sasampunipun ingkang rawuh ing panyuraos Kitab Suci sami andum pangalaman ing kelompokipun, ingkang rawuh ing panyuraos Kitab Suci kasuwun sami ngrembag, punapa tetalesipun déné para tiyang pitados kedah martosaken katresnanipun Allah ingkang milujengaken?

## 4. Mirengaken Pangandikanipun Gusti

- Sasampunipun saben kelompok ngrembak punapa prelunipun martosaken katresnanipun Allah, Pangarsaning Panyuraos Kitab Suci ngaturi sadaya ingkang rawuh ing Panyaraos Kitab Suci ngempal dados satunggal.
- Pangarsaning Panyuraos Kitab Suci ngaturi sadaya ingkang rawuh ing Panyaraos Kitab Suci maos Lelakoné Para Rasul 1:1-11. Menawi saged, pamaosing Kitab Suci katindakaken kanthi imbalan (gentosan) déning sawetawis sadhèrèk.
- Sasampunipun purna maos Lelakoné Para Rasul 1:1-11, Pangarsaning Panyuraos Kitab Suci maosaken andharan Lelakoné Para Rasul 1:1-11 kados ingkang kawrat ing nginggil wau.

## 5. Ngénggalaken Pangalaman

- a. Sasampunipun mirengaken Pangandikanipun Gusti lumantar maos Lelakoné Para Rasul 1:1-11 tuwin andharanipun, kasuwuna saben tiyang ingkang rawuh ing panyuraos Kitab Suci manggihaken punapa kayakinan ingkang énggal ingkang pinanggih ing Lelakoné Para Rasul 1:1-11 punika?
- b. Atetales kayakinan ingkang kaénggalaken ingkang mentas dipun panggihaken, kasuwuna saben ingkang rawuh ing Panyuraos Kitab Suci manggihaken sesambutanipun kayakinan ingkang kaanyaraken punika kaliyan kawontenanipun piyambak-piyambak sapunika minangka warganing adiyuswa?

## **6. Ngénggalaken Gegebenganing Gesang**

Sasampunipun saben tiyang ingkang rawuh ing panyuraos Kitab Suci manggihaken sesambutanipun kayakinan ingkang sampun kaénggalaken kaliyan kawontenan samangké, kasuwuna sami nemtokaken piyambak-piyambak punapa ingkang badhé dipun tindakaken ing gesangipun.

## **7. Panutup**

- a. Kasuwuna saben tiyang ingkang ingkang rawuh ing panyuraos Kitab Suci ndedonga piyambak-piyambak ndongakaken punapa ingkang badhé katindakaken atetales kayakinanipun sampun kaénggalaken, sasampunipun punika Pangarsaning Panyuraos Kitab Suci saged mungkasi kanthi pandonga panutupan.
- b. Ngidungaken Kidung Pangutusan, upaminipun PKJ 451:1-3.



# PÉNTAKOSTA



Bahan Adiyuswa

## DIPUN SEMBADANI DÉNING ROH SUCI

**Waosan Kitab Suci: Lelakané Para Rasul 2:1-13**

### ANCAS

Ingkang rawuh ing Panyuraos Kitab Suci ngrumaosi tuwin kaberek kanggé suméndhé dhateng pitulunganipun Sang Roh Suci ing salebetipun nindakaken ayahanipun minangka tiyang ingkang martosaken katresnanipun Allah.

### TETALESING PAMAWAS

Jejibahan dados tiyang ingkang martosaken katresnanipun Allah ing jagad punika mboten gampil. Punapa malih ing jaman daya pangaribawanipun kadurakan sangsaya mempeng ngetingalaken kekiyataniipun nglawan Gusti Allah, ayahanipun tiyang ingkang martosaken katresnanipun Allah sangsaya angel saha awrat. Ngrumaosi awrat saha angélipun ayahan punika, Gusti Yésus wiwit nindakaken ayahan-Ipun ing jagad punika, ngrancang sarta wusananiipun netepi rancangan-Ipun punika kanthi ngutus Roh Suci, kanggé ngamping-ampingi, nuntun, sarta maringi kakiyatan dhateng para tiyang ingkang martosaken katresnanipun Allah, supados saged ngèstokaken ayahanipun. Anggénipun netepi rancangan tuwin prasetyanipun Gusti Yésus badhé ngutus Roh Suci punika sampun kawiwitan ing dinten ageng Péntakosta, saha kalajengaken ngantos rawuh-Ipun Gusti ing pungkasaning jaman.

## **ANDHARAN LELAKONÉ PARA RASUL 2:1-13**

Lelakoné Para Rasul 2:1-13 nyariosaken lelampahan tumedhak sarta tandang-damel-Ipun Sang Roh Suci. Lelampahan punika kelampahan ing dinten Péntakosta (ayat 1), dinten ageng panèn tumrap tiyang Yahudi, ingkang kelampahan ing dinten ingkang kaping sèket sasampunipun Paska (Kaimaman 23:15-21; Pangandharing Torèt 16:9-11). Tiyang-tiyang Yahudi gadhah pakulinan setaun kaping tiga, tiyang jaler Yahudi dipun wajibaken jiyarah dhateng Yérusalem, kanggé ngriyayakaken dinten ageng cacah tiga, inggih punika: dinten ageng Paska tuwin Roti Tanpa Ragi, dinten ageng Pungkasaning Pitung Minggu utawi Péntakosta, sarta dinten ageng Tancebing Tarub.

Wonten ing Lelakoné Para Rasul 2:2-3 dipun cariosaken:

“Dumadakan ana swara saka langit, saèmper sumiyuting angin gedhé, kang ngèbeki saomah kang kanggo lelungguhan, banjur padha ndeleng urubing geni ilatan, kang ambyar lan nibani saben wong mau kabèh.”

Tembung “dumadakan” ing ayat punika mboten nedahaken dhateng tumedhakipun Sang Roh Suci minangka satunggalan lelampahan ingkang dumadakan sarta nyelani, ingkang sadèrèngipun mboten dipun mangertosi. Ing Lelakoné Para Rasul 1:8 kacariosaken bilih sadèrèngipun Gusti Yésus sumengka dhateng swarga, Gusti Yésus sampun paring piweling dhateng para sekabat-Ipun bilih menawi sampun dumugi wekdalipun, para sekabat badhé nampi kasektèn, inggih punika nalika Sang Roh Suci nedhaki para sekabat. Kapara prasetya badhé tumedhakipun Sang Roh Suci punika naté dipun ngendikakaken déning Gusti Yésus nalikanipun Gusti Yésus taksih memulang para sekabat-Ipun (mirsanana Yohanes 14:26). Punika tegesipun bilih tumedhakipun Sang Roh Suci wau mujudaken kelajenganing ayahanipun Gusti Yésus, kelajenganing ayahan ingkang langkung rumiyin sampun dipun wiwití déning Gusti Yésus.

Minangka kalajenganing ayahanipun Gusti Yésus, tumedhakipun Sang Roh Suci punika dipun andharaken mawi

basa pralambang “saèmper sumiyuting angin gedhé” sarta “urubing geni ilat-ilatan”, punika mralambangi panguwaosipun Sang Roh Suci. Tetenger ingkang ngéram-éramaken punika kedah kaanggep anèh, amargi kelampahanipun namung wonten ing pengalaman wiwitan, mboten naté badhé dipun ambali malih. Sinaosa Sang Roh Suci taksih badhé tansah dipun sokaken, ananging anggènipun ngesokaken Roh Suci sasampunipun lelampahan Péntakosta sampun mboten mbetahaken tetenger ingkang ngéram-éramaken malih.

Daya panguwaosipun Sang Roh Suci ingkang “nibani” saben tiyang ngantos saben tiyang sami “kapenuhan ing Roh Suci” ing ayat 3 lan 4, nedahaken dhateng tandang-damelipun Sang Roh Suci ing gesangipun tiyang pitados minangka pribadi punapadéné minangka patunggilan. Daya panguwaosipun Roh Suci punika ingkang nyembadani tiyang pitados punapadéné patunggilanipun tiyang pitados sami ngendikakaken bab pakaryan-pakaryan agung ingkang katindakaken déning Gusti Allah (Lelakoné Para Rasul 2:11). Injil Yohanes nerangaken bilih Sang Roh Suci badhé mulangaken sarta ngémutaken tiyang pitados dhateng sadaya ingkang sampun dipun wulangaken tuwin dipun kersakaken déning Gusti Yésus (Yohanes 14:26). Roh Suci punika ingkang nyembadani tiyang pitados martosaken katusnanipun Allah ingkang ngapunteni sarta milujengaken manungsa.

Prayogi dipun gatosaken, sanadyan mboten melok dipun aturaken ing ayat Lelakoné Para Rasul 2:1-13, semunipun Sang Roh Suci ugi makarya wonten ing sanjawining patunggilanipun tiyang pitados. Pancèn bènten dayaning pakaryanipun Roh Suci punika ing gesangipun tiyang pitados kaliyan ing sanjawining patunggilanipun tiyang pitados. Sanadyan makaten, daya pakaryanipun Roh Suci punika saged dipun sipati. Lelakoné Para Rasul nerangaken mawi tembung-tembung kabèh “padha njenger kaéraman” (Lelakoné Para Rasul 2:7). Déné tumrap tiyang ingkang nampik pakaryanipun Roh Suci, dipun terangaken wontenipun panganggep gèsèh dhateng tumindakipun Para Rasul kanthi tembung-tembung “Wong iku rak lagi padha mabuk anggur manis.”

## LAMPAHIPUN PANYURAOS KITAB SUCI

### 1. Bebuka

- a. Ngidungaken Rerepèning Pamuji, upaminipun KPJ 284:1-3.
- b. nDedonga.

### 2. Nyariosaken Pangalaman

- a. Menawi ingkang rawuh ing panyuraos Kitab Suci langkung saking priyantun 10, ingkang rawuh ing panyuraos Kitab Suci kasuwun yasa kelompok, saben kelompok warganipun priyantun 5 ngantos dumugi 7.
- b. Ing salebeting kelompokipun piyambak-piyambak, ingkang rawuh ing panyuraos Kitab Suci kasuwun andum pangalamanipun piyambak-piyambak anggènipun sampun dipun tuntun tuwin dipun sembadani déning Sang Roh Suci.

### 3. Nggegulang Pangalaman

Sasampunipun ingkang rawuh ing panyuraos Kitab Suci sami andum pangalaman ing kelompokipun, ingkang rawuh ing panyuraos Kitab Suci kasuwun sami ngrembag, punapa dhasaripun kita kedah suméndhé utawi ngendelaken dhateng pitulunganipun Sang Roh Suci, mboten ngendelaken pangertosan tuwin pangalaman ingkang kita gadhahi?

### 4. Mirengaken Pangandikanipun Gusti

- a. Sasampunipun saben kelompok ngrembak punapa prelunipun martosaken katresnanipun Allah, Pangarsaning Panyuraos Kitab Suci ngaturi sadaya ingkang rawuh ing Panyaraos Kitab Suci ngempal dados satunggal.
- b. Pangarsaning Panyuraos Kitab Suci ngaturi sadaya ingkang rawuh ing Panyaraos Kitab Suci maos Lelakoné Para Rasul 2:1-13. Menawi saged, pamaosing Kitab Suci katindakaken kanthi imbalan (gentosan) déning sawetawis sadhèrèk.
- c. Sasampunipun purna maos Lelakoné Para Rasul 2:1-13, Pangarsaning Panyuraos Kitab Suci maosaken andharan

**Lelakoné Para Rasul 2:1-13** kados ingkang kawrat ing nginggil wau.

## 5. Ngénggalaken Pangalaman

- Sasampunipun mirengaken Pangandikanipun Gusti lumantar maos Lelakoné Para Rasul 2:1-13 tuwin andharanipun, kasuwuna saben tiyang ingkang rawuh ing panyuraos Kitab Suci manggihaken punapa kayakinan ingkang énggal ingkang pinanggih ing Lelakoné Para Rasul 2:1-13 punika?
- Atetales kayakinan ingkang kaénggalaken ingkang mentas dipun panggihaken, kasuwuna saben ingkang rawuh ing Panyuraos Kitab Suci manggihaken sesambutanipun kayakinan ingkang kaanyaraken punika kaliyan kawontenanipun piyambak-piyambak sapunika minangka warganing adiyuswa?

## 6. Ngénggalaken Gegebenganing Gesang

Sasampunipun saben tiyang ingkang rawuh ing panyuraos Kitab Suci manggihaken sesambutanipun kayakinan ingkang sumpu kaénggalaken kaliyan kawontenan samangké, kasuwuna sami nemtokaken piyambak-piyambak punapa ingkang badhé dipun tindakaken ing gesangipun.

## 7. Panutup

- Kasuwuna saben tiyang ingkang ingkang rawuh ing panyuraos Kitab Suci ndedonga piyambak-piyambak ndongakaken punapa ingkang badhé katindakaken atetales kayakinanipun sumpu kaénggalaken, sasampunipun punika Pangarsaning Panyuraos Kitab Suci saged mungkasi kanthi pandonga panutupan.
- Ngidungaken Kidung Pangutusan, upaminipun PKJ 295:1-3.

[den]



---

## **BAHAN PEKMPALAN PANDONGA**

---



---

**Bahan ingkang sampun  
kacawisaken punika  
saged dipun olah  
jumbuh kaliyan  
kawontenan piyambak-  
piyambak**



# PERSEKUTUAN



## Bahan Pakempalan Pandonga 1

### GESANG SUCI

#### a. Wekdal Ening

#### b. Kidung Pamuji: KPK BMGJ 14: 1, 2

ALLAH MAHA SUCI

1. Suci, suci, suci, pinuji Hyang suci  
Allah Maha mulya kang jumeneng Raja,  
suci suci suci pinundhi Hyang Widi  
titah sadaya bra muji samya.
2. Suci, suci, suci pujining pra suci  
angumandhang sora ngebeki akasa,  
pra mlaékat sami sujud angabekti,  
ngidung tan kendhat mring Kang Mengkurat.

#### c. Pandonga

#### d. Kidung Pamuji: KPK BMGJ 14: 3, 4

ALLAH MAHA SUCI

3. Suci, suci, suci, Allah Mahasuci gumuruhing kidung  
nggunggung/nggunggung Gusti,  
tetalesing bumi gonjing déning puji, pra makluk wrata  
girang memuji.
4. Suci, suci, suci, nggih Gustining gusti, anglairken srira  
tumedhak mring donya,  
nucèkken manungsa kang pitados yekti, yogya pinuji  
langgeng slaminyo.

#### e. Waosan Kitab Suci: 1 Pétrus 1:13-19

## f. Wedharing Pangandika

### GESANG SUCI

Pentékosta punika lelampahaning Roh Suci ingkang nguwaosi lan maringi daya kakiyatan tumraping tiyang pitados. Wonten ing sebatan Roh Suci wonten tembung "Suci" kanggé mbedakaken kaliyan roh-roh sanèsipun. Panguwaosing Roh Suci punika ingkang badhé nguwaosi kita. Roh suci punika semangat, ingkang ngobahaken gesang kita. Nanging, punapa gesang kita sampun mbabaraken Roh Suci ingkang ngreksa kita? Utawi, kepara rohing kadonyan ingkang nguwaosi kita?

Punapa ingkang badhé kalampahan menawi rohing kadonyan ingkang nguwaosi gesang kita? Menawi ing ngajeng kita wonten gelas cacah kalih. Ingkang satunggal dipun damel saking kristal kanthi ukiran ingkang élok. Awis reginipun, nanging nglebetipun reged. Satungalipun gelas plastik, mirah, nanging dipun kumbah resik. Menawi badhé ngunjuk, gelas pundi ingkang badhé kita anggé? Temtunipun langkung gampil ngginakaken gelas plastik ingkang resik. Gelas badhéra kadospundi awisipun, menawi nglebetipun reged, boten wonten ginanipun.

Saben tiyang pitados, putranipun Allah, minangka "gelas kristal". Sang Kristus sampun nebus kita sarana rahipun ingkang awis, satemah kita dados kagunganiPun ingkang aos sanget (ay. 18-19). Punika sababipun Gusti ngersakaken kita dados pirantiniPun, dados lantaraning "toya gesang" tumrap sakiwa-tengen kita. Ananging, bab punika badhé kapalang menawi kita boten sregep ngresiki "lebu" ingkang ngregedi gesang kita. Pangandikanipun, "Nanging kowé padha dadia suci ing satindaking uripmu kabeh kayadéné Panjenengané kang suci, kang wis nimbalii kowé" (ay. 15). Tembung "ing satindaking uripmu" nedahaken bilih kasucèn boten namung tumrap sapérangan saking gesang kita, wekdal kita, lan manah kita. Suci sapérangan namung nuwuuhaken tiyang-tiyang ingkang nganggé topeng, lamis.

Ing tengahing pasamuwan ketingal "suci" nanging ing sanjawining pasamuwan ketingal "jember". Ing paladosan, sanget anggènipun nggatosaken pindha malaikat, ing griya nyuwun dipun ladosi kados bendara. Cethanipun, Gusti ngersakaken kita suci tumrap ing saranduning gesang. Boten namung nalika ing pasamuwan, nanging inggih ing papan panyambut damel lan ing tengahing brayat.

Gesang suci dados bab ingkang wigati ingkang dipun andharaken ing sabdanipun Gusti. Gesang suci minangka dhawuh ingkang kedah dipun tindakaken, sanès pilihan. Pangandikanipun, "...Sira padha dadia suci, jalaran Ingsun iki suci." (ay. 16). Lumantar gesang kita, kita sinau njagi dhiri pribadi boten dipun jemberi déning hawa nepsu (ay.14). tembung "suci" ateges pinisah utawi bédá. Gesang kita kedah dipun pisahaken, dipun sengker kagem kamulyanipun Gusti. Béda saking gesang kadonyan. Temtu punika sanès bab ingkang gampil. Inggih punika sababipun gesang suci minangka pambudidaya ingkang tansah kita tindakaken. Dhawah lan tangi punika limrah, gesang suci kedah dados enering gesang ingkang tansah kita udi.

Wangsul dhateng gelas ingkang "rege". Punapa wonten rereged ingkang taksih ngembet ing manah panjenengan? Wujudipun saged arupi ngendhem sengit, nepsu, pepenginan ingkang ngrisak, sedya ingkang awon, utawi pakulinan tumindak dosa ingkang taksih dipun tindakaken. Kita kedah asring reresik manah. Adamel tetep murni, supados Gusti tetep karsa ngagem gesang kita dados sarana lantaraning berkahiPun. Éman menawi taksih dados gelas rege, élok ing paningal nanging tanpa gina. Gusti nresnani kita. Amin.

### **g. Kidung Pamuji: KPK BMGJ 60: 1, 2**

**ALLAH PANGÈN KULA**

1. Allah yèku pangèn kula kang gung sih tresnanya  
Kula tansah rinimatan srana gung kadarman.
2. Kula tansah dén ayomi mila ayem yekti

tinuntun ing margi adi wit asmaning Gusti.

### **h. Pandonga Syafaat lan Panutup**

#### **i. Kidung Pamuji: KPK BMGJ 6o: 3, 4**

ALLAH PANGÈN KULA

3. Kula tan ajrih bilai wit kinanthi Gusti,  
wah slaminya pangreksanya temah kula begja.
4. Nadyan sinatu tyang kathah nging ayem ing manah,  
Allah ngluberken sih rahmat berkahnya tan kendhat.

[asp/tk]

## PERSEKUTUAN



### Bahan Pakempalan Pandonga 2

---

### MEDAL SAKING KAPENTINGAN DHIRI

---

#### a. Wekdal Ening

#### b. Kidung Pamuji: KPK BMGJ 29: 1, 2 KAMULYANIPUN GUSTI

1. Adhuh Gusti lamun kula nyipati  
lintang abyor ing dalu kang sepi  
wah gumlegering gludhug ing akasa  
ku la ngungun gunging kamulyanta  
Reff:

nyawa kula gya sumyak sung puja  
yekti Allah Maha kwasa  
nyawa kula gya sumyak sung puji  
yekti Allah Maha kwasa.

2. Lamun nlasak tengahing wana  
wasa sato peksi kekidungan ramya,  
wonten ngare dalah ing ardi ugi,  
bra gumelar sesawangan adi,  
Reff.

#### c. Pandonga

#### d. Kidung Pamuji: KPK BMGJ 29: 3, 4 KAMULYANIPUN GUSTI

3. Yen siniram ilining samirana  
wah tinempuh ombaking samodra,,  
ngganda sekar kang arum miwah

endah manah ngungun wit gunging pra titah  
Reff..

nyawa kula gya sumyak sung puja  
yekti Allah Maha kwasa

nyawa kula gya sumyak sung puji  
yekti Allah Maha kwasa.

4. Klangkung ageng gunging sih susetyanta,  
kang ngurbanken Sang Kristus, Sang Putra,  
sinalibken, seda tedhak mring nraka, mrih manungsa  
basuki slaminya
- Reff.:

#### e. Waosan Kitab Suci: Para Rasul 2: 1 - 11

#### f. Wedharing Pangandika

#### MEDAL SAKING KAPENTINGAN DHIRI

Maos lelampahan cariyos Pentékosta, adamel kita nggambarkan lelampahan ingkang ngeramaken. Wonten sawetawis tiyang ingkang prasaja, nanging dumadakan saged wicantenan basa manca! Ukara, "Apa sing padha caturan iku dudu wong Galilea?" (PR 2:7) nedahaken bilih tiyang-tiyang Galilea punika prasaja. Tiyang Galilea tumraping pamanggilipun masyarakat nedahaken dhateng tiyang-tiyang ingkang bodho. Punapa ingkang kita tingali ing kelampahaning Pentékosta saestu ngeramaken. Nanging den enget, basa ingkang dipun andharaken sanès basanipun malaikat, nanging basanipun manungsa. Kitab Suci nyerat, "Kapriye déné kita dhewe-dhewe padha krungu anggone caturan nganggo basa kita dhewe, yaiku basa kang kita anggo ana ing nagara asal kita." (ay. 8).

Nyemak cariyos punika, kita manggihaken bab ingkang ngeramaken malih, boten namung winates kasagedan wicantenan mawi basa. Kita sumerep, saderengipun patunggilanipun para sakabat dados kelompok ingkang nutup dhiri sesingidan saking njawi, bab punika saged kita tampi karana sami ajrih. Ajrihipun wau kawiwitan saking Gurunipun nampi paukuman ingkang nggegrisi. Tegesipun, bilih ajrihipun para

sakabat punika pinanggih nalar menggahing kamanungsan. Sinten ingkang boten ajrih? Kitab suci nyerat blih piyambakipun ngempal ing salebeting griya kanthi lawang ingkang dipun kunci rapet (Yoh. 20: 19). Nanging sasampunipun Pentékosta éwah-éwahan ingkang kalampah. Para sakabat lajeng dados patunggilan ingkang tinarbuka tumrap sadaya tiyang.

Saking sisih punika kita saged sumerep, Pentékosta minangka lelampahaning manungsa medal saking underaning dhiri pribadi lan saking raos ajrih. Sarana pakaryaning Roh Suci para sakabat ngeneraken manah dhateng kamulyanipun Allah. Karana ngeneraken dhateng kamulyanipun Allah wau, tiyang kanthi legawa nggelaraken Pawartos Kabingahan-Injil punika, kangege sadaya tiyang lan para bangsa.

Dangu sasampunipun, patunggilaning tiyang Kristen ingkang mahargya Pentékosta – ingkang rumaos sampun nampi panguwaosing Roh Suci – ngrembaka dados ageng. Kathah pasamuwan ngrembaka tanpa ros ajrih. Ananging punapa ingkang kalampahan ing patunggilaning pasamuwan? Asring pasamuwan dados patunggilan ingkang nutup dhiri, nengenaken kapentinganing dhiri. Menawi kita dhudhah langkung lebet malih, ketingal cetha wontenipun kelompok-kelompok kapentingan ing antawising pasamuwan. Tegesipun ing pasamuwan kabangun kelompok-kelompok ingkang nutup dhiri. Saben kelompok gadhah panganggep piyambakipun ingkang penting, tiyang sanès punika sanès urusan kula. Sadaya prakawis ingkang nggepok dhateng kapentingan dhiri utawi kelompok badhe dipun belani. Menawi wonteningkang nglanggar gampil kebrongot manahipun.

Pentékosta dados pepenget kangege kita, punapa kita sampun dipun kuwaosi déning Roh Suci? Mirsanana dhiri kita, kapentinganipun sinten ingkang kita bélani? Menawi ingkang kita bélani kapentingan dhiri lan kelompok kita piyambak, sayektiniun kita wangslu dhateng wekdal saderengipun Pentékosta. Punapa prelu Roh Suci katedhakaken malih? Utawi kita ingkang kedah wangslu dhateng margi ingkang

utami, kanthi cara tinarbuka dhumateng panguwaosing Roh Suci. Gusti nresnani kita. Amin.

### **g. Kidung Pamuji: KPJ 292: 1, 2**

SANG ROH SUCI, ROHING KATRESNAN

Sang Roh Suci, rohing katresnan,  
nuntuna mring kula slaminya  
Nyingkirna raos pasulayan, amrih jagad tentrem raharja  
Ngrukunken tyang kang cecongkrahan,  
mbereg nilar tumindak dosa  
Ngiyatken manah ingkang semplah,  
dhuh Gusti nuntuna mring kula

Dhuh Roh Suci roh kasunyatan,  
nunggila mring kula sadaya  
Mrih babaring karsaning Allah  
wah tobating tyang ambeksiya  
Labuh labet sepi ing pamrih, nglawan panindhes klayan sih  
Tan ajrih pepalang rubéda, dhuh Gusti nunggila mring kula

### **h. Pandonga Syafaat lan Panutup**

#### **i. Kidung Pamuji: KPJ 292: 3**

SANG ROH SUCI, ROHING KATRESNAN

Dhuh Roh Suci, roh kaadilan, nganthia mring kula slaminya  
Mbabar adiling Allah, kraharjan warata sumrambah  
Ngluwari tyang binanda dosa, nguculi jireting duraka  
Ngayomi tyang ringkikh wah papa, dhuh Gusti,  
nunggila mring kula.

[asp/tk]

# PERSEKUTUAN



## Bahan Pakempalan Pandonga 3

---

### **ROH SUCI NGANYARAKEN**

---

#### a. Wekdal Ening

#### b. Kidung Pamuji: KPJ 289: 1, 2

SANG ROH SUCI MUGI PARENG

1. Sang Roh Suci mugi pareng anedhaki tyas kula  
Dimen atentrem rahayu kapenuhan ing tresna  
*Reff.:*

*Dhuh Gusti kang setya, Paduka kula ndelaken  
Mugi pareng nedhakaken Roh Suci ing tyas kula  
Gusti mugi nucekaken tyas kula*

2. Sumangga cahya Paduka amadhangna tyas kula  
Mugi pepetenging dosa binirata sadaya  
*Reff.:*

#### c. Pandonga

#### d. Kidung Pamuji: KPJ 289: 3, 4

SANG ROH SUCI MUGI PARENG

3. Mugi ngirid lampah kula manut pangreh Paduka  
Paduka kula bektèni ngatos dugèng wekasan  
*Reff.:*

4. Kula mugi sinungana kaunggulaning yuda  
Dimèn tentrem rahayu nggèn kula pecat nyawa  
*Reff.:*

**e. Waosan Kitab Suci:** Rum 8:1-11

**f. Wedharing Pangandika**

**ROH SUCI NGANYARAKEN**

Woh ingkang kawedalaken saking tumedhakipun Sang Roh Suci, boten dumunung ing horegiPun, nanging éwah-éwahaning gesangipun tiyang-tiyang ingkang dipun kuwaosi. Pasamuwan ingkang dipun kuwaosi déning Roh Suci, boten lajeng dados pasamuwan ingkang horeg. Menawi Sang Roh Suci dedalem, badhe ketinggal wonten ing gesang padintenan. Ing cariyos tumedhakipun Sang Roh Suci miturut Para Rasul 2, ing ngriku wohing tumedhakipun Roh Suci katingal saking gesangipun pasamuwan ingkang wiwitan. Ing ngriku wonten raos nunggal manah, wonten ing bab kawigatosan, bab katresnan, bab patunggilan lan sapiturutipun. Inggih awit saking punika, kita purun sinau, kadospundi ta wohipun menawi kita gesang ing salebeting Roh.

Sakirang-kirangipun wonten kalih prakawis miturut pengalamanipun Rasul Paulus ingkang saged kita tingali saking pakaryanipun Roh Suci. Sapisan, Rasul Paulus bilih ing salebeting Roh kita dipun mardikakaken saking dosa lan paukuman pejah (ay. 2). Ing péanganan sanès kapangandikakaken, “paukuman ingkang njalari dosa lan pepejah.”

Paukuman punapa ta ingkang njalari dosa lan pejah? Tumrap Rasul Paulus wangulanipun inggih punika paugeraning Torèt. Rasul Paulus sanès tiyang ing wuta menggahing paugeraning Torèt. Piyambakipun tepung sanget. Piyambakipun dipun wulang déning rabi Gamaliel ingkang kondhang wekdal samanten. Para Rasul 22: 3 ngandharaken, “Kula punika tiyang Yahudi, kalairan ing Tarsus ing tanah Kilikia, nanging kagulawenthah ing kitha ngriki, kawulang kalayan taliti ing bab netepi angger-anggering para leluhur kita wonten ing ngarsaning sampeyanipun Sang Gamaliel, matemah kula lajeng dados

tiyang ingkang meleng ing pangabekti dhumateng Gusti Allah kados panjenengan sadaya punika.”

Inggih punika ingkang ndadosaken gorehipun Paulus. Nalika sinau paugeraning Torèt, pikiranipun Paulus cupet. Piyambakipun kapeteg déning Torèt satemah dados tiyang ingkang tegel nganiaya. Ing tembungipun Paulus, piyambakipun dados batur kadagingan.

Nalika pinanggih kaliyan Gusti Yesus, piyambakipun ngraosaken kadospundi tiyang ingkang dipun kuwaosi déning Roh punika tiyang ingkang mardika saking kadagingan. Inggih punika sababipun nalika Roh Suci makarya, Paulus mboten kawengku ing penggalihan ingkang cupet malih, Roh Suci ingkang njembaraken wawasanipun.

Ing ngriki kita sinau, bilih pakaryaning Roh Suci ngluwaraken kita saking wawasan ingkang cupet. Ewadéné nalar lan wawasan ingkang cupet ketingal saking cakriking tiyang mengku agami wekdal punika. Umpaminipun, satunggaling kelompok tartamtu ingkang ngaken atas nami Gusti Allah saged nindakaken pandamel-pandamel ingkang natoni tiyang sanès.

Kaping kalih, Roh nenuntun tiyang dados karenan ing panggalihipun Allah. Punapa tegesipun karenan ing panggalihipun Allah? Ing tembung asli (Yunani) kaginakaken aresai, ingkang tegesipun mbudidaya adamel remen panggalihipun Gusti. Tiyang ing karenan ing penggalihipun Gusti punika tiyang ingkang mbudidaya gesangipun kagem bingahing pangalihipun Gusti. Pitakenanipun, sinten ingkang badhe kita damel remen manahipun lumantar pandamel kita? Kagem sinten anggen kita makarya? Bokmenawi kita pratela, bilih kula sampun makarya kagem Gusti. Pasamuwan punika wonten karana kula. Sae. Nanging punapa leres pratela wau?

Ing ngriki kita sinau nalika Roh Suci nguwaosi, kita kaluwaraken saking nalar budi ingkang cupet lan

mbudidaya dados tiyang ingkang karenan ing panggalih-ipun Gusti. Gusti nresnani kita. Amin.

### **g. Kidung Pamuji: KPJ 287: 1, 2**

ROH SUCI ROH SEJATI

1. Roh Suci Roh Sejati, mugi rawuh ing ati  
Ngenggalna manah kula mrih ing lampah prayoga  
Setya bekti mring Gusti, wah asih mring sesami  
Wit panuntun Paduka gesang kula sembada.
2. Dhuh Roh Suci Roh Allah, anyantosakna manah  
Lamun karoban sisah, tatag tanggon tan semplah  
Manggul salibing Gusti, martosken Injil suci  
Wit panuntun Paduka, gesang kula sembada.

### **h. Pandonga Syafaat lan Panutup**

(umat samidéné andongakaken, kapungkasan déning pemimpin.)

[asp/tk]

# PERSEKUTUAN



## Bahan Pakempalan Pandonga 4

### NRESNANI LAN NYATUNGGIL

#### a. Wekdal Ening

#### b. Ngidung: KPK BMGJ 27:1-3

ASMANÉ GUSTI KULA

1. Nèng kasa ngumandhang asma sajuga  
Kang anepangaken jagad lan swarga  
datan wonten asma kados punika  
kang kwasa nyirnakken pangrèhing dosa  
napa sami dèrèng wanuh  
yéku Gusti Yésus Kristus asmané.
2. Wus pantes asmané Ian pakaryané,  
rawuhé ing donya wit gunging sihé,  
nebus tiyang dosa, sinalib séda,  
gya wungu nyawisken swarga mring kula,  
napa sami dèrèng wanuh,  
yéku Gusti Yésus Kristus asmané.
3. Sang Kristus samangké ngratoni swarga,  
ngasta pangwasané Allah Sang Rama,  
ngadili jagad ing mbénjing rawuhé,  
kula pareng ndhèrèk ing kamulyané,  
yéku Kristus Sang Pamarta,  
punika asmané panutan kula.

#### c. Donga Pambuka

**d. Ngidung:** KPJ 281:1,4 (utawi KPK Lami 166)

NÉNG WISMANÉ RAMA

Nèng wismané Rama gung panggènannya,

Nèng wismanya Sang Rama.

Ngriku Gusti nyadhang papan mring kula,

nèng wismanya Sang Rama.

Éndah wismanya pramukti, tan kénging winirasa

Ngriku para suci girang memuji, nèng wismanya sang Rama.

Wismanya Sang rama paleremané pra sukma

Nagrinya pra muktya, nèng wismanya Sang Rama.

Kang tresna mring Gusti ngriku dunungnya,

Nèng wismanya Sang Rama.

Wah kang ngugemi langgeng gesangira,

nèng wismanya Sang Rama.

Éndah wismanya pramukti, tan kénging winirasa

Ngriku para suci girang memuji, nèng wismanya sang Rama.

Wismanya Sang rama paleremané pra sukma

Nagrinya pra muktya, nèng wismanya Sang Rama.

**e. Donga Paladosan Pangandika**

**f. Pamaosing Kitab Suci:** Yohanes 14:15-26

**g. Renungan**

NRESNANI LAN NYAWIJI

Katresnan punika nyatunggilaken! Nindakaken katresnan ndadosaken patunggilan saged mawujud! Inggih punika nyatunggilipun sesambatan-sesambatan ingkang wonten ing gesang kita! Tumrap pratélan ingkang kados mekaten, kita temtu sarujuk. Tegesipun, sok sintena tiyang ingkang nresnani sesami kanthi tulus pramila ing gesangipun badhé tuwuhan patunggilan. Bab ingkang kados mekaten punika ingkang dipun wartosaken Injil Yohanes ingkang kita waos dinten punika.

Ingkang mirungga saking Injil Yohanes 14:15-26 inggih punika bilih patunggilan ingkang mawujud punika mboten

namung ing antawisipun manungsa, ananging ugi antawisipun manungsa kaliyan Gusti Allah. Nresnani Gusti ateges netepi pepakènipun Gusti. Ing ngriku badhé kelampahan wontenipun patunggilan ing antawisipun manungsa kaliyan Gusti.

Ing pérkop kasebat, bab patunggilan dipun sebat rambah kapung tiga. ***Ingkang sepisan***, ing ayat 15,17b, 19, 20. Yohanes 14:15-17 mratélakaken, “Manawa kowé padha **tresna** marang Aku, padha **netepana pepakon-Ku**. Aku bakal nyuwun marang Sang Rama, nuli kowé bakal padha diparingi Sang Juru Panglipur liyané, supaya **panjenengané nunggala karo kowé**, iya iku **Rohing Kayekten**. Jagad ora bisa nampani Panjenengané, amarga jagad ora nyumurupi lan ora wanuh karo Panjenengané, nanging kowé padha wanuh marang Panjenengané, amarga Panjenengané nunggil karo kowé lan **bakal dedalem ana ing kowé**.”

Saklajengipun ayat 19-20, “Kurang sadhela lan jagad ora bakal ndeleng Aku manèh, **nanging kowé ndeleng Aku**, awit **Aku urip, lan kowé iya bakal urip**. Ing wektu iku kowé bakal padha nyumurupi, yèn **Aku ana ing Rama-Ku lan kowé padha ana ing Aku, tuwin Aku ana ing kowé**.” Ing ayat punika ketengal cetha bilih wonten patunggilan ing antawisipun kita manungsa kaliyan Gusti. Patunggilan kasebat sanès patunggilan sacara wadhag, ananging patunggilan ing Roh. Kuncinipun namung satunggal, inggih punika bilih nresnani Gusti ateges netepi pekakènipun Gusti.

***Kaping kalih***, ayat 21 nyerat bilih: nresnani Gusti ateges „nggondhèli“ lan „netepi“ pepakènipun Gusti, pramila kita badhé dipun tresnani Sang Rama saha Gusti Yésus Kristus, lan sang Kristus badhé ngetingal dhateng kita.

***Kaping tiga***, saking ayat 23 kita manggihaken bilih nresnani Gusti punika ateges netepi pepakènipun Gusti, satemah Sang Rama nresnani kita, saklajengipun Sang Rama kaliyan Sang Kristus badhé ngrawuhi kita saha dedalem wonten ing kita. Ing ngriku kita saged nggatosaken

kados pundi sesambutan ingkang dumados punika sami tanggap-inanggapi. Tegesipun, katresnan ingkang kita tindakaken minangka wujuding kasetyan kita dhumateng pepakènipun Gusti badhé nuwuhaken tanggapan saking Sang Rama lan Sang Kristus. Panjenenganipun lajeng karsa dedalem wonten ing kita.

Tigang bab ngèngingi katresnan kasebat nedahaken bilih nalika kita purun nresnani Gusti lan netepi pepakènipun, pramila katresnan saha kekiyatatanipun Gusti badhé nyawiji sacara kasukman wonten ing dhiri kita. Patunggilan kasebat ingkang sangsaya nyagedaken kita nyatunggil kaliyan sesami sanadyan ing pasrawungan kadhangkala kita ngalami béda pamanggih utawi kabiyasan, dredah, lsp. Ananging katresnan punika nyatunggilaken! Pramila, sumangga kita nyenyuwun dhumateng Gusti supados kita kasagedaken nresnani Panjenenganipun saha nindakaken dhawuhipun supados kita saged “nyatunggil kaliyan Gusti” lan sesami kita. Mbok bilih sedaya punika karaos mboten gampil. Ananging Gusti Yésus ngandika, “nanging Sang Juru Panglipur, iya iku Sang Roh Suci, kang bakal diutus déning Sang Rama atas saka jeneng-Ku, iku kang bakal mulangaké samubarang kabeh marang kowé sarta bakal ngèlingaké kowé sabarang kang wus Dakwulangaké marang kowé.” Dados, menawi kita saèstu kepéngin sarta tansah mbudidaya nresnani Gusti saha nindakaken dhawuh/pepakèn-Ipun, kita temtu badhé dipun biyantu déning Roh Suci. Panjenenganipun badhé mucal kita bab punapa kémawon ingkang sakmesthinipun kita kedah tindakaken. Kanthi mekaten, kita badhé sangsaya dipun sagedaken, lan sangsaya dipun sagedaken nresnani Gusti saha nindakaken dhawuh pepakèn-Ipun, sanadyan sacara tata kamanungsan kita ringkih. Ingkang kados mekaten punika ingkang dipun sebat laku kasukman ingkang mesthinipun kedah kita lampahi. Amin.

#### **h. Ngidung KPK BMGJ 287:1-3**

PANYUWUN ING DINTEN PENTÉKOSTA

Dhuh Sang Roh Suci ngiyatna mrih kula mursid nyata nggih bekti mring Sang Pamarta welas asih pepadha.

*Reff.:*

Dhuh Gusti Roh Suci nggih andel-andel sanyata  
tumedhaka jroning ati nganyarken gesang kula  
Gusti mugi nganyarken gesang kula.

Mugi tansah nunggil kula mrih kula tentrem rarja  
sarta pepetenging dosa binirata sadaya

*Reff.:*

Dhuh Gusti Roh Suci nggih andel-andel sanyata  
tumedhaka jroning ati nganyarken gesang kula  
Gusti mugi nganyarken gesang kula.

Mugi ngirid lampah kula. manut pangrèh Paduka  
neksèni Injil sing swargi nggih sih rahmating Gusti

*Reff.:*

### i. Donga Syafaat lan Panutup

### j. Ngidung: KPK BMGJ 129:1,4

## **TANSAH BINGAH**

Tyas kita sèstu rahařja sinung kabegjan nyata  
déné Allah Kang Ma'kwasa nganggep putra mring kita.

*Reff.:*

Mara tansah bungah-bungah wit tinunggil lan Allah  
sarta ngambah dalaning pepadhang kang dugèng  
kasampurnan.

Yogya kita mursid yekti ajrih asih mring Gusti  
Roh Suci mbélani kita nglawan pangrèhing dosa.

*Reff.:*

[mh]



## PERSEKUTUAN



## Bahan Pakempalan Pandonga 5

### **KÉSAH INGKANG NDHATENGAKEN KABINGAHAN**

#### a. Wekdal Ening

#### b. Ngidung KPK BMGJ 14:1-4

ALLAH MAHA SUCI  
 Suci, suci, suci, pinuji Hyang suci  
 Allah Maha mulya kang jumeneng Raja.  
 Suci suci suci pinundhi Hyang Widi  
 titah sadaya bra muji samya.

Suci, suci, suci pujining pra suci  
 angumandhang sora ngebèki akasa.  
 Pra mlaékat sami sujud angabekti,  
 ngidung tan kendhat mring Kang Mengkurat.

Suci, suci, suci, Allah Mahasuci  
 gumuruhing kidung nggunggung-nggunggung Gusti.  
 Tetalesing bumi gonjing déning puji,  
 pra makluk wrata girang memuji.

Suci, suci, suci, nggih Gustining gusti,  
 anglairken srira tumedhak mring donya.  
 Nucèkken manungsa kang pitados yekti,  
 yogya pinuji langgeng slaminya.

#### c. Donga

**d. Ngidung: KPK BMGJ 21:1-3**  
**PALIMIRMANIPUN ALLAH**

Gusti kula ingkang wonten ing swarga  
pinujia Paduka ing slaminya  
sèstu agung sih palimirmanta  
haléluya, Haléluya.

Gusti rawuh manjalma anèng donya,  
awit welas nebus gunging tyang dosa,  
rinukunken lan Allah Sang Rama,  
Haléluya, Haléluya.

Gusti séda krana kula tyang dosa,  
dé wunguné panjer gesang sanyata,  
mila kula mituhu dhawuhnya,  
Haléluya, Haléluya.

**e. Pamaosing Kitab Suci: Yohanes 14:27-31**

**f. Renungan**

**KÉSAH INGKANG NDHATENGAKEN KABINGAHAN**

Mbokbilih kita naté mireng lelagon pop Indonésia ingkang kados mekaten:

*Selamat tinggal kasih sampai kita jumpa lagi  
Aku pergi tak kan lama  
Hanya sekejab saja ku akan kembali lagi  
Asalkan engkau tetap menanti...*

Leres... lelagon punika asesirah ‘Pergi Untuk Kembali’ ingkang naté dipun nyanyèkaken déning Broery Pésolima (Marantika), ingkang lajeng dipun nyanyèkaken malih déning Élo.

Intining lelagon kasebat inggih punika bab pepisahan antawisipun tiyang kalih ingkang sami sih-sinisihan. Pepisahan punika kelampahan amargi satunggaling bab ingkang kedah dipun tindakaken déning ingkang kakung.

Temtu kémawon lajeng tuwuhsaos sisah. Ananging ingkang kakung asung panglipur bilih piyambakipun badhé wangslu malih, uger ingkang èstri purun nengga piyambakipun.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, Tembung-tembung pepisahan ingkang dipun ngendikaaken Gusti Yésus dhumateng para siswanipun temtu ugi ndhatengaken raos sisah. Ananging Gusti Yésus maringi panglipuran supados para siswa mboten melang-melang, mboten sisah lan mboten giris. Sadaya punika amargi (1) Gusti Yésus nresnani Sang Rama saha nindakaken sadaya ingkang dipun dhawuhaken déning Sang Rama. (2) Gusti Yésus tindak kondur dhumateng Sang Rama ingkang langkung linuwih saking Panjenenganipun. (3) Gusti Yésus badhé rawuh malih. (4) Gusti Yésus maringi tentrem rahayu dhumateng siswa-siswa-Nipun.

Pawadan-pawadan kasebat kaangkah saged ndadosaken para siswa sami bingah amargi pawadan-pawadan kasebat mboten namung nggepok pikiranipun para siswa ananging ugi manahipun saha raganipun. Raganipun kagepok kanthi peparing tentrem rahayu, ingkang nyagedaken para siswa saged tabah ngadhepi gesang tanpa Gusti Yésus secara phisik. Peparing kasebat malah ndadosaken para siswa saged langkung nggadhahi daya kanggé ngadhepi gesang kanthi sadaya pepalangipun.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, Kita ingkang gesang tebih saking jamanipun para siswa ingkang wiwitan kasebat, kita ugi pikantuk panglipuran bilih Gusti Yésus badhé rawuh malih. Panjenenganipun badhé rawuh malih saprelu ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah. Ing titiwancini kasebat saben tiyang kedah ngaturaken tanggel jawabipun wonten ing ngarsanipun Gusti Yésus. Pramila punika kita mboten prelu giris, melang-melang lan sisah tumrap marupi-rupining tumindak awon ingkang kedadosan ing kiwa tengen kita sarta ing satengahing masyarakat bangsa kita.

Kanggé ngadhepi sedaya punika, Gusti karenan maringaken tentrem rahayu-Nipun ugi dhumateng kita. Satunggaling kekiyatana rohani / kasektèn ingkang mboten namung ndadosaken kita kwawi ngadhepi tumindak-tumindak awon saha panggodhanipun, ananging ugi nyagedaken kita tumut nyambut damel sesarengan ndadosi kawontenaning jagad ingkang kados mekaten. Anggèn kita tumut nyambut damel kasebat katindakaken kanthi bingah asukarena amargi Gusti ngantri kita, sanadyan wonten kémawon pepalang, tantangan lan panggodha ingkang wonten ing ngajeng kita.

Wujuding tumut nyambut damel sesarengan kasebat saged kita tindakaken kanthi makarya saksaé-saénipun, sinau kanthi sregep supados ngèlmu ingkang kita sinau saged migunani sacara nyata ing gesang sesarengan, nindakaken tugas nggulawenthah laré kanthi prayogi supados ing tembénipun saged sami dados laré ingkang sembada, tumut ing kegiatan-kegiatan ingkang positip-kreatip sarta asipat mbangun, mekatena ugi nindakaken paladosan ing gréja ingkang munpangatipun mboten namung kanggé gréja piyambak ananging ugi kanggé masyarakat.

Sumangga kita sami tumut nyambut damel sesarengan kanthi sukabingah sinambi ngrantos rawuhipun Gusti ingkang kapung kalih. Amargi Gusti ingkang tindak punika badhé rawuh malih saprelu methuk kita wonten ing kamulyanipun. Amin.

### **g. Ngidung KPK BMGJ 322:1-3**

**GUSTI RAWUH NGADILI**

Sang Kristus Gusti wus badhé prapta angadili gung manungsa  
 tyang duraka mindhaka durakanya dé pituwasé nraka  
 tyang mursid mindhaka mursid yekti  
 nucèkken gesang manut mring Gusti  
 yéku kang ndhèrèk Gusti mring swarga  
 nunggil ing kamulyannya.

Sang Kristus prapta ngasta ganjaran  
 pinaringna mring salir tyang

kang mung mentingken badan priyangga ingukum ing naraka  
 tyang kang tansah nresnani pepadha  
 tan mawang tyang wah tulus ing driya  
 yéku kang ndhèrèk Gusti mring swarga  
 nunggil ing kamulyannya.

Gusti rawuh ngadili salir tyang pracayanya wah amalnya  
 tyang kang mblunthah nguja nafsu donya kabesmi ing naraka  
 tyang suci ing lampah bekti Allah  
 manut Roh nyungkur badan priyangga  
 yéku kang ndhèrèk Gusti mring swarga  
 nunggil ing kamulyannya.

## **h. Donga Syafaat lan Panutup**

### **i. Ngidung: KPK BMGJ 141:1-3**

GESANG DADOS KIDUNG

Gesang kula dados kidung sumaos mring Pangéran,  
 wit sihnya saklangkung agung maringken kaslametan,  
 ing kabegjan wah sangsara tansah memuji Gusti,  
 srana kamursidan nyata krana anyar ing budi.

Lamun kabotan ing susah wah karoban ing bungah,  
 kula manteb ing pracaya ngayom ing sih rahmatnya,  
 sanadyan sengseming donya nggodha wah milut ati,  
 kula mesthi tansah setya mbangun turut mring Gusti.

Pocapan wah tingkah laku mobah mosiking kalbu,  
 dadya kidung konjuk Allah wit sih rahmatnya tumrah,  
 sayogya sengkut makarya kagem Kratoning Allah,  
 yéku sokur trusing driya konjuk mring Gusti tansah.

[mh]



# PERSEKUTUAN



## Bahan Pakempalan Pandonga 6

### TETANDHINGAN IMAN

#### a. Wekdal Ening

#### b. Litani Pambuka

P. : Ing Pakempalan Pandonga kanggé pacawisan riyaya Péntakosta, tumedhaking Sang Roh Suci samangké, sumangga kita sami ngènget-ènget Gusti Yésus ingkang sampun wungu ngawonaken pati!

U.: Haléluya!

#### c. Ngidung: KPK BMGJ 269:1-3

##### PAMARTA KULA AGESANG

Pamarta kula agesang tyas kula mila agirang  
kang sinalib gesang,  
dènnya séda krana kula wunguné dados panjernya,  
kula ndhèrèk gesang.  
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang,  
gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

Gesang Gusti kang wus séda  
lebur panguwasaning dosa salir tyang raharja  
gung sihé Gusti mring kula mila sinung gesang nyata  
kula ndhèrèk gesang,  
gesang, gesang, Pamarta kula agesang,  
gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

Gusti gesang lajeng minggah dhateng tengenipun Allah  
 jumeneng pantara  
 sihnya angayemken manah gesangnya nuwuhken bingah  
 yogya dèn pepuja,  
 gesang, gesang, Pamarta kula agesang,  
 gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

#### **d. Donga**

#### **e. Ngidung KPK BMGJ 269:4,5**

##### PAMARTA KULA AGESANG

Gusti Pamarta kang gesang  
 nimbali marek salir tyang, kinèn pracaya  
 tan wonten gesang sejati namung krana Yésus Gusti  
 kang agesang mulya,  
 gesang, gesang, Pamarta kula agesang,  
 gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

Tyas kula saèstu girang dé gadhah Pamarta gesang,  
 pangrèhé slaminya  
 mila kula darbé tékad ngundhangken Injil mring jagad  
 dimèn ndhèrèk gesang,  
 gesang, gesang, Pamarta kula agesang,  
 gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

#### **f. Pamaosing Kitab Suci: 1 Timotius 6:11-21**

#### **g. Renungan**

##### TETANDHINGAN IMAN

Mantan Kepala BNN (Badan Narkoba Nasional), Budi Waseso naté ngandika bilih kita samangké nembé ngadhepi dedagangan narkoba ing tataran internasional ingkang ngédap-édapi. Téknologi ingkang dipun pigunaaken ing dedagangan kasebat ugi langkung ngédap-édapi tinimbang ingkang dipun darbèki BNN, amargi dana ingkang winates. Punika dados tantangan tumrap pamaréntah anggènipun nanggulangi dedagangan narkoba ingkang mitunani

tumrap gesangng negari awit kathahipun tiyang ingkang pejah amargi migunaaken narkoba sacara mboten leres.

Para sadhèrèk ingkang kinasih, ing jagad punika kita mrangguli kados pundi kathahipun tumindak awon ingkang sangsaya dangu sangsaya ndadosaken giris. Tiyang-tiyang mboten mangu-mangu migunakaken téknologi super canggih kanggé nggayuh tujuwanipun. Émanipun, tiyang-tiyang saé mboten patosa migunaaken saha ngembangaken téknologi ingkang sampun wonten kanggé kasaénan. Wusananiipun, kathah tiyang saé ingkang dipun serang kanthi sanget satemah mboten kwawi ngadhepi serangan kasebat. Wonten tiyang-tiyang ingkang nyandhu narkoba. Malah wonten ugi ingkang dedagangan narkoba, tanpa ngèngeti bilih punapa ingkang dipun tindakaken kasebat saged ngrisak tiyang kathah.

Mboten namung punika kémawon. Wekdal samangké kita ugi mrangguli bilih wonten kathah serangan tumindak awon ingkang dumados wongsal-wangsul. Wonten tumindak korupsi, manipulasi, pokil, diskriminasi, tumindak-tumindak awon ing jagad internèt, panganiaya, patèn-patènan, lsp.

Kita ugi ngrumaosi bilih tantangan kasebat mboten namung dhateng saking sakjawining dhiri kita. Malah tantangan ingkang awrat inggih punika tantangan ingkang saking dhiri kita piyambak ingkang kadhangkala gampil dipun pangaruhi déning punapa ingkang dumados ing kiwa tengen kita. Kanggé ngadhepi sedaya punika kita kaatag supados sumadiya lumebet ing tetandhingan iman ingkang leres kanggé nggayuh gesang langgeng. Inggih punika gesang wonten ing sesambutan ingkang leres kaliyan Gusti, ingkang ngewohaken kasaénan kanggé sadaya, kalebet kanggé dhiri kita piyambak. Greget ingkang kados mekaten kasorakaken déning Rasul Paulus ingkang kepéngin ningali Timotius Sang Abdining Allah ingkang taksih aném punika nggadhahi greget kanggé ngadhepi sadaya tantangan lan panggodha.

Timotius dipun bereg supados mboten éla-èlu saha nebihi punapa kémawon ingkang dipun tindakaken tiyang-tiyang ing kiwa tengenipun ingkang cetha-cetha nerak pepakènipun Gusti. Inggih punika paguneman ingkang tanpa isi, bebantahan-bebantahan, gesang ingkang dipun budhak déning arta. Timotius dipun bereg supados tansah mbujeng kaadilan, pangibadah, kasetyan, katresnan, kasabaran saha pangendhalining dhiri. Sadaya punika kedah dipun tindakaken amargi ing tembé, ing titi wancinipun, sadaya kedah ngaturaken tanggel jawabipun dhumateng Sang Nata Agung ingkang nguwaosi jagad lan swarga.

Kejawi punika, minangka abdinipun Gusti, Timotius ugi kabereg supado wantun ngèngetaken tiyang-tiyang sugih supados tiyang-tiyang kasebat mboten gumunggung ngendelaken kasughanipun. Timotius kabereg supados kwawi ngajak tiyang-tiyang kasebat sami purun tumindak saé, dados sugih ing bab kasaénan, dhangan wèwèh lan mandumi.

Sacara kamanungsan, sadaya punika kados-kados mboten gampil dipun tindakaken, punapa malih Timotius ingkang taksih enèm sanget nalika semanten. Ananging ingkang kados makaten punika pancèn ingkang dados tetandhingan imanipun satunggaliling abdinipun Allah! Tetandhingan ingkang kedah dipun adhepi kanthi kebaking kapitadosan.

Kita sadaya (anèm punapadéné sepuh) punika abdinipun Allah miturut kawontenan, status punapadéné kalenggahan kita piyambak-piyambak. Tegesipun, Gusti nitahaken kita kanthi ancas tujuwan ingkang saé, inggih punika minangka mandhatarisipun Allah, ingkang kadhwuhan nindakaken punapa ingkang dipun kersakaken Gusti ing gesang kita sesarengan kaliyan sanèsipun. Wonten ingkang dados tiyangsepuh, mbakyu/kangmas, adhi, pegawé, guru, karyawan, anggota majelis gréja, lsp.

Kita sadaya punika abdinipun Allah. Kita dipun timbali ngabdékaken gesang kita kagem Allah ingkang paring

gesang. Kita ugi dipun atag supados tetep nglampahi tetandhingan iman ingkang leres, saha tansah mbudidaya nggayuh gesang langgeng. Inggih gesang ing selabeting sesambutan ingkang leres kaliyan Gusti lan sesami. Ingkang mesthinipun kedah kita tindakaken inggih punika pasrah sumarah dhumateng Gusti. Amargi mboten karana kekiyatan kita kita saged menang. Namung awit kekiyatan saking Gusti, kita saged menang! Amin.

### **h. Ngidung KPK BMGJ 163: 1-3**

PITOBAT

Biyèn nglirwakaké sabdaning Gusti  
mung karepé dhéwé kang dituruti  
samangkya mratobat nampi sih rahmat  
migatosken tansah karsaning Allah

*Reff:*

mring Yésus Pamarta pasrah jiwa raga  
sinung gesang yekti unggul sing pati.

Biyèn nggunggung dhiri mburu kadonyan,  
tan nggapé mring Gusti nytingkur kaswargan,  
mangkya anoraga ngendelken Gusti,  
mempeng nggayuh swarga mbabar sih yekti,

*Reff:*

Biyèn urip mblunthah mursal ing lampah,  
nguja hawa raga manut ing dosa,  
mangkya mesu budi ing lampah suci,  
martosken Injilnya maring pepadha,

*Reff:*

### **i. Donga Syafaat lan Panutup**

### **j. Ngidung KPK BMGJ 13:1-5**

AKU DUWÉ PAMARTA

Aku duwé Pamarta Yésus Kristus asmanya  
kang wus ngurbankeun sarira ngruwat aku sing dosa,

*Reff.:*  
duwèkku duwèkku Gusti Yésus Pamartaku  
dak puji trusing kalbu.

Aku duwé Pamarta satuhu ing kasetyan,  
yèn aku nyangga panandhang pinaringan karosan,  
*Reff.:*

Aku duwé Pamarta putrèng Allah pribadya,  
yèn aku karoban susah tinunggil mrih tan lesah,  
*Reff.:*

Aku duwé Pamarta salaminya pangrèhé,  
lamun pepeteng nglimputi Gustiku kang ngluwari,  
*Reff.:*

Aku duwé Pamarta sih rahmaté tan kendhat,  
yèn aku tumibèng dosa dèn tuntun mring pitobat,  
*Reff.:*

[mh]

# PERSEKUTUAN



## Bahan Pakempalan Pandonga 7

---

### **RAOS AJRIH INGKANG MBLENGGU**

---

#### a. Wekdal Ening

#### b. Kidung KPK BMGJ 178:1-3

GUSTI PEPADHANGING JAGAD

- 1) Gusti pepadhanging jagad  
gung lubèring sih rahmat  
asih mring salir manungsa  
samyu dèn wilujengna  
tinuntun mring margi padhang  
manunggil lan Pangéran  
gesang mursid yekti tansah  
mbangun turut mring Allah.
- 2) Gusti pepadhang sejati  
nggih kang nganyarken budi  
nglipur tyang susah ing manah  
ngiyatken tyang kang semplah  
nyantosakken ing pracaya  
mrih unggul nglawan dosa  
mring Allah tansah ngabekti  
wah nresnani sesami.
- 3) Gusti pepadhang sing swarga  
sung gesang langgeng nyata  
salir tyang ngayom ing sihnya  
sinung ayem ing driya  
tunuwukan srana berkah

kasampurnan dèn arah  
tinuntun ing sabda suci  
tansah ngener ing swarga.

### c. Pandonga

### d. Ngrepekaken Kidung KPK BMGJ 289:1-3

NYUWUN PANUNTUNGING ROH SUCI

- 1) Dhuh Gusti Sang Roh Suci mugi rawuh ing ati,  
nganyarna manah kula mrih img lampah prayogi,  
setya bekti mring Gusti, wah asih mring sesami,  
wit panuntun Paduka kula gesang sembada.
- 2) Dhuh Roh Suci Roh Allah, nggih nyantosakna manah,  
lamun karoban susah, tatag, tanggon tan semplah,  
manggul salib wit Gusti martosken Injil suci  
wit panuntun Paduka, kula gesang sembada.
- 3) Dhuh Roh Suci, Roh Kristus,  
nuwuhna manah tulus, andum berkah kabegjan.  
tan mawang mring salir tyang,  
temah trem raharja, sumrambah mring pepadha,  
wit panuntun Paduka, kula gesang sembada.

### e. Pamaosing Kitab Suci Yohanes 20:19-23

### f. Renungan

### RAOS AJRIH INGKANG MBLENGGU

Satunggaling stasiun televisi naté nggiyaraken acara ingkang nama *Fear Factor*. Punika satunggaling acara ingkang isinipun *uji nyali* tumrap ingkang sami tumut acara punika. Acara *Fear Factor* mbereg tiyang-tiyang ingkang tumut acara punika ngadhepi raos ajrih ingkang paling ageng. Raos ajrih paling ageng punika saged arupi raos ajrih tumrap inggililing pangènan, ajrih dhateng satunggaling jinis kéwan (sawer, kalajengking, tarantula, lss.), punapa-déné raos jijik tumrap tetedhan ingkang

mboten limrah. Menawi tiyang-tiyang punika mboten saged ngadhepi lan ngawonaken raos ajrihipun, lajeng kèndel anggènipun tumut main.

Saking dolanan punika kita sinau bilih saben tiyang nggadhahi raos ajrih. Raos ajrih ing satunggaling bab tansah badhé dados wewayangan saben-saben kita jumangkah, malah asring dados pepalang. Raos ajrih ndadosaken tiyang mboten wani lan mboten purun tumindak. Upaminipun raos ajrih dhateng peteng. Tiyang ingkang ajrih dhateng peteng ing wanci dalu mboten wani medal. Senadyan wonten padamelan ingkang kedah katindakaken, awit sampun wiwit peteng, aluwung milih ing grijya. Raos ajrih ingkang kiyat sanget, damel tiyang milih kèndel kémawon, milih “ndhelik” Raos ajrih punika mblenggu, gesangipun kinunjara déning raos ajrihipun.

Para muridupun Gusti Yésus kablenggu déning raos ajrihipun. Raos ajrih ingkang ageng, awit ngadhepi kanyatan ingkang bédha kaliyan pangangen-angen lan pangajeng-ajengipun. Para murid nggadhahi pangangen-angen bab Mesias ingkang badhé ngluwari para murid, lan badhé mulihaken krajan bangsa Yahudi. Nanging, nyatanipun Gusti Yésus malah kacepeng, dipun tutuh tiyang duraka lan sinalib. Kedadosan punika damel para murid sami ajrih ngadhepi kanyatan. Para murid ugi sami ajrih menawi kedah pinanggih tiyang-tiyang ingkang sengit dhumateng Gusti Yésus, ajrih menawi mangké tumut kacepeng lan kaukum. Para murid milaur nutup lan ngurung dhiri ndhelik (ay. 19).

Senadyan para murid sampun mireng pawartos ingkang damel gègèr ing bab wungunipun Gusti Yésus saking anggènipun séda, pranyata pawartos bingah punika mboten kuwawi nguwalaken para murid saking blengguning raos ajrih. Para murid nganggep bilih kanthi anggènipun ndhelik, badhé ngraosaken aman lan sekéca. Para murid mboten purun ngadhepi lan ngawonaken raos ajrih saking dhirinipun. Para muris mboten purun medal saking raos ajrihipun. Malah Gusti Yésus ingkang sampun

wungu lan manggihi para murid wiwitanipun dipun anggep memedi. Kita saged nggamaraken punapa ingkang kedadosan menawi pra murid tansah kablenggu déning raos ajrih. Ingkang cetha pawartos bab wungunipung Sang Kristus temtu mboten badhé sumebar. Pawartos ing bab sihipun Allah ingkang nyata wonten ing pangurbananipun Gusti Yésus Kristus mboten badhé kepireng lan dipun raosaken tiyang kathah. Malah saged ugi sirna déning raos ajrihipun para murid.

Ananging panguwaosipun Roh Suci ngewahi para murid. Nalika Gusti Yésus ngetingal dhateng para murid, Panjenenganipun ndamoni para murid srana Roh Suci, maringi kuwaos dhateng para murid. Kuwaos ingkang utami inggih punika kanggé ngawonaken raos ajrih, supados para murid saged nindakaken tugas pangutusan ingkang kaparingaken (ay. 21). Kita ugi asring apatrap kados para murid nalika semanten, ajrih ngadhepi kanyatan. Minangka gezelitanipun Gusti Yésus, kita asring ngadhepi kanyatan ingkang béda kaliyan pangajeng-ajeng saha pangangen-angen kita. Pikajengipun kepéngin nawékaken sihipun Allah lantaran andum berkah dhateng sesami, ananging asring nampi tanggapan ingkang ndadosaken kita mengkered. Kegiyatan andum berkah minangka salah satunggaling ujuding martosaken katresnan malah dipun dhémo lan dipun bibaraken. Malah wonten tiyang ingkang mboten tanggel jawab ingkang nempuh lan natoni tiyang-tiyang ingkang nembé ngibadah. Pengalaman mekaten punika mesthi damel raos ajrih, giris, lan jinja/*trauma*.

Tumrap sapérangan kita saged ugi wonten ingkang milih këndel kémawon, nutup dhiri lan ndhelik, mboten purun malih magepokan kaliyan tiyang sanès ingkang béda, punapa malih kaliyan ingkang sami mboten remen. Malah saged ugi wonten ing antawis kita ingkang dumugi sapriki tansah ndhelik kados para murid nalika semanten. Mboten naté wonten kakendelan mbikak pintu, lajeng medal manggihi tiyang kathah kanggé martosaken sihipun Sang Kristus. Kedadosan-kedadosan ing ngajeng kados-

kados dados pawadan kanggané ndhelik ing sawingkinging raos ajrih. Punapa kita badhé tansah ndhelik? Punapa panampiking lan sengiting tiyang sanès badhé kita dadosaken pawadan nutup dhiri lan ngurungaken niat ing salebetung martosaken sihing Allah?

Kedahipun mboten! Gusti Yésus sampun nélakaken sihipun dhateng manungsa. Kita ingkang sampun ngraosaken sihipun Sang Kristus, samangké kautus martosaken dhateng sesami. Kados-déné para murid ingkang kakiyataken lan katangèkaken kakendelanipun déning Roh Suci, mekaten ugi kita sapunika. Roh Suci inggih punika Rohing kayektèn lan Rohing panglipur badhé tansah ngiring kita ing salebetung martosaken sihing Allah. Amin.

### **g. Kidung KPK BMGJ 284:1-2**

**ROH SUCI, ROHING KAYEKTÈN**

- 1) Dhuh Roh Suci Roh kayektèn maringana kasektèn mrih tyang pracaya neksèni Injil suci sing swargi sarana tumindak nyata tresna kang trus ing driya temah sagung pepadha sinungan tentrem raharja tan wonten kasangsaran mung kabegjan sinandhang.
- 2) Dhuh Roh Suci Rohing Allah mugi nganyarna manah sarta ngiyatna pracaya mrih kula tansah setya mbabarken Kratoning Allah adil bener sumrambah tan semplah ing kangèlan datan ajrih mring pepalang pasrah mring Sang Pamarta ngandelken pitulungnya.

### **g. Pandonga Safaat lan Panutup**

[edp/wds]



# PERSEKUTUAN



## Bahan Pakempalan Pandonga 8

---

### **MANUNGSA CILAKA INGKANG KAUTUS**

---

**a. Wekdal Ening**

**b. Kidung KPK BMGJ 30:1-3**  
PUJINEN HYANG MAKWASA

- 1) Hé pra titah sadarum samya ngrepèkna kidung konjuk Hyang Makwasa kang gung ing sih susetya Haléluya, Haléluya.
- 2) Pujinen Hyang murbèng rat Gusti kang gung sih rahmat ngreksa lan ngayomi ngrumati mrih lestari. Haléluya, Haléluya.
- 3) Allah kang Mawilasa wus nylametken manungsa slaminya pinuja wah tansah pinundhia, Haléluya, Haléluya.

**c. Pandonga**

**d. Kidung KPK BMGJ 295:1-3**  
SANG ROH SUCI

1. Sang Roh Suci dedalem ing ati nucèken mring gesang anyar yekti mung tansah olah katresnan wah gesang ing kabingahan Sang Roh Suci dedalem ing ati

2. Sang Roh Suci dedalem ing driya  
temahan gesang tentrem raharja  
sabar sarèh paramarta kautaman dèn tegenna  
Sang Roh Suci dedalem ing driya
3. Sang Roh Suci dedalem ing manah  
temah tyang pracaya setya tansah  
andhap asor alus budi saged ngemudhèni dhiri  
Sang Roh Suci dedalem ing ati

**e. Pamaosing Kitab Suci: Yésaya 6:1-8**

**f. Renungan**

**MANUNGSA CILAKA INGKANG KAUTUS**

Pdt. Eka Darmaputra naté migunaaken tigan lan plendhungan kanggé nggambarkeren kasunyatan masamuwan wekdal samangké. Plendhungan lan tigan, sami ringkihipun. Tigan, kantrog sekedhik kémawon gampil pecah. Balon, sami kémawon, gampil pecah déning barang alit lan landhep. Ing karingkihanipun ingkang sami, kita mangertos pranyata isi plendhungan lan tigan béda sanget. Tigan alit nanging wonten isinipun. Isinipun barang èncèr ingkang radi kenthal. Plendhungan ageng, nanging isinipun namung angin. Kejawi punika, nalika kénging bentèr, plendhungan pecah. Déné tigan dipun ghodhog sangsaya atos.

Kados punapa pasamuwan idhéal kita, kados plendhungan utawa tigan? Plendhungan: ageng, nengsemaken, kebak manéka warni. Punapa kados tigan, alit nanging mentes? Menawi kita sampun milih pasamuwan idhéal kita, mangga kita titi priksa kados punapa pasamuwan kita. Kados tigan utawi kados plendhgungan ageng? Temtu kita ijèn-ijèn saged wangslan. Kados punapaa anggèn kita mbiji, dinten punika mangga kita nggegilut kados pundi kita saged dados pasamuwan ingkang gampil pecah nanging mentes.

Ing ngriki kita sinau saking Yésaya. Yésaya ngalami dipun timbali kanthi cara ingkang mboten limrah. Yésaya ngucap “aku wus ndeleng Sang Yehuwah”. Tradhis i mapanaken manungsa ingkang mboten kuwawi ningali Allah. Awit saking punika Yésaya ngalami raos geter ingkang tanpa upami. Awit saking punika Yésaya ngucap: “Bilai aku! Aku tiwas! Amarga aku iki wong kang alambé najis....(ay. 5). Kados-kados mboten namung Yésaya ingkang kedah ngucap kados mekaten, kita ugi sanès tiyang ingkang pantes. Yésaya najis lambénipun, tegesipun mboten pantes gineman, ananging malah inggih wonten ing karingkihan-ipun, piyambakipun kaagem déning Gusti. Ing salebeting karingkihanipun, Allah ngagem Yésaya makarya kagem Panjenenganipun.

Kasadharan ingkang kados mekaten mbereg kita nyelak dhumateng Gusti, nyuwun kekiyataniipun Gusti. Awit kita pancèn meprel/getas. Kawontenan kita ingkang meprel/getas punika malah kaagem déning Gusti kanggé nyantosakaken kita. Kados tigan inkang awit dipun godhog dados padhet lan kiyat, mekaten ugi kita. Kawontenan kita ingkang meprel/getas sangsaya kakiyataken déning sawarnining panandhang lan kangèlan. Eman, kita asring dados plendhungan, ketingal éndah nanging lajeng meprel/getas, mboten purun kakiyataken déning Gusti.

Wonten cariyos bab satunggaling pasamuwan ingkang suwau alit, ingkang ngawontenaken réuni. Satunggaling tilas warga ingkang ndhatengi pahargyan punika sampun dados jutawan. Nalika piyambakipun paring paseksi kados pundi Gusti Allah paring berkah mataun-taun, piyambakipun nggathukaken bab punika kaliyan kedadosan nalikanipun taksih alit. Piyambakipun cariyos bilih nalika taksih alit, nalikanipun nampi pamedal wiwitan, piyambakipun mutusi nyimpen pamedal punika ngantos akhiring gesangipun. Nanging satunggaling misionaris tamu lajeng khotbah bab kabetahan ingkang mboten saged dipun sumenékaken ing keboning misi. Piyambakipun perang batos (*bergumul*) masrahaken arta punika. “Nanging Gusti unggul” pangucapipun. Lajeng kanthi

mongkog piyambakipun mewahi, “Aku nglebokaké dhuwit mau kabèh ing kanthong pisungsung. Lan aku yakin, Gusti Allah mberkahi aku banget amarga nalika aku isih cilik, aku ngaturaké apa kang aku darbèki marang Panjeneangané.” Pasamuwan trenyuh. Ananing, pasamuwan kagèt nalika wonten wanita sepuh ingkang alit dedegipun ingkang lenggah ing ngajeng ngucap, “Penjenengan kula tantang nindakaken malih!” Jutawan punika ndhungkluk lan kèndel.

Iba asring semangat makarya kita kados plendhungan. Namung éndah saking njawi, nanging nglebetipun kothong. Tigan meprel/getas nanging sangsaya kiyat nalikanipun sumadya kaagem déning Gusti. Gusti nresnani kita. Amin.

#### **g. Kidung KPK BMGJ 78:1-2**

TINIMBALAN DÉNING GUSTI    do = C 4 ketuk

1. Dhuh Allah Makwasa, Gusti nimbali kula dados rowang mitra wah utusan Paduka ngundhangken sih rahmat mring sagunging umat mrih Kratoning Allah sadonya sumrambah.
2. Mugi Sang Roh Suci nggih tansah mitulungi mrih kula sembada leladi kanthi setya lan tékading mnah datan naté semplah telaros, taberi wah ing pamrih sepi.

#### **h. Pandonga Safaat lan Panutup**

[edp/wds]

# PERSEKUTUAN



## Bahan Pakempalan Pandonga 9

### **BASANING MANUNGSA**

#### a. Wekdal Ening

#### b. Kidung KPK BMGJ 26:1-3 PUJI PANUWUN

- 1) Sumangga pra kanca marek ngarsaning Gusti,  
anggunggung asmanya wit sihé kang sejati,  
dé krana Kang Putra kita tansah begja  
siyang dalah ratri Gusti kang ngrimati.
- 2) Yehuwah Makwasa kang paring kabingahan,  
lan tentrem raharja dugèng jaman klanggengan,  
krana Yésus Kristus maringken Roh Suci,  
kita dados panggah mituhu mring Allah.
- 3) Sagunging pamuji konjuk ngarsaning Gusti,  
kawula anggunggung kanthi sruning pangidung.  
Allah ingkang murba pra titah sedaya,  
mung Allah pribadya langgeng salaminya.

#### c. Pandonga

#### d. Kidung KPK BMGJ 192:1-4 UNDHANGNA SABDÉNG ALLAH

- 1) Panuntun lampah utama yéku sabdaning Allah  
wulangna mring brayatira tan kendhat saben wayah  
*Reff.:*

bra undhangna sabdèng Allah paseksi sih-rahmatnya mrih samya manggih rahaṛja sinungan gesang nyata.

- 2) Pra laré tansah pinerdi mirengken sabdèng Gusti sarta tinuntun nindakna srana tuladha nyata  
*Reff.:*
- 3) Brayat saiye ngabekti ndedonga lan memuji nggegilut sabdèng sing swarga dhsaring gesangira  
*Reff.:*
- 4) Brayat nyawiji ing ati karem mring sabdèng suci samya silih mbiyantoni ing gesang mursid yekti  
*Reff.:*

#### e. Pamaosing Kitab Suci 1 Korintus 14:6-15

#### f. Renungan

### BASANING MANUNGSAN

Kanthy adhedhasar kedadosan Pentakosta, kathah tiyang ingkang gadhah pemahaman bilih ciri kuwaosing Roh Suci punika basa roh. Punika ateges bilih tiyang ingkang mboten saged basa roh, dèrèng nampi kuwaosing Roh Suci. Basa Roh (*glosolalia*) ing praktèk asring dipun mangertosi awujud pitembungan ingkang mboten cetha lan anèh (*criptolalia*). Pramila basa Roh kedah dipun pertal.

Kamangka menawi kita gatosaken kanthy langkung saé malih, basa ingkang dipun ginakaken déning para murid ingkang dipun kuwaosi déning Roh Suci punika basaning manungsa (basa Partia, Media, Elam, Mésopotamia, Yudéa, Kapadhokia, Postus, Asia, Frigia, Pamfilia, Mesir, Libia, Roma, Yahudi, Kréta, lan Arab – P. Rasul 2:9-11). Pancèn nggumunaken, déné para murid saged ngucapaken basa manca (*xenolalia*). Nanging cetha sanget, basa punika basaning manungsa. Para murid migunakaken basaning manungsa kanggé nyariyosaken sihing Allah ingkang ngedab-édabi. Srana mekaten, basa roh ingkang utami migunani kanggé komunikasi. Pramila ing ayat 9

rasul Paulus ngendika: “Mangkono uga kowé, kang pada celathu nganggo basa-roh: menawa kowé ora migunakaké tembung-tembung kang cetha, kepriyé bisaané wong padha mangerti kang kok-ucapaké? Dadiné celathumu tanpa guna kaya nylathoni angin!

Tumrap rasul Paulus, pigunanipun basa damel tiyang sanès mangertos. Dados, basa mujudaken bab ingkng penting ing gesang punika. Ènget cariyos Babel, Allah damel wor suhing basa temah dados pating slebar. Wontenipun komunikasi ingkang mboten saé ndadosaken konflik. Bab punika mboten ateges rasul Paulus nampik wontenipun *kriptolalia*. Tumrap rasul Paulus, basa roh migunani kanggé mbangun dhiri pribdi. Déné kanggé mbangun komunikasi kabetahaken *xenolalia*.

Kénging punapa *xenolalia*? Saben tiyang tuwuhan wonten ing “basa” ingkang bédabédah. Gesang sesareangan asring mboten mangertosi “basa” ingkang mligi punika. Pramila, asring kedadosan mis-komunikasi/gagal komunikasi ing antawisipun warganeting komunitas. Mis-komunikasi/gagal komunikasi asring nuwuhaken crah/konflik lan perpecahan.

Kuwaosing Roh Suci manunggalaken manékawarnining “basa” srana kuwaos lan kasagedan migunakaken basa manca (*xenolalia*). Kuwaosing Roh Suci dados jembatan/kretek temah ingkang kapisah setunggal lan setunggalipun karana basa, saged sami mangertos lan memahami. Srana mekaten, kuwaosing Roh Suci kedadosan nalika manungsa sami-déné mengertosi/memahami.

Temtu kita saged nglajengaken kanthi pitakènan: punapa tiyang Kristen kénging gadhah peparing basa roh? Temtu kémawon kénging. Nanging, ènget kasagedan punika ing Kitab Suci kasebut peparing. Peparing punika punapa? Peparing punika ganjaran. Dados, gumantung Gusti Allah, punapa kita kaparingan ganjaran ingkang mligi punapa mboten.

Punapa kita pikantuk ngudi peparing punika? Mboten. Ingkang pareng inggih punika nyenyuwun dhumateng Gusti, ingkang maringi ganjaran/peparing punika. Namung setunggal bab ingkang prelu kita èngget, basa roh sanès peparing ingkang utami. Peparing ingkang utami punika punapa? Katresnan! Awit kita nggadhahi katresnan, kita kepéngin ngawontenaken sesambutan ing antawis kita lumampah kanthi saé. Gusti nresnani kita sedaya. Amin.

**g. Kidung KPK BMGJ 165:1-5**  
JATINING KATRESNAN

- 1) Lamun kula anglampahi tindak luhur mulya  
nging yèn tanpa tresna yekti muspra tanpa gina  
*Reff.:*  
Kula winulanga tansah lampah tresna  
lelabet sesami nulad tindaking Gusti  
kula winulanga tresna trusing ati  
nggih nuladha tindaking Gusti.
- 2) Lamun kula angucapna gung basa ing donya  
nging yèn sepi ing katresna lir gong bendhé ngangkang  
*Reff.:*
- 3) Lamun kula andanakna bandha dalah nyawa  
nging mung krana tuhu tresna pituwasé nyata  
*Reff.:*
- 4) Tresna iku sepi pamrih wah lubèr ing budi  
Tan gumunggung lrmbah manah tansan andum  
berkah  
*Reff.:*
- 5) Tresna iki sabar drana tulus angapura  
tepa slira wah jatmika myang lampah utami  
*Reff.:*

**g. Pandonga Safaat lan Panutup**

[edp/wds]

# PERSEKUTUAN



## Bahan Pakempalan Pandonga 10

### **ROH SUCI KADYA TOYA**

**a. Wekdal Ening**

**b. Kidung KPK BMGJ 285:1-4**

PANYUWUN MRING SANG ROH SUCI

1. Ing dinten gung Pentékosta kula sung pepuja wit Sang Roh wus nuntun gréja mrih lestantunira  
*Rèff.:*  
Dhuh Roh Suci maringana kasektèn mring kula mrih martosna Injil suci wradin mring sesami.
2. Dayaning Roh gesang suci katindakna yekti pasamuwan nunggil tindak rukun wah sumanak  
*Rèff.:*
3. Rèhing Sang Roh gesang anyar wuwuha binabar mrih sadaya pasamuwan nyawiji sabadan.  
*Rèfr.:*
4. Gesang ing Roh yéku tresna kawujudna nyata mrih sèstu tentrem raharja sumrambah ing donga  
*Rèff. :*

**c. Pandonga**

**d. Kidung KPK BMGJ 297:1-3**

WIT SANGROH SUCI

1. Wit Sang Roh Suci kula kasagedna martosken Injil adi Kraton swarga

wit Sang Roh Suci kula sinung daya  
neksèni Yésus Gusti Sang Pamarta

2. Wit Sang Roh Suci kula wicaksana  
wijang njlétrèhken sabda karsèng Allah  
wit Sang Roh Suci kawula sembada  
mbabarken gesang yekti mursid tansah.
3. Wit Sang Roh Suci kula tatag tansah  
ing sangsara bilai datan semplah  
wit Sang Roh Suci kula tan suwala  
jroning kinaniaya tetep setya.

**e. Pamaosing Kitab Suci: Yohanes 7:37-39**

**f. Renungan**

**ROH SUCI KADYA TOYA**

Lantaran waosan dinten punika, kita nyinaoni simbol Roh Suci sanèsipun. Ing ayat 38 kasebutaken: “Sing sapa pracaya marang Aku iku kaya wiraosé kitab: Ilèn-ilèn banyu urip bakal padha mili ing batiné!” Lajeng ing ayat 39 dipun terangaken maksudipun, “Pangandikané mengkono mau kang dikarsakaké yaiku Roh kang bakal ditampa déning wong-wong kang padha pracaya marang Panjenengané.

Saking ngriki kita ningali Roh Suci kagambaraken saupami toya. Toya punika gambaran ingkang mboten limrah. Awit limrahipun Roh Suci kagambaraken srana lalu lan angin. Kanthi simbol toya punika, wonten sawetawis bab ingkang kita sinaoni gegayutan kaliyan makna/tegesipun toya.

Kapisan, toya punika pangandikanipun Gusti Yésus ingkang kagandhèngaken kaliyan ngelak. Gusti Yésus ngendika: “Sing sapa ngelak, iku maranana Alu lan ngombéa! (ay. 37b). Pangandika punika wigatos kagandhèngaken kaliyan kawonten nalika Gusti Yésus

nélakaken pitembungan punika. Katrangan ing ayat 37a nélakaken kawontenanipun, inggih punika: “ing dinten wekasan, inggih punika ing pucaking (gedhé-gedhéning) riyaya punika....” Cetha dipun sebutaken “pucaking (gedhé-gedhéning) riyaya” ing ngrika.

Riyaya punapa? Riyaya punika sinebut riyaya tarub (Yok. 7:2). Ing basa Ibrani sinebut *khag hasukkot*. Punika salah satunggalings riyaya Yahudi ingkang paling ageng. Wekdal riyaya katetepaken sasampunipun panèn ageng rampung. Riyaya punika kaadanan wolung dinten dangunipun. Tumrap tiyang Yahudi riyaya ateges tetedhan lan ombèn-ombèn ingkang kelangkung-langkung/lubèr.

Ingkang wigatos inggih anggènipun Gusti Yésus ngendika: “Sing sapa ngelak.... Kénging punapa Gusti Yésus ngendikakaken bab ingkang ketingalipun lelawanan? Wangsulanipun kita tingali ing ayat 11, 12, 25, lan 30a. Lantaran ayat-ayat punika ketingal anggènipun Gusti Yésus mbiji, ingkang kedadosan punika pahargyan tanpa kabingahan! Raganipun pista, nanging ingkang katindakaken tapa manah/raos.

Ing gesang sesarengan minangka komunitas/patunggilan, kita asring ngraosaken kados pundi manungsa gesang tanpa manah/raos. Gesang tanpa manah/raos, ngasilaken tiyang-tiyang ingkang mboten preduli dhateng tiyang sanès. Tiyang-tiyang égois ingkang namung meningakken dhiri pribadi. Bab punika ingkang njalari Gusti Yésus ngendika, “Sing sapa ngelak”. Gesang kados mekaten, gesang tanpa manah/raos, mboten namung wonten ing papan ingkang tebih sanget, nanging ugi karaosaken ing gesangging patunggilan kita.

Kaping kalih, toya ingkang èncèr ngisi wadhah ingkang kothong. Kados punapaa ujuding wadhah punika, toya badhé ngetutaken ujuding wadhah wau. Ing ngriki kita manggihaken satunggalings makna bab pakaryaning Roh Suci. Roh Suci makarya cundhuk kaliyan ujuding wadhah ingkang dipun isi. Punika sebabipun serat 1 Korinta 12 nyariyosalen manéka warni peparinging Roh. Saking

seratan punika kita sinau bilih caranipun Roh Suci makarya mboten sami, mboten kénging sami, mboten kedah sami! Klèntu tiyang ingkang nganggep pakaryaning Roh Suci punika sami.

Kaping tiga, toya ing ngriki mboten ateges toya ingkang anteng, nanging toya ingkang dhinamis, ingkang tansah ébah. Tembung Yunaninipun *hudatos*, ingkang ateges toya ingkang mili ng sawijining lèpèn. Wonten dhinamika, wonten karya, wonten gerak, wonten éwah-éwahan. Cirining pakaryanipun Roh Suci ing gesangipun manungsa kadya toya. Wonten dhinamika, wonten gerak, wonten pepénginan kanggé ngéwahi dhiri, temah dados sampurna sami kaliyan Sang Rama ing swarga. Nalikanipun mahargya pakaryaning Sang Roh Suci, sawernining pitakènan prelu kita eneraken dhateng dhiri pribadi: Punapa kita marem kaliyan wontenipun patunggilan kita? Punapa taksih prelu bebenah awit wontenipun bab-bab ingkang karaos dèrèng saé? Menawi kita ngucap taksih, puji Gusti, Roh Suci makarya ing dhiri kita. Lajeng? Inggih punapa malih, menawi prelu sengkut makarya ngéwahi dhiri temah patunggilan kita dados sangsaya saé. Gusti nresnani kita. Amin.

#### **g. Kidung KPK BMGJ 314:1-34 PASAMUWAN KANG NYAWIJI**

1. Pasamuwan kang nyawiji netepi sabdaning Gusti,  
dadya paseksi sanyata Yésus yéku Sang Pamarta,  
sih rahmating Allah tumrah  
mring gung manungsa sumrambah,  
saliring tyang kang pracaya, basuki gesangira.
2. Pindha badan mung sajuga nging kathah péanganira,  
pasamuwan kang manunggal  
mbabarken gesang kang énggal,  
sami déné mbiyantoni wit sih-sinisihan yekti,  
tunggal ati tunggal Gusti nengsemken mring sesami.
3. Peparing kang béda-béda dadya pisungsung kang adya,

mrih kamulyanimg Pangéran  
wah majenging pasamuwan,  
sinangkul kang karépotan nglawan godha karupekan,  
mrih tuwuhing kamursidan  
nggayuh mring kasampurnan.

4. Pasamuwan kang nyawiji neksèni Injiling Gusti  
nglantarken sihing Pangéran  
datan mawang mring salir tyang  
mbélani tyang kang sangsara  
nadyan bètnen ing pracaya,  
krana ajining manungsa citrèng Allah Makwasa.

#### **h. Pandonga Safaat lan Panutup**

[edp/wds]

